



PÉNTAKOSTA
2 0 2 2
**ROH SUCI
MULIHAKEN
GRÉJA**

Mangsa Pénitensi 2022

Téma:

“Roh Suci Mulihaken Gréja”

Kaimpun déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia
Jawa Tengah

Telepon: 0274 514721

Website: lpps.or.id

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)
saben buku Rp.

ATUR SAPALA

Puji sokur kita aturaken konjuk dhumateng Gusti Yésus Kristus Ratuning Pasamuwan ingkang sampun nuntun lan mberkahi LPP Sinode satemah saged nyawisaken buku Mangsa Péntakosta punika sanadyan kita taksih wonten ing mangsa Pandhemi Covid-19. Atur panuwun ugi pantes kaaturaken dhumateng kanca-kanca tunggil paladosan ingkang sampun nyambut damel sesarengan ndamel buku punika, inggih punika:

1. Pdt. Paulus Kristian Mulyono (DPG GKI SW Jateng, GKI Pasteur Bandung)
2. Pdt. Neny Suprihartati (Bidang PWG Bapelsin GKJ, GKJ Rawamangun Jakarta)
3. Pdt. Yosafat Ari Wibowo (GKJ Cilacap)
4. Pdt. Didik Christian Adi Cahyono (GKJ Gandaria Jakarta)
5. Pdt. Mira Novita Thios (GKI Beringin Semarang)
6. Sdr. Rellin Ayudya (GKI Gejayan Yogyakarta)
7. Bp. Lukas Widiyantoro (GKI Gejayan Yogyakarta)
8. Bp. Hizkia Fredo Valerian (Yakkum, GKJ Sukoharjo)
9. Pdt. Wahyu Purwaningtyas (GKJ Nusukan Surakarta)
10. Pdt. Gatot Pujo Tamtama (GKI Kelapa Cengkir Jakarta)
11. Pdt. Addi Soselia Patriabara (GKI Kavling Polri Jakarta)
12. Pdt. Yusak Tri Darmanto (Fak. Teologi UKDW Yogyakarta)
13. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan, Surakarta)
14. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode)
15. Pdt. Widdwisssoeli M. Saleh (LPP Sinode)

Mangsa Péntakosta 2022 punika miji jejer “Roh Suci Mulihausen Gréja”. Jejer punika dipun dhasaraken dhateng kawontenan ingkang dipun alami gréja sadanganipun kalih tahun ngalami Pandhemi Covid-19. Kita ngrumaosi bilih Pandhemi punika sampun ndhatengaken éwah-éwahan ingkang ageng ing bab tata caraning gesang masamuwan. Kita nggadhahi pangajeng-ajeng supados éwah-éwahan kasebat mboten ngéwahi bab ingkang saèstu dhasar wonten ing iman kapitadosan kita. Pramila dipun betahaken pambudidaya-pambudidaya supados

gréja tetep gesang wonten ing iman kapitadosan ingkang santosa lan tetep saged asung paseksi wonten ing satengahing jaman ingkang teras ngalami éwah-éwahan punika. Kita pitados lan tansah nyenyuwun dhumateng Gusti supados wonten ing kawontenan ingkang kados mekaten Roh Suci tansah karsa mulihaken gréja.

Bahan-bahan ingkang wonten ing buku punika dipun damel déning para panyerat ingkang nggaduhahi kawontenan saha geguletan ingkang mawarni-warni, ingkang tetep mbudidaya ngener dhateng jejer ingkang dipun piji déning buku punika. Pramila prayogi sanget menawi Ibu, Bapak, Sadhèrèk ingkang migunakaken buku punika kersaa ngolah malih miturut ing kawontenan saha kabetahaning pasamuwan panjenengan piyambak-piyambak.

Wonten ing pirembagan-pirembagan ingkang kedadosan, ugi sacara virtual, asring tuwu pidhebatan-pidhebatan ingkang asring karaos tajem bab tembung pundi ingkang prayoginipun dipun agem wonten ing pasamuwan: Paska punapa Paskah. Ngengingi bab punika sumangga saben pasamuwan kanthi mardika miji piyambak tembung pundi ingkang badhé dipun agem. Mugi prabéda-prabéda punika mboten ngalang-ngalangi kita tetep nyatunggil makarya lelados Gusti.

Wilujeng nyawisaken Mangsa Pétakosta. Mugi kita sadaya saged nyaosaken ingkang paling saé konjuk dhumateng Gusti Yésus Ratuning pasamuwan lumantar paladosan kita dhumateng pasamuwanipun. Gusti mberkahi kita sadaya. Amin.

Salam urmat,
Ngayogyakarta Hadiningrat, Wiwitinan April 2022

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Murtini Hehanussa

DHAPTOR ISI

Atur Sapala	i
Dhaptar Isi	iii

BAHAN KHOTBAH

Bahan Khotbah Paska V (Minggu, 15 Mei 2022)	1
Bahan Khotbah Paska VI (Minggu, 22 Mei 2022)	7
Bahan Khotbah Kenaikan (Kemis, 26 Mei 2022)	13
Bahan Khotbah Paska VII (Minggu, 29 Mei 2022)	21
Bahan Khotbah Péntakosta (Minggu, 5 Juni 2022)	27
Bahan Khotbah Minggu Trinitas (Minggu, 12 Juni 2022)	33

BAHAN LITURGI

Bahan Liturgi Paska V (Minggu, 15 Mei 2022)	41
Bahan Liturgi Paska VI (Minggu, 22 Mei 2022)	47
Bahan Liturgi Kenaikan (Kemis, 26 Mei 2022)	55
Bahan Liturgi Paska VII (Minggu, 29 Mei 2022)	65

Bahan Liturgi Péntakosta (Minggu, 5 Juni 2022)	73
Bahan Liturgi Minggu Trinitas (Minggu, 12 Juni 2022)	81
BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI DHÉWASA	
Bahan PKS Dhéwasa	89
BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI ADIYUSWA	
Bahan PKS Adiyuswa	97
BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA	
Bahan Pakempalan Pandonga 1	103
Bahan Pakempalan Pandonga 2	107
Bahan Pakempalan Pandonga 3	111
Bahan Pakempalan Pandonga 4	117
Bahan Pakempalan Pandonga 5	123
Bahan Pakempalan Pandonga 6	129
Bahan Pakempalan Pandonga 7	135
Bahan Pakempalan Pandonga 8	143

Bahan Pakempalan Pandonga 9	149
Bahan Pakempalan Pandonga 10	155

BAHAN KHOTBAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

KHOTBAH
Minggu Paska V
Minggu, 15 Mèi 2022

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul 11:1-18

Tanggapan: Jabur Masmur 148

Waosan 2: Wahyu 21:1-6

Injil: Yohanes 13:31-35

**Tresna
mBoten
Sélak
GOSO**

KHOTBAH JANGKEP

“Tresna Mboten Sélak”

Sadhèrèk kula ingkang dipun kasihi Gusti Yésus,

Ing satunggaling wandé angkringan, ingkang sadéan saweg nata barang-barang daganganipun. Amargi karépotan, ingkang sadéan wau nyuwun dhateng anakipun supados énggal-énggal mbiyantu. Kanthi swanten sora bapak punika ngandikakaken pamundhutipun. Anakipun saweg dolanan ing sacelakipun grobag angkringan. Amargi anakipun dèrèng nindakaken pamundhutipun, bapakipun mbengok malih kanthi swanten duka lan nggetak. Sadaya tiyang sakupengipun grobag angkringan punika mireng dukanipun keng bapak. Satunggaling tukang bécak ingkang saweg lenggah ing bécakipun ngandika dhateng bapak punika, “Pak, anakmu aja disenèni, ndhak bodho”. Menawi dipuntapsiraken langkung tebih, pratélanipun bapak tukang bécak punika ngandharaken makna supados tiyang sepuh menika nedahaken raos tresna dhateng anak. Katresnan nyingkiri tumindak muring. Tiyang ingkang dipundukani terus-terusan, badhe lajeng rumaos mboten dipun tresnani. Raos mboten dipun-tresnani saged ndadosaken tiyang nganggep badanipun piyambak mboten wonten ginanipun.

Ing Minggu Paska kaping gangsal punika kita ngrembag bab katresnan. Katresnan punika mboten sélak, katresnan punika ngrengkuh, nunggilaken tiyang satunggal kaliyan sanèsipun kanthi grengseng tuwu ngrembaka sesarengan. Winengku ing Jejering Mangsa Paska 2022, Kaunggulan kanggé

2 Mangsa Pétakosta 2022

Gesang, katresnan punika patraping nyantosaken kanggé gesang. Makaten ugi kanthi Jejer Mangsa Pétakosta 2022 ingkang ngajak kita ngraosaken pamulihan, katresnan punika mulihaken. Katresnan ingkang mulihaken punika katresnan ingkang dipun lampahi kados ingkang dipun-tindakaken déning Gusti Yésus.

Sadhèrèk kula ingkang dipun kasihi Gusti Yésus,

Para pandhèrèkipun Sang Kristus nindakaken katresnan amargi prakawis punika kadhwuhaken déning Gusti Yésus. Injil Yohanes 13:34 nélakaken “Aku maringi pepakon anyar marang kowé, iya iku supaya kowé padha tresna-tinresnanana; dikaya anggonku wis tresna marang kowé, kaya mangkono uga kowé iya padha tresna-tinresnanana.” Kadospundi pepakèn énggal punika dipun ngandikakaken? Ing ngriki kita kedah maos kanthi wetah konteks jangkep Yohanes 13:31-35.

Menawi kita maos kanthi setiti Injil Yohanes 13:31-35, pérangan punika kawiwitan kanthi katrangan saking panyerat Injil Yohanes, “Sawisé Yudas lunga, Yésus banjur ngandika,” (Yohanes 13: 31). “Sasampunipun Yudas Iskariot késah nilaraken komunitasipun utawi paguyubanipun, Gusti Yésus maringi piweling kasebat dhateng murid-murid-Ipun. Ing pérangan sadérèngipun, kacariyosaken menawi Yudas Iskariot kapanjungan dhemit/iblis (ayat 27). Wonten ing tapsiripun A.S. Hadiwiyata nyebataken lelampahanipun Yudas Iskariot lan Gusti Yésus ing wanci dalu sadérèngipun Paska punika ironis sanget (cengkah kaliyan ingkang dipun kersakaken). Ironis amargi nalika Gusti Yésus ngucapaken bab tumindak tresna, (nalika semanten) malah dados wewengan tumrap Yudas tumindak nyidrani kanggé nindakaken rancangan durakanipun. Kanthi Yudas Iskariot nilaraken komunitasipun punika, piyambakipun sampun mboten tumut sesambedan malih ing salebeding patunggilan kaliyan Gusti Yésus dalah para sakabat-Ipun. Pepisahanipun Yudas Iskariot nélakaken bilih ing salebeding gesangipun sampun mboten kadunungan tresna dhumateng Gusti Yésus Sang Gurunipun sarta patunggilanipun para rasul. Katresnanipun Yudas Iskariot éwah dados patrap nyélaki lan nyidrani.

Sadhèrèk kula ingkang dipun kasihi Gusti Yésus,

Dipun-cidrani punika dipun-tilaraken, lan punika nyedhihaken. Ing waosan Injil punika kita ugi maos bab Gusti Yésus ingkang badhé nilaraken para sakabat-Ipun. Menawi makaten, punapa Panjenenganipun nyidrani para sakabat-Ipun?

Injil Yohanes 13:31-35 punika ngewrat pangandikanipun Gusti Yésus ingkang gegayutan kaliyan pepisahan kaliyan para sakabat-Ipun (ayat 33). Nalika Gusti Yésus kaluhuraken, ing wekdal punika ugi wancining pepisahan-Ipun. Ing salebeding pepisahan-Ipun, Gusti Yésus nimbali para sakabatipun kanthi sesebatan "anak-anak-Ku". Sesebatan anak-anak-Ku nélakaken kawontenan anget (sekéca), raket, lan tresnan-Ipun dhateng para sekabat. Kadosdéné tiyang sepuh ingkang badhé séda, tiyang sepuh punika nglairaken piwelingipun dhateng anak-anakipun, babagan prakawis prayogi supados dipun-tindakaken déning anak-anakipun ing wekdal ingkang badhé dhateng. Piweling-piweling punika nedahaken saiba kiyatipun katresnan. Ing salebeding katresnan, wonten patunggilan ingkang raket, anget (sekéca), setya, mboten kapisahaken. Punika kosokwangslul kaliyan patrap nyélaki. Sikap lan tumindak sélak ngrenggangaken sesambetan, kaken, mboten setya lan tansah kepéngin ndadosaken sanèsipun risak, temahanipun nilar gesang sesarengan.

Gusti Yésus ngandika bilih namung kantun sekedhap Panjenenganipun nunggil kaliyan para sekabat-Ipun. Ananging wonten bèntenipun antawisipun Yudas Iskariot lan Gusti Yésus nalika nilaraken para rasul. Yudas Iskariot nilar gurunipun sarta para rasul kanthi pangraos tanpa katresnan lan ngeneraken dhateng dhirinipun piyambak. Gusti Yésus kosokwangslipun. Panjenenganipun kedah nilar para sakabat-Ipun amargi katresnan-Ipun. Panjenenganipun mboten ngeneraken dhateng dhirinipun piyambak nanging dhateng jejibahan-Ipun minangka utusan ingkang dipun-kintun dhateng jagad. Amarga sih-katresnan-Ipun dhateng para sekabat, Panjenenganipun masrahaken jejibahan ingkang kaparingaken déning Sang Rama, dhateng para sekabat. Salebetipun gesang sesarengan tigang taun danganipun, para sekabat dipun-wulang menggahing makna katresnanipun Gusti Allah. Pramila,

pasrawungan ingkang kelampahan watawis tigang taun antawisipun Gusti Yésus kalayan para sakabat-Ipun punika, ing tembé wingkingipun lajeng nggadhahi daya pangaribawa ageng. Punika ateges ing ngriki wonten sesambutan ingkang lebet. Lebeting sesambutan kababar amargi wonten katresnan. Katresnan ing salebetipun sesambutan antawisipun Gusti Yésus kalayan para pandhèrèkipun nggadhahi pangaos langgeng. Bab punika kacetha lumantar wedharan-Ipun, Kado singkang kaserat ing Yohanes 13:33 "...Kowé bakal padha nggolèki Aku, kayadéné anggonku wus ngandikakaké marang wong Yahudi: Menyang ngendi paranku, kowé ora bakal padha bisa mrana; mangkono uga saiki Aku pitutur marang kowé." Tiyang Yahudi mboten saged suwita dhateng Gusti Yésus, amargi tiyang-tiyang Yahudi punika mboten nresnani Panjenenganipun. mBoten nresnani nyirnakaken raos pitados. Béda menggahing para sakabat. Para sekabat samangké (nalika taksih tetunggilan kaliyan Gusti Yésus) mboten saged ndhèrèk Panjenenganipun. Saweg bénjing, para sakabat badhé tetunggilan kalayan Panjenenganipun. Gusti Yésus ngandika dhateng Simon Pétrus, "... nanging bésuk kowé bakal padha ndhèrèk Aku." (ayat 36b). Gusti Yésus kedah tindak rumiyin, nyawisaken papan kanggé para pandhèrèkipun wonten ing dalemipun Sang Rama (Yokanan 14:2-3).

Sasampunipun pamitan, Gusti Yésus paring pepakèn anyar kanggé para sakabat (ayat 34-35). Panjenenganipun énggal badhé nilar para sakabat-Ipun. Supados komunitas utawi paguyubanipun para sakabat tetep manunggil sasampunipun boten tetunggilan malih kaliyan Sang Guru, para sakabat nampi pepakèn anyar. Dhawuhipun inggih punika supados sami tresna-tinresnan. Tembung nresnani dipun ambali kapung tiga. Kénging punapa kawastanan pepakèn anyar? Prakawis punika ing Prajanjian Lami rak ugi sampun kaandharaken wongsal-wansul déning Gusti Allah? Nalika Panjenenganipun nyebat katresnan minangka pepakèn anyar, katresnan ingkang dipun-kersakaken mboten nggantos pepakèning katresnan saking Gusti Allah. Pepakèn anyar punika dipun-kersakaken minangka katrangan ingkang cetha bilih tetalesing dhawuh kasebat inggih Gusti Yésus piyambak.

Sadhèrèk kula ingkang dipun kasihi Gusti Yésus,

Pepakèn énggal silih anresnani punika ing waosan lèksionari dinten punika maujud wonten ing dhirinipun Pétrus kados ingkang kaserat ing Lelakoné Para Rasul 11:1-18. Pérangan punika ngewrat pratélaning tanggeljawabipun Rasul Pétrus anggènipun mbaptis Kornèlius. Menawi Gusti Allah ing Sang Kristus Yésus, ingkang dipunyakini déning Rasul Pétrus, sampun nélakaken bilih paguyubanipun tiyang sanès Yahudi sampun mboten dipunharamaken (dipun-awisi) malih, malah awit saking sih-rahmatipun Allah, paguyuban tiyang sanès Yahudi dados kapétang minangka péranganing komunitasipun Gusti Allah, mila sampun mboten wonten pawadan malih kanggé tiyang-tiyang Kristen ing Yérusalém kanggé nampik lan nyegah (ayat 17). Nyegah lan nampik tiyang sanès Yahudi punapa mboten njalari badhé nglawan dhateng Gusti Allah ingkang dipun pitados? Pramila Rasul Pétrus nguwuh-uwuh supados komunitas Kristen Yahudi ngéwahi pepethaning pangangen-angen lan wawasaning gesangipun. Éwah-éwahan pepethaning pangangen-angen kedah dados tetengering gesang komuni-tasipun Gusti Allah. Komunitasipun Gusti Allah punika tiyang-tiyang ingkang ngalami katresnan saking Gusti Yésus, saking Gusti Allah ingkang tansah nunggil kalayan kita. Panjenenganipun punika Gusti Allah ingkang mboten naté nyélaki janji katresnan-Ipun.

Minangka patunggilan ingkang ngalami katresnanipun Gusti Allah, kita tinimbalan gesang ing salebeding katresnan. Gesang ing katresnan tegesipun ing salebeding gesang sesarengan, kita kapenuhan katresnan ing antawisipun tiyang satunggal kaliyan sanèsipun. Kawontenan kasebat ndadosaken kita samidéné nuwuuhaken kanggé kamajenganing gesang sesarengan. Ing katresnan, saben tiyang mbabar prasetya ngayahi sih-kasetyan ing satengahipun mawarni-warnining geguletan. Ing katresnan, sadaya silih amberkahi lan silih ngaturi aprésiasi utawi pangaji ingkang tulus. Kita pitados, katresnan badhé damel pulihipun sadaya prakawis ingkang risak.

Tresna mboten sélak. Sami kadosdéné Gusti Allah mboten naté nerak kasagahan-Ipun nresnani. Sumangga kita sami tresna-tinresnanana kados ingkang kadhawuhaken déning

6 Mangsa Péntakosta 2022

Gusti Yésus, “Aku maringi pepakon anyar marang kowé, iya iku supaya kowé padha tresna-tinresnanana; dikaya anggonku wis tresna marang kowé, kaya mangkono uga kowé iya padha tresna-tinresnanana.” (Yohanes 13: 34).

Amin.

[WSN-DEN]



KHOTBAH**Minggu Paska VI***Minggu, 22 Mèi 2022*

Waosoan 1: Lelakoné Para Rasul 16:9-15

Tanggapan: Jabur Masmur 67

Waosoan 2: Wahyu 21: 1, 22- 22:5

Injil: Yohanes 14: 23-29

Tekun lan**Wantun****Nanggapi****Timbalanipun****Gusti!****KHOTBAH JANGKEP****Tekun lan Wantun Nanggapi Timbalanipun Gusti!**

Bapak, ibu lan sadhèrèk ingkang kinasih,

Tebihipun saking Troas dhateng Makédonia, gumelar nglangkungi satunggaling seganten ingkang kasebat Segara Aégéa. Kitha Troas, ingkang samangké mlebet laladan Turki, wonten ing sisih lèr-wétan, déné Makédonia wonten ing sisih pinggir kilèn. Sampun limrah, seganten Aégéa ugi kawentar minangka seganten ingkang nggathukaken kabudayan, antawisipun kabudayan ing laladan ingkang samangké kasebat Asia kaliyan kabudayan ing laladan Éropa. Ing sujarah, seganten Aégéa punika dados marginipun dedagangan lan ugi asring dados papanipun paprangan ing antawisipun bangsa-bangsa kina. Kajawi saking katrangan sujarah ngantos pérrangan ingkang alit-alit, ingkang nengsemaken lan pantes dipungatosaken wekdal samangké inggih punika pilihanipun Rasul Paulus anggènipun nyabrang seganten kasebat kedhesek déning satunggaling tetingalan.

mBoten wonten *google* nalika samanten, ngantos saged kelampahan péttangan nalika nyawisaken anggènipun tindakan mrika mbokmenawi namung adhedhasar katrangan ingkang winates utawi namung spékulasi (begjan-begjan). Sanadyan mboten kasebataken kanthi gumathok kadospundi Rasul Paulus ngétang anggènipun tindakan, ingkang saged kita mangertosi namung Rasul Paulus bidhal badhé martosaken Injil/Kabar Kabingahan minangka tanggapan tumrap tetingalanipun

dhateg satunggaling tiyang ingkang nyuwun pitulungan ing ngrika. Ringkesing cariyos, kabuktèn bilih *intuisi* utawi wisiking manahipun Rasul Paulus mboten klèntu amargi sasampunipun dumugi ngrika, piyambakipun lajeng saged teras makarya.

Makaten bapak, ibu lan sadhèrèk,

Sapérangan saking kita saged kelampahan naté ngraosaken kadospundi sekéca lan bingahipun samangsa karubedan lan wisiking manah kita kanggé nindakaken punapa kémawon sampun leres. Langkung-langkung menawi punapa ingkang kita lampahi punika ngangsalaken asil lan kauntungan ingkang saé.

Ananging kadospundi menawi ingakng kadadosan malah kosokwangslipun? Punapa mboten asring kelampahan bilih rékadaya kanggé nglampahi satunggaling bab, saged klèntu menawi tanpa pétangan lan rancangan, sanadyan niatipun saé? Punapa mboten nalika kita nindakaken satunggaling bab, kita condhong dados sembrana amargi idham-idhaman kita punika mboten tansah cocok kaliyan kasunyatan?

Inggih sedaya punika ingkang dados perdondi utawi dhiléma ageng ingkang asring kita adhepi minangka pandhèrèkipun Sang Kristus. Kita kadhangkala kepeksa kedah miji satunggaling pilihan ing satengahing kawontenan ingkang awrat. Asring kalampahan, pepénginan kita kanggé nindakaken kabecikan mboten mesthi gampil. Malah, ugi asring kelampahan punapa ingkang kita sawang saé, dèrèng mesthi dipun sawang saé ugi dening tiyang sanès. Pramila, bab nindakaken kabecikan mboten saged namung dipun dhasaraken mawi spékulasi (panemu adhedhasar untung-untungan) utawi wawasan idhéal kémawon. Asring dhiléma ingkang kados makaten nuwuhaken kalih pilihan sikap: wonten ingkang dados mangu-mangu lan giris ing sasisih, ing sisih sanèsipun wonten ingkang saya mempeng lan santer sangat anggènipun atur paseksi.

Kita saged manggihaken kathah conto ngèngingi bab punika. Kados upaminipun, mboten sekedhik tiyang saé kapeksa andhok ing wewengkon ingkang awon amargi mboten saged nindakaken punapa-punapa. Mila asring wonten

pamanggih, menawi tiyang saé lumebet ing wewengkon ingkang awon lan korup (dhemen migunakaken arta darbèkipun negari/bebadan), badhé kasérèt dados awon ugi. Pramila raos ajrih kanggé paseksi saged ndadosaken kabecikan ingkang dipun-pitadosi mboten saged dipun-wedharaken. Mila mboten nggumunaken menawi kathah tiyang saé ingkang namung kèndel nalikanipun mrangguli kawontenan-kawontenan awon ingkang kelampahan (Korupsi, Kekerasan Dalam Rumah Tangga-KDRT, *Perundungan* utawi pangécé dhateng asanès, lsp).

Conto sanèsipun ingkang kosokwangslipun, kita mbokbilih asring mrangguli tiyang ingkang sami bebantahan utawi dhébat-dhébatan amargi bédå-bédaning pamanggih ing satengahing komunitas (paguyuban), ingkang asring njalari pepecahan. Wonten ugi kalampahan dhébat-dhébatan ing babagan bebener ingkang pungkasanipun sami ngrémehaken lan ngina setunggal kaliyan sanèsipun luamantar *media sosial* (sarananing pasrawungan: WAG, FB). Katingalipun pratingkah gagrag anyar awujud langkung cepet kanggé ngaturi komentar tinimbang mangertosi, samangké ing jaman *media sosial* punika saya ndadi. Ngantos *media sosial* kathah kedayan déning konplik (pasulayan) amargi rumaosing dhiri paling leres anggénipun paseksi. Conto punika cetha kosokbalèn kaliyan sadèrèngipun, ing pundi satunggaling tiyang saged santer sanget anggénipun paseksi ananging ndamel piyambakipun sesingidan.

Bapak, ibu lan sadhèrèk ingkang kinasih,

Wonten ing piweling-Ipun, kados ingkang kasebat ing Injil, kita saged mirsani kadospundi patrapipun Gusti Yésus ngèngetaken para sakabatipun:

“Tentrem-rahayu-Ku dakwènèhaké marang kowé, lan apa kang dakwènèhaké iku ora kaya pawèwèhé jagat marang kowé.” (ayat 27)

Sakeplasan, pancèn Gusti Yésus kanthi gamblang ngèngetaken manawi wonten prabédan antawisipun pratingkah gagrag anyar ingkang kelampahan ing jagad punika kaliyan ésensi utawi inti pakaryaning kawilujengan ingkang

katindakaken Gusti Yésus. Ing urut-urutaning cariyosipun, Gusti Yésus asring lelawanan kaliyan tiyang-tiyang utawi jagad ing jamanipun. Mila piweling “Atimu aja melang-melang lan aja giris” (ayat 27), saged ugi dados pepènget menawi punapa ingkang badhé katindakaken para sekabat kanggé nyeksèni pakaryaning Tentrem Rahayunipun Sang Kristus punika mboten gampil.

Tentrem rahayu sayektosipun minangka intining pawartos Injil, ingkang kawujudaken déning Sang Kristus wonten ing marupi-rupi wewujudan. Wonten ing cariyos Injil, kita manggihaken sawetawis conto wujud nyata pakaryanipun Gusti Allah wonten ing Gusti Yésus inggih punika patrap nyarasaken, patangèn, pamulihan lan pangapuraring dosa. Wonten ing cak-cakanipun, kita mangertos mboten sadaya tiyang, sanajana ing jamanipun Gusti Yésus pisan, saged nampi sedaya punika. Sedaya pakaryan-pakaryan punika ingkang lajeng dipun-tuladhani lan dipun-warisaken dhateng para sakabat supados dipun-lajengaken. Ing kawontenan kados mekaten, rawuhipun Sang Roh Suci ingkang kajanjékaken dados bab ingkang nemtokaken sanget minangka panyengkuyung kakiyatan lan kasagedanipun para sakabat. Sang Roh Suci punika "... kang bakal mulangaké samubarang kabèh marang kowé sarta bakal ngélingaké kowé sabarang kang wis dakkandhakaké marang kowé." (ayat 26).

mBokmenawi saking ngriku kita lajeng saged mangertos punapa ingkang ndadosaken Rasul Paulus karsa nindakaken jebibahanipun. Jumbuh kaliyan piwelingipun Gusti Yésus dhateng para sakabatipun supados mboten mangu-mangu anggènipun nindakaken timbalaning pakaryan amargi Sang Roh Suci badhé nuntun, mbok menawi peparinging roh punika ingkang ndadosaken Rasul Paulus mboten mangu-mangu nanggapi timbalan kanggé nindakaken pakaryan paladosan, sanadyan mangkénipun piyambakipun kedah mrangguli kangèlan-kangèlan, kadasta nyabrang samodra kanggé martosaken Injil. Sanadyan kita ugi kedah nggatosaken, bilih sikap tanggapipun Rasul Paulus punika sanès tumindak ingkang sembrana utawi malah srampangan, amargi pamilihing sikap punika lair saking keputusan ingkang sampun dipunpenggalihaken (mirsani tembung "mendhet keputusan" ingkang

ing basa Yunani kawastanan *zumbibaso*; nyawijèkaken sadaya gagasan wonten ing pamikiran). Rasul Paulus mangertos sanget, bilih tetingalan panyuwunan pitulungan punika kedah dipun tanggapi kanthi kasanggeman martsosaken Injil. Lan punika prayogi dados pangéling-éling kita kanggé nulad kadospundi Rasul Paulus nalesaken rékadayanipun kanggé nanggapi timbalan adhedhasar Injil.

Makaten bapak, ibu lan sadhèrèk,

Kadosdéné Gusti Yésus ngersakaken supados saben muridipun mboten melang-melang lan giris nindakaken jejibahanipun, punika ugi dados timbalan kita dadosa minangka pribadi lan minangka pasamuwan. Rasul Paulus sampaun nedahaken menawi kekendelanipun nyabrang saged ugi satunggaling wujud sikap wantun nglangkungi kawontenan mangu-mangu kanggé njawab timbalan. Amargi timbalan punika sayektosipun dados wewengan kita kanggé nindakaken jejibahan minangka murid, martsosaken Injil, kabar Kawilujengan. Punapa kabar kawilujengan punika mboten kedah dipun-pireng déning jagad, supados para bangsa saged ndhèrèk ngluhuraken Gusti Allah lan caos sokur awit saking berkah-Ipun? (Ms. 67:3-4).

Sumangga kita tansah sinai kanggé tekun ngemunah raos ajrih lan pamangu-manguning gesang kita. Kathah kawontenan ingkang dérèng saé, solah tingkah cidra, manah ingkang jember, tumindak mboten adil ingkang asring nglairaken manéka warni kawontenan ingkang awon ing gesang kita. Kawontenan ingkang awon kedah dipun-tanggapi kanthi ngatos-atos lan wicaksana. Pramila, kawontenan mangu-mangu lan raos ajrih kedah "dipun-sabrangi", kita langkungi supados pawartos Kawilujengan saged kawartosaken.

Amin.

[HFV-DEN]



**KHOTBAH
Sumengkanipun Gusti Yésus
Kemis, 26 Mei 2022**

Waosoan 1: Lelakoné Para Rasul 1:1-11
 Tanggapan: Jabur Masmur 47:2-10
 Waosoan 2: Éfesus 1:15-23
 Injil: Lukas 24:44-53

**Ngundhangaken
Kabar
Kabingahan
Kanthi
Sukarena**
ѠѠѠ

KHOTBAH JANGKEP

**“Ngundhangaken Kabar Kabingahan
Kanthi Sukarena”**

Bapak, Ibu, Para sadhèrèk sadaya, jejering paladosan sabda dinten punika: Ngundhangaken Kabar Kabingahan Kanthi Sukarena. Jejer punika ngémutaken kita menawi saben tiyang badhé bingah menawi pangajeng-ajengipun tansah saya kiyat. Ananging, nalika nembé ngadhepi prekawis sauntawis wekdal dangunipun, asring ndadosaken pangajeng-ajeng mboten saya tuwuh, nanging nyatanipun malah saya surud.

Pandhemni sekedhik kathah ngeneraken umat supados langkung suméndhé dhumateng Gusti Allah. Greget punika mboten badhé awèt dangu, lan ing satunggaling wekdal menawi pandhemni punika mengker, badhé saged kelampahan saèstu, tiyang badhé wangsul malih dhateng kawontenan sekawit. Ing kawontenan punika, saben tiyang mbetahaken dhedhasar ingkang kiyat, supados tetep kiyat nggadhahi pangajeng-ajeng ing satengahing pakèweting gesangipun. Dinten punika, kita badhé sesarengan sinau saking anggèn kita wanuh dhumateng Gusti Yésus, ing lelampahan Sumengkanipun dhateng swarga. Sumengkanipun Gusti Yésus ngewrat piweling ingkang ngiyataken iman lan pangajeng-ajengipun umat dhateng Gusti, supados langkung teguh lan tanggon ngadhepi pacoban. Sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga mbiyantu kita nuwuuhaken pangajeng-ajeng ingkang tuwuh saking telenging manah. Kanggé punika, sumangka kita sami mbikak manah lan

sesarengan ngraos-raosaken piwulang punapa ingkang saged kita pethik saking lelampahan sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga.

1. *mBoten kèndel ngundhangaken piweling bilih Gusti Yésus Badhé Rawuh Malih*

Lukas 24:47 nélakaken "... kudu kaundhangaké marang sakéhing bangsa ...", saklajengipun Lelakoné Para Rasul 1:11 nyerat "... Yésus, kang sinengkakaké menyang swarga, nilar kowé kabèh iki, bakal rawuh manéh kanthi patrap kaya kang padha kokdeleng ..."

Wonten ayat-ayat kasebat kita manggihaken piweling ingkang nengsemaken kanggé kita sadaya: "Kudu kaundhangaké", kedah kaundhangaken! Kedah, tegesipun piweling punika sampun sapantesipun dipun terasaken. Piweling punika kedah dumugi lan dipun-tindakaken, ampun kèndel kanthi alesan punapa kémawon. Gusti Yésus ngiyataken supados mboten kèndel ngundhangaken pawartos Injil. Bilih Panjenenganipun badhé rawuh malih. Roh Suci kaparingaken dhateng para sakabat supados mboten dados lola sasampunipun katilar déning Gusti Yésus sumengka dhateng swarga.

Déné isining undhangan/uleman kasebat inggih bilih pawartos bab pamratobat lan apuraning dosa kedah dumugi dhateng sadaya bangsa. Wonten uleman saking Gusti, bilih manungsa ingkang gesang salebetting dosa, tinimbalan wangsul dhumateng Gusti Allah. Gusti Allah maringi uleman punika, lan sampun kacawisaken kanggé saben tiyang tanpa wonten ingkang kliwatan. Sih-rahmat ingkang sampurna awujud kurban panebusing dosa wonten ing Sang Kristus, inggih punika Sang Juruwilujenging manungsa. Sih-rahmat punika sangsaya katingal kamulyanipun amargi kajawi saking panebusing dosa déning Sang Kristus, ugi wonten peparering patangèn saking pejah, gesang langgeng kaliyan Panjenenganipun.

Sumangga kita sami ngrumaosi bilih wonten wekdal ing pundi manungsa temtu dumugi ing pungkasaning gesang. Saben kita kedah ngaturaken tanggeljawabing gesang ingkang kita lampahi dhumateng Gusti Allah, lan

mboten wonten manungsa satunggal kémawon ingkang lutut saking dosa. Gusti Allah pirsa sedayanipun, lan kanthi katresnan maringi margi kanggé manungsa supados mboten manggih karisakan. Kersanipun sadaya tiyang mirengaken timbalan patobat lan pangapuntening dosa. Wonten katentreman, wonten pangajeng-ajeng ing Kristus. Sumangga sami dadasa setya punapaa kémawon kawontenan kita, prayogi utawi mboten prayogi wekdalipun. Sang Kristus Yésus sampun ngrampungaken ayahaning kawilujengan. Panjenenganipun badhé rawuh malih kanthi cara ingkang sami, kanggé maringi kamulyan dhateng saben tiyang ingkang nampi timbalan punika, lan ugi kanggé tiyang-tiyang ingkang ngladosi pakabaran Injil ing gesang saben dintenipun.

2. Pamulihan kacawisaken, Yérusalem tetengeripun

Lukas 24:47 nélakaken “Karodéné manèh: pawarta bab pamratobat lan apuraning dosa kudu kaundhangaké marang sakéhing bangsa atas asmané, wiwit saka ing Yérusalém.”

Sapinten wigatosipun panggènan kanggé gesang kita, gumantung kadospundi caranipun tiyang maringi makna dhateng prakawis punika. Makaten manawi kasawang kanthi tliti, tiyang milih panggènan kanggé satunggaling momen/kedadosan ingkang wigatos, amargi wonten alesanipun. Upaminipun pirembagan kelas internasional gegayutan kaliyan bedhamèn, kénging punapa miji panggènan ingkang tebih, amargi ing panggènan punika naté wonten lelampaahan ingkang nggadhahi sujarah, ingkang ngèngetaken jagad menggahing pangorbananipun satunggaling tiyang ingkang nggigah jagad supados bedhami. Makaten pangundhanging piwucal bilih wonten pamratobat saha pangapuntening dosa, kedah dipun-wiwiti saking Yérusalém, ngewrat piweling ingkang mboten kénging dipunlirwakaken.

Para sedhèrèk, Yérusalém punika panggènan kanggé martosaken katresnanipun Gusti Allah. Punika panggènan ing pundi prasetyanipun Gusti Allah kawujudaken. Wonten lelampaahan wigatos, ing pundi para sakabat-Ipun nyeksèni

Gusti Yésus nandhang sangsara, séda, wungu saking séda lan sumengka dhateng swarga. Yérusalèm kaginakaken dados panggénan ngempalipun tiyang kanggé nyeksèni sesarengan kadospundi wungunipun Gusti Yésus dados lelampaahan ingkang kebak kabingahan. Yérusalem ugi nyeksèni sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga, ingkang langkung nyantosakaken maknaning gesangipun para sakabat nalika taksih wonten ing bumi. Tiyang-tiyang ingkang badhé dados juru wartanipun, dipun-jangkepi lan dipun-kiyataken.

Kajawi punika, kita nyumerepi inggih ing kitha Yérusalèm punika Gusti Yésus dipun-adili lan wonten panguwuwing panampik: "Kasaliba tiyang punika". Saking papan punika pakabaran bab pamratobat lan pangapuntening dosa kedah wiwit dipun-wartosaken. Pameca bab panggénanipun Gusti Yésus kapasrahaken supados kasalib, séda lan wungu saking séda ing tigangdintenipun sampun kelampaahan. Rancanganipun Gusti Allah ing wekdal kapengker, kacakup lan kagayutaken lumantar panggénan: Yérusalèm ing pundi Gusti Allah tumindak wonten ing sujarahing kawilujengan kanggé manungsa lan nélakaken kasetyanipun dhumateng prajanjin-Ipun. Ing Yérusalèm, sédanipun Sang Kristus "dipun-seksèni" déning sakathahing masyarakat ing Yérusalèm. Mèh sadaya tiyang mangertos punapa ingkang kelampaahan menggahing Sang Kristus. Panggénan punika ugi dados papan ingkang dados punjer purwakaning pawartos bab pamratobat saha pangapuntening dosa.

Pangandika bilih "Injiling Kabar Kabingahan, kedah kawartosaken saking Yérusalèm," ngémutaken kita bilih sadaya tiyang ing kitha Yérusalèm, papanipun panampik, tetep dipuntresnani Gusti Allah. Kagem Panjenenganipun prakawis punika mboten dados pepalang kanggé mbabar katresnan-Ipun. Sih katresnanipun Gusti Allah punika langkung ageng tinimbang sadaya pocapan ingkang natoni manah. Sih katresnanipun Gusti Allah langkung ageng tinimbang agenging raos sengit ingkang katujokaken dhateng Gusti Yésus. Kados mekaten wigatosing Yérusalèm tumrap pawartos kawilujengan, pamratobat lan

pangapuraring dosa, amargi lumantar Yérusalèm, kumandhanging katresnanipun Gusti Allah kasuwuraken. Katresnanipun Gusti Allah tetep kaparingaken, Gusti Yésus tetep tindak dhateng Yérusalèm, senajan kathah tiyang ingkang nampik Panjenenganipun.

Uleman punika mbekta pangajeng-ajeng amargi isining pawartos punika kebak sih-rahmat. "Kedah saking Yérusalèm" amargi Yérusalèm punika simbul panggénan ingkang lelawanan, ing pundi sikap sengit kawales kanthi katresnan ingkang ageng. Sanajan kasangsaran ingkang nrenyuhaken sanget kedah kasanggi déning Sang Kristus, ananging Sang Kristus ngandika: "Wartakna wiwit saka Yérusalèm!"

"Bapak, Ibu, tuwin Para Sadhèrèk sadaya, saya kita ngraos-raosaken tegesipun Yérusalèm saha ancasing isinipun pawartos pamratobat lan pangapuntening dosa, mila kita langkung ngrumaosi saiba lebeting katresnanipun Sang Kristus dhateng umat manungsa. Nrenyuhaken amargi Gusti Yésus paring piweling: "Wong-wong sing ana ing Yérusalèm aja nganti ditinggal, aja ditampik, wong-wong iku sing kuduné krungu sepisanan bab kabar kabungahan iki, sanajan wus padha nyalib Ingsung nganti tumekaning séda." Kanthi pancadan punika, pawartos pamratobat lan pangapuraring dosa sangsaya kiyat ngumandhang?" Inggih pawartos kanggé tiyang-tiyang ingkang rumaos mangu-mangu amargi sampun dhumawah ing lendhuting dosa, ananging lajeng manggihaken pangajeng-ajeng ing gesang wonten Sang Kristus.

Sumangga kanthi sukma ingkang kebak kabingahan, pawartos ingkang luhur tuwin mulya punika pikantuk tetales ingkang langkung nggigah kita minangka pasamuwan wonten ing pundi kémawon, supados tansah saged ngundhangaken kabar kabingahan kanthi sukarena.

3. Juru Warta ingkang Manunggil kaliyan Isining Pawarta

Injil mboten namung kados koran padintenan ingkang sampun dipun-cithak. Isining pawartos Injil kaserat wonten ing Kitab Suci lan ugi wonten ing manah kita. mBoten

namung sampun dipun-cithak lan namung kakintun, nanging isinipun Injil sampun rumaket ing manah kita lan wigatos kanggé saben tiyang. Pawartos ing Injil punika nengsemaken. Nalika jagad ngugemi paham “mripat winales mripat,” Injil nyuwantenaken paham ingkang bédha, inggih pawartos kabingahan bilih “sok sintena ingkang mratobat pikantuk pangapuraning dosa, mboten wonten ingkang dipun singkiraken.” Pawartos punika badhé saya kiyat kapirengaken lan kawaos kanthi saé, menawi juru warta nggadhahi daya ingkang nengsemaken, inggih punika gesang jumbuh kaliyan punapa ingkang dipun-wartosaken. Sadaya wau saged kelampahan nalika juru warta manunggil kaliyan isining pawarta.

Wekdal samangké, kathah tiyang gumrudug ngibadah ing gréja. Nanging sadaya wau badhé langkung aos nalika ingkang gumrudug punika ugi murid lan pandhérèkipun Gusti Yésus, inggih punika tiyang-tiyang ingkang nggadhahi sesambutan lan pangertosan ingkang langkung bebles menggahing Sang Kristus. Kadosdéné para sakabat ngalami piyambak kadospundi para sakabat asring nélakaken sikaping manah ingkang bënten, kirang setya, gampil senggoyoran, malah wonten ingkang nyidrani Gusti Yésus, nanging Gusti Yésus sampun ngapunteni lan mulihaken malih.

Manunggil kaliyan Gusti! Punika tembung ingkang dados kuncinipun. Pramila sumangga kita raos-raosaken kadospundi gesang lan sesambutan kita kaliyan Sang Kristus. Mugi-mugi ing salebetung manah kita saya tuwuhaning pangertosan kita bab Gusti Yésus, ingkang badhé nuntun kita dhateng tindak tanduk saha pangandikan ingkang saya nyarupéni Sang Kristus. Sadaya punika saged dipunwiwit saking kadospundi pengalaman kita piyambak minangka tiyang ingkang mratobat saha dipunapunteni. Ngalami sih-rahmat mujudaken péragan wigatos menggahing pawartos. Sasampunipun punika kita tinimbalan supados ndhatengaken kawontenan kabingahan, sanès pangancam, saha raos sokur lan uleman ingkang kebak kabingahan. Kita ènget bilih kita mboten prelu mbayar sapinten sambutaning dosa. Sambutan amargi dosa mboten naté saged

kawangsulaken, mboten saged kabayar, punapa malih déning tiyang dosa. Anamung sih-rahmat ingkang saged mundhati sambutan ingkang mboten saged kabayar déning tiyang dosa.

Manunggaling juru warta kaliyan isining pawarta punika mujudaken satunggaling pengalaman ingkang wigatos, ing pundi pamratobat saha pangapuntening dosa sampun langkung rumiyin dipunalami déning juru warta. Menawi juru warta nyeksèni piyambak bilih wonten ing dhirinipun ugi ngalami kawilujengan, mboten amargi piyambakipun saé, ananging ngakeni menawi piyambakipun kaleresaken lan katampi déning Gusti Allah amargi saking peparing pangapuranning dosa, pawartos punika badhé langkung dipun-gesangi déning pribadinipun piyambak.

Ingkang pungkasan, pengalaman pribadi juru warta kabar kabingahan, awit pengalaman pribadi lan sesambedian ingkang celak kaliyan Gusti Allah, badhé ndadosaken raos urmat dhumateng Gusti Allah saya tumuwuh. Prosès utawi reruntutaning lampah punika ugi badhé mbiyantu tiyang martosaken pangandikanipun Gusti Allah kanthi leres. Salah satunggalipun inggih punika punapa ingkang kawertosaken miturut punapa ingkang dipun kersakaken ing pangandikanipun Gusti Allah. Kanthi makaten, pakabaran Injil badhé saya kawertosaken mboten kanggé kawigatosan pribadinipun, amargi kathah tiyang ingkang langkung ngutamèkaken gesangipun piyambak tinimbang ngluhuraken Gusti Allah. Para abdinipun Gusti kedah mawas dhiri, punapa ingkang dipun tindakaken taksih langkung ngluhuraken Gusti punapa kanggé ngluhuraken diri pribadi. Amargi wonten bebaya ingkang sumlempit ing winatesing gesangipun manungsa, ing pundi pawartos Injil saged dipunslewèngaken kanggé kondhangipun diri pribadi (*popularitas*), kadosdéné kathahipun kabar ingkang mboten leres, inggih punika kabar ingkang dipuntambah lan dipunkirangi, kanggé kapentingan lan kauntungan pribadi. Manawi juru warta mboten manunggil kaliyan sabda ingkang kawertosaken, saged kelampahan sanget pawartos punika dados mlèncèng. Pawartos pamratobat lan pangapuranning dosa saged mboten dumugi kados makna ingkang sumimpèn

ing nglebetipun amargi ingkang dipunwedharaken sampun mboten wetah malih.

Dinten punika wonten 3 pitedah ingkang dipun-wulangaken dhateng kita. Pawartos bab Pamratobat lan Pangapuraring dosa saged dipun-mangertosi saking maknaning peladosanipun Sang Kristus ngantos Sumengkan-Ipun dhateng swarga, sedaya punika saged nuwuhaken pangajeng-ajeng, menawi:

1. Kita nglampahi gesang tanpa kèndel, ndhèrèk ngisèni gesang minangka juru warta ingkang martosaken pamratobat lan pangapuraring dosa, ngantos Gusti Yésus rawuh malih.
2. Pamulihan kacawisaken kanggé sadaya tiyang tanpa wonten ingkang dipun sisihaken, ing pundi Yérusalèm dados cihnaning tandha kasetyanipun lan katresnan Gusti Allah ingkang ageng.
3. Dadosa juru warta Injil ingkang manunggil kaliyan Isining pawarta, supados kita dados talanging berkahipun Gusti kanggé jagad.

Amin.

[PKM-DEN]



KHOTBAH
Minggu Paskah VII
Minggu, 29 Mèi 2022

Waosoan 1: Lelakoné Para Rasul 16:16-34
 Tanggapan: Jabur Masmur 97
 Waosoan 2: Wahyu 22:12-21
 Injil: Yohanes 17:20-26

Pitados
Sawetahipun
Dhumateng
Sang Kristus


KHOTBAH JANGKEP

“Pitados Sawetahipun Dhumateng Sang Kristus”

Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani déning Gusti Yésus Kristus, dinten punika dinten Minggu Paskah kapitu. Minggu pungkasan saking rerangkèning Minggu-Minggu Paskah. Minggu ngajeng kita sampun ngriyayakaken Dinten Péntakosta. Punapa panjenengan taksih kémutan, kadospundi pasamuwan ngriki ngriyayakaken Péntakosta ing taun 2020 kapengker? Pandhemi (pageblug) wiwit kelampahan ing wulan Maret 2020, nalika samanten pasamuwan-pasamuwan saweg kémawon lumebet ing Mangsa Riyaya Paskah. Panitya Mangsa Riyaya Paskah lan Pradataning Pasamuwan sampun nyawisaken pangibadah lan kagiyatan ananging lajeng kedah ngéwahi sadaya rancangan kasebat. Sinaosa pamaréntah ngedalaken pranatan kanggé nyambut damel wonten nggriya, sekolah wonten nggriya, lan kalebet ngibadah wonten nggriya, ananging mboten ndadosaken pasamuwan-pasamuwan ngèndeli pangibadahipun. Pasamuwan-pasamuwan malah kagigah lan dados pasamuwan ingkang kréatif utawi gadhah daya cipta sanget kanggé nindakaken ibadah-ibadah tanpa kedah nerak *protokol kesehatan* saking pamaréntah. Paskah lan Péntakosata tetep saged dipun-riyayakaken. Taun 2021, pandhemi dèrèng rampung lan gunggungipun tiyang ingkang ketularan ugi dèrèng nélakaken anggènipun mandhap. Malah-malah kawontenan kasebat mboten ndamel pasamuwan ketelasan pangajeng-ajeng, lamun wangslu malih ndamel pasamuwan

saya kréatif saking taun sadèrèngipun. Pasamuwan-pasamuwan tetep nindakaken pangibadah Paskah lan Péntakosta tanpa ngirangi swasana kabingahan. Taun punika, taun 2022, mboten namung pandhemi dèrèng rampung, ananging ugi wontenipun varian anyar (bibit sesakit anyar ingkang nyimpang saking ingkang samesthinipun) mecungul lan mboten sekedhik gunggungipun tiyang ingkang ketularan. Pengalaman kalih taun nindakaken Mangsa Riyaya Paskah ing satengahing swasana pandhemi, ndamel pasamuwan-pasamuwan saya mindhak prigel, kréatif lan inovatif (mengku karep gawé owah-owahan anyar) ing salebetipun nyawisaken ibadah-ibadah, kalebet riyaya Dinten Péntakosta.

Para sadhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti Yésus Kristus,

Punapa ingkang badhé kita ngendikakaken déning sadaya kanyatan ingkang kelampahan tigang taun punika? Punapa kalawan manteb, kambi ngungalaken jaja, kita badhé ngendikakaken bilih pasamuwan-pasamuwan tetep lestantun amargi kiyat lan nggeHIRINIPUN warga pradataning pasamuwan tuwin panitya saha tiyang-tiyang ingkang ngabdèkaken dhirinipun kanggé pasamuwan? Punapa kita badhé ngandika bilih pasamuwan kita tetep puguh madeg amargi patunggilan tuwin kekiyatanning ékonomi warganipun ingkang kiyat? Temtu sanès sadaya punika ingkang nyagedaken pasamuwan tetep saged nindakaken jejibahan paladosanipun. Bab kados mekaten kita kedah waspada lan ngatos-atos amargi kasombongan lan kaangkuhan punika kadurakaning donya ingkang saged ngrisak gesangipun para tiyang pitados. Minggu punika kita kaémutaken menggahing kaprihatosanipun Gusti Yésus dhateng pasamuwan, inggih punika patunggilanipun tiyang-tiyang pitados, ingkang gesang ing jagad punika kanthi sadaya kadurakanipun. Ing salebeting Kaprihatosan-Ipun, Gusti Yésus ndedonga nyuwun dhumateng Sang Ramanipun kanggé ngreksa para sakabat lan sadaya tiyang pitados saking piawoning/kadurakaning jagad (Yoh. 17:15, 20). Yohanes 17:1-26 punika pandonganipun Gusti Yésus dhumateng Sang Raman-Ipun, kanggé para sakabat lan sadaya tiyang pitados. Gusti Yésus ngonjukaken pandonga ingkang cekap panjang, kanthi swasananing manah ingkang kapenuhan ing kawontenan

mboten jenjem. Gusti Yésus nresnani sanget dhateng para sakabat lan sadaya tiyang pitados, ananging Panjenenganipun kedah nilaraken jagad lan kondur dhateng swarga. Kawontenanipun Gusti Yésus ingkang mboten jenjem punika mboten amargi pepisahan, ananging karana para sakabat kedah ngadhepi jagad ingkang mboten wanuh lan mboten nampi para sakabat, jagad ingkang kapenuhan déning kadurakan. Nalika kita maos utawi mirengaken pandonganipun Gusti Yésus saking ayat 20-26, mila kanthi andhap-asoring manah kita badhé saged mitadosi lan ngucap bilih pasamuwan-pasamuwan dalah para tiyang pitados, saged puguh ing satengahing pandhemi (pageblug), amargi saking pandonganipun Gusti Yésus dhumateng Sang Raman-Ipun kanggé kita. Mila, tansaha pitados sawetahipun dhumateng panguwaos saha karesnanipun Sang Kristus, supados kita tetep nyawiji wonten ing Panjenenganipun, tuwin pinaringan sawerniming pangreksa saking Panjenenganipun.

Para sadhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti Yésus Kristus,

Kita ngrumaosi bilih gesang ing jagad punika mboten uwal saking mawarni-warni prakawis tuwin pepalang, malahan mboten uwal saking kadurakan. Lelampahanipun Rasul Paulus kaliyan Silas ngetingalaken nalika kekalihipun ngundhangaken Injil dipun-ganggu déning tiyang èstri préwangan. Rasul Paulus lan Silas pitados sawetahipun dhumateng panguwaosipun Sang Kristus. Rasul Paulus lan Silas mbuktèkaken menawi mboten wonten panguwaos punapaa kémawon ingkang saged ngawonaken panguwaosipun Sang Kristus. Kanthi cetha Rasul Paulus nundhung roh-tenung punika awit saking Asmanipun Gusti Yésus. Rasul Paulus nedahaken menawi piyambakipun sanès tiyang ingkang ngéram-éramaken, ananging piyambakipun tiyang ingkang pitados sawetahipun dhumateng panguwaosipun Sang Kristus ingkang ngéram-éramaken punika. Para bendaranipun tiyang èstri préwangan punika muring amargi pangajeng-ajengipun pikantuk kauntungan sirna amargi roh-tenungipun tiyang èstri préwangan wau dipun tundhung késah déning Rasul Paulus. Para bendaranipun ngginakaken tiyang èstri préwangan kanggé pikantuk rejeki saking tiyang-tiyang ingkang dipun tenung. Punika minangka

bukti ingkang nyata tiyang ingkang mboten pitados dhumateng Sang Kristus, ananging malah ngendelaken roh jahat, badhé gampil ajrih lan muring nalika gesangipun ingkang ngendelaken roh jahat punika dipun-ganggu damel. Ananging Rasul Paulus lan Silas tetep sareh sinaosa dipun-tangkep kanthi pandakwa ingkang mboten dipun-lampahi déning Rasul Paulus lan Silas. mBoten muring nalika dipun-gebugi tuwin mboten ajrih nalika dipun-jeblosaken ing pakunjaran ingkang wonten ing tengah piyambak. Rasul Paulus lan Silas keleresan ndedonga lan memuji Gusti Allah. Punika tuladha sikaping gesangipun tiyang ingkang pitados sawetahipun dhumateng panguwaos lan katresnanipun Sang Kristus. Sadaya ingkang katindakaken Rasul Paulus lan Silas mboten namung ndhatengaken kaunggulan kanggé piyambakipun, ananging langkung saking punika, ndamel Pangagenging Pakunjaran sarta sadaya tiyang ingkang wonten ing griyanipun pitados dhumateng Sang Kristus, sarta sami kabaptis. Kadospundi menggah kula lan panjenengan, minangka tiyang ingkang pitados dhumateng Sang Kristus, punapa kita ugi nindakaken kados ingkang katindakaken Rasul Paulus lan Silas menawi kita wonten ing kawontenan kadosdéné Rasul Paulus lan Silas?

Wonten ing kidung pamuji menggah panguwaos malah pucaking panguwaosipun Sang Yéhuwah minangka Raja, Juru Masmur ngandharaken kanthi gamblang sadaya pratingkahipun Sang Yéhuwah, ingkang ngetingalaken panguwaos dalah pucaking panguwaosipun Sang Yéhuwah tumraping sadaya titahi-Ipun: mega, latu, kilat, redi-redi, lan langit. Juru Masmur badhé nélakaken menawi kedahipun saben tiyang kajengipun nyumerepi menggah panguwaos tuwin pucaking panguwaosipun Sang Yéhuwah kasebat lumantar sadaya ingkang dumadi wonten ing jagad punika. Juru Masmur maringi gegambaran ingkang lelawanan antawisipun tiyang ingkang ngabekti dhateng reca kaliyan tiyang ingkang tresna dhumateng Sang Yéhuwah. Tiyang-tiyang ingkang nyembah reca badhé nandhang wirang, déné para tiyang ingkang ngabekti dhumateng Sang Yéhuwah badhé pikantuk kabingahan. Tiyang-tiyang ingkang nresnani Sang Yéhuwah mboten namung kèndel krana pikantuk kabingahan, ananging lajeng nindakaken tanggeljawabipun dhumateng Gusti Allah.

Tiyang-tiyang ingkang asurak-surak nalikanipun Sang Raja punika rawuh, kedah nresnani Sang Yéhuwah, sengit dhateng piawon, bingah-bingah, ngrepèkaken kidung pamuji sokur. Menawi kita setya ngabekti dhumateng Sang Yéhuwah sarta tansah gesang minangka tiyang ingkang pitados wetah dhumateng panguwaos lan katresnanipun Sang Kristus, mila kita mboten badhé kewirangan, ananging kita badhé tansah nampèni kabingahan. Jejibahan kita, minangka tiyang pitados inggih punika mawujudaken gesang ingkang setya nresnani Gusti Allah kanthi nyengiti piawon sarta ngaturaken pamuji sokur katur Panjenenganipun.

Para sadhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti Yésus Kristus,

Ing pungkasaning Minggu Paskah punika, kita kaajak kanggé tansah pitados dhumateng panguwaos tuwin katresnanipun Sang Kristus, ingkang masrahaken Sariran-Ipun piyambak, séda ing kajeng salib sarta wungu saking séda minangka cihaning Kaunggulan-Ipun ngawonaken pati. Sang Kristus sampun wungu saking séda tuwin sampun sumengka dhateng swarga, nanging Panjenenganipun badhé rawuh malih dhateng jagat punika minangka Hakim ingkang adil. Punika dipun ngendikakaken piyambak déning Gusti Yésus, sarta dipun-tandhesaken malih déning Yohanes, ingkang mungkasi pangandika pamecanipun kanthi pawartos rawuhipun Gusti Yésus. Wonten ing pamecanipun dipun-télakaken bilih Gusti Yésus punika ingkang kagungan panguwaos saking wiwitan (-*Alfa*), inggih punika anggènipun nitahaken jagad saisinipun ngantos dumugi ing wekasanipun (*Omega*) inggih punika pangadilan. Panguwaosipun Gusti Yésus dipun pratélakaken ing wekdal pangadilan, tumrap tiyang ingkang nggirah sandhanganipun, inggih punika tiyang ingkang purun mratobat lan ngresiki dhirinipun saking dosa, badhé nampi kabingahan. Ananging tumrap saben tiyang ingkang dhemen lan nglampahi para-cidra, punika sami dumunung ing sanjawining kitha kabingahan. Sedayanipun ingkang badhé kelampahan ing wekdal Rawuhipun Gusti Yésus punika, sayektosipun sampun dipun-dumugèkaken dhateng sadaya umat. Prakawisipun inggih punika wonten ing saben tiyang, punapa sumadhiya nampèni tuwin manut Roh sarta “pangantèn putri” ingkang

angajak: "Paduka mugi rawuh!" Punapa saben tiyang purun pitados sawetahipun dhumateng Sang Kristus akanthi Panguwaos-Ipun, wonten ing rawuh-Ipun minangka Hakim? Wonten ing pèrangan panutup dipuntandhesaken menawi saben tiyang ingkang mirengaken pawedhar-wangsitipun pangandika, pitadosa sawetahipun dhumateng pawedhar-wangsitipun pangandika ing kitab Wahyu. Menawi saben tiyang pitados sawetahipun dhumateng Sang Kristus, mila mboten prelu mangu-mangu malih kanthi muwuhi utawi ngirangi pawedhar-wangsitipun kitab Wahyu manut pamawasipun piyambak. Saben tiyang namung prelu ng-Amin-i sadaya pawedhar-wangsitipun kitab Wahyu.

Minggu ngajeng kita badhé ngriyayakaken Dinten Péntakosta, inggih punika lelampahan tumedhakipun Roh Suci. Punika lelampahan ingkang mujudaken kaleksananing janjinipun Gusti Yésus nalika Panjenenganipun sumengka dhateng swarga ngandika badhé nyuwun dhumateng Sang Rama, tedhakipun Sang Juru Panglipur ingkang badhé nglelipur tiyang-tiyang ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun. Kanggé punika, tansaha pitados sawetahipun dhumateng Sang Kristus amargi Roh Suci tansah badhé makarya mulihaken pasamuwan-pasamuwan-Ipun. Amin.

[NS-DEN]



KHOTBAH**Minggu Péntakosta***Minggu, 5 Juni 2022*

Waosoan 1: Lelakoné Para Rasul 2:1-21

Tanggapan: Jabur Masmur 104:24-34

Waosoan 2: Roma 8:14-17

Injil: Yohanes 14:8-17

Katuntun**Déning Roh****GO&O****KHOTBAH JANGKEP****“Katuntun Déning Roh”**

Pandhemni utawi pageblug Covid-19 sampun lumampah langkung saking 2 taun, lan sampun ngéwahi kathah prakawis nyrambahihadi sadaya sisihing gesangipun manungsa, mirungganipun babagan memitran ing satengahing pasrawungan. Pandhemni punika ndamel watesan ingkang cetha sanget bilih satunggaling tiyang kedah kapisahaken kaliyan tiyang sanès lan mbatalaken klempakan, kalebet klempakan ing kagiyatan rohani. Pandhemni Covid-19 ngedahaken pasamuwan netepi *protokol kesehatan* kanthi mbatalaken pangibadah Minggu, pakempalan wilayah, nggantos pangibadah lan pakempalan secara *daring* (pangibadah lan pakempalan ingkang katindakaken ing papanipun piyambak-piyambak, ananging kagayutaken wonten ing pasrawungan semu lumantar komputer, internèt, lsp.). Tanpa dipunrumaosi, bab punika sampun dados pakulinan anyar. Sawetawis warganing pasamuwan sampun rumaos sekéca, nggantos nalika panggaraping Pandhemni Covid-19 saya mindhak saé kanthi vaksinasi primer lan vaksinasi *booster*, punika mboten lajeng ndadosaken pakulinan tuwin caranipun pasamuwan ing salebetipun ngibadah lan mbangun sesambutan sacara langsung dados pulih. Malah saklébataning pangajeng-ajeng kanggé wangsul dhateng gesang normal, ketinggal surem malih nalika ing pungkasaning wulan Fébruari wonten gégeran politik ing Éropah Wétan. Mlebetipun Rusia nrajang Ukraina dados

masalah énggal ingkang cepet utawi rendhet badhé mangaribawani gesangging manungsa ing salumahing bumi. Apesipun masalah ékonomi lan sosial badhé karaosaken déning negari-negari amargi regining lisah ingkang awis. Bab punika saged nyandhet pamulihan gesangipun masyarakat, kalebet ing negari kita, Indonesia. Ing kawontenan ingkang kados makaten punika, kita tetep kedah netepi timbalan kita atur paseksi mujudaken katentreman lan karahayon tuwin pamulihan. Namung kanthi panuntunipun Roh Suci ing sadaya karingkihan lan kawontenan, kita dipunsagedaken nindakaken timbalan wau.

Dinten punika kita ngriyayakaken dinten tumedhakipun Roh Suci, dinten Pétakosta, dinten ingkang ndadosaken tiyang pitados nggadhahi pangajeng-ajeng kanggé ngadhepi sawernining pakèwet lan ndadosaken tiyang pitados wantun atur paseksi ing satengahing jagad. Tumedhakipun Roh Suci dhateng tiyang pitados punika minangka katetepaning prasetyanipun Allah ingkang kapangandikakaken déning Gusti Yésus dhateng Filipus lan para sakabat. Wonten ing pirembaganipun kaliyan Filipus wonten ing Injil Yohanes 14:8-17, Gusti Yésus ngandika dhateng Filipus bilih Panjenenganipun badhé nyuwun dhateng Sang Rama, supados ngutus Juru Pitulung sanèsipun, inggih punika Rohing Kayektèn ingkang badhé paring pitulungan saha panganthi dhateng para sakabatipun Gusti Yésus, supados sami saged nindakaken jejibahan kados ingkang katindakaken Gusti Yésus. Pangandikanipun Gusti Yésus dhateng Filipus ugi ngèngetaken bilih kadhangkala salebetipun ngadhepi panandhang lan pakèweting gesang, kita kesupèn bilih Roh Suci tansah nunggil kaliyan kita, nyartani lan mitulungi kita. Kita asring mboten saged ngraosaken rawuhipun Roh Suci amargi underaning kawigatosan kita kaeneraken dhateng raos kuwatos tuwin raos ajrih kita.

Ing kitab Lelakoné Para Rasul 2:1-21 dipungandikakaken déning Rasul Pétrus bilih tumedhakipun Roh Suci dhateng para tiyang pitados punika minangka katetepaning pamecanipun Gusti ingkang dipunandharaken déning Nabi Yoél bilih badhé dumugi wekdalipun Gusti Allah ngesokaken Roh-Ipun dhateng sedaya manungsa. Roh-Ipun

Gusti Allah ingkang katedhakaken dhateng manungsa punika ingkang nyagedaken manungsa nindakaken bab-bab ingkang mboten limrah lan nuwuhaken kaéraman. Nalika Roh Suci kaesokaken ing dinten Péntakosta, punika ndayani para rasul saged ngendikan lan ngaturaken paseksi ingkang dipun mangertosi déning tiyang-tiyang ingkang ngginakaken mawarni-warni basa nalika samanten. Kedadosan sanèspipun ingkang dipun-alami Rasul Pétrus sasampunipun katedhakan Roh Suci ingkang ndadosaken piyambakipun minangka pribadi ingkang béda. Pétrus, ingkang sadèrèngipun Péntakosta minangka pribadi ingkang jirih (malah sanadyan kaliyan abdi èstri), ananging sasampunipun piyambakipun kapenuhan ing Roh Suci, Pétrus dados pribadi ingkang wantun maju sesorah lan ngaturaken paseksi babagan Gusti Yésus Kristus tanpa ajrih dhateng tiyang kathah.

Kita wekdal samangké, minangka tiyang pitados manunggil ing pangibadah dinten Péntakosta punika kateguhaken malih menawi kita ugi minangka tiyang-tiyang ingkang nampèni tedhakipun Roh Suci ing gesang kita. Lumantar baptisan ingkang sampun kita tampèni, Roh Suci sampun dedalem wonten ing gesang kita. Roh Suci, Rohipun Gusti Allah sampun nuntun kita ing sadaya jangkahing gesang ngantos sapriki. Miturut Rasul Paulus wonten ing Roma 8:14-17, sadaya tiyang pitados ingkang sampun nampi Roh Allah/Roh Suci, mila Roh punika ingkang nuntun tiyang-tiyang pitados nglampahi gesang padintenan. Katuntun déning Roh ateges mboten namung tutuk ingkang saged ngucapaken pitados, mboten namung badan ingkang saged kabekta dhateng ibadah pasamuwan, lan mboten namung ndhèrèk ing pakaryaning paladosan, ananging ugi ateges masrahaken dhiri lan ngasoraken dhiri dhumateng karsanipun Allah ing sawetahing gesangipun.

Tiyang ingkang nampi peparing Roh Suci dados putra-putranipun Gusti Allah ingkang kedah purun nindakaken saben kersanipun Gusti Allah ing gesang. Kita sampun kaangkat minangka putranipun Allah. Gusti Allah sampun mboten tebih malih ananging Gusti Allah nunggil kalayan kita tiyang pitados. Minangka anak, kita pantes nuhoni punapa ingkang kadhwuhaken déning tiyang sepuh kita. Gusti Allah punika

tiyang sepuh kita. Kita saged ngaturi Panjenenganipun kanthi atur ingkang sumanak "Abba, Rama" ingkang nedahaken rumaket lan nyawiji. Mila kita kedah nindakaken punapa ingkang dipun karsakaken Gusti Allah ing gesang kita. Roh Suci sampun nuntun kita ngantos kita saged nindakaken karsanipun Gusti punika tanpa raos ajrih lan geter. Lajeng punapa ingkang kedah kita lampahi? Kados ingkang dipun-ngandikakaken déning Gusti Yésus dhateng Filipus, bilih saben tiyang ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun, ugi kedah nglampahi ugi pakaryan-pakaryan ingkang katindakaken déning Gusti Yésus. Pakaryan ingkang dipun-tindakaken déning Gusti Yésus inggih punika mulihaken sesambutan ingkang risak karana dosa lan ngrawuhaken tentrem rahayu wonten ing gesangipun manungsa.

Wekdal punika dinten riyaya Pétakosta ingkang kaping tiga ingkang kita riyayakaken ing tengah-tengah Pandhemi Covid-19. Kawontenan pandhemi wekdal punika sampun langkung saé tinimbang taun kapengker. Malah sampun kapirek santer wacana utawi gineman bilih negari kita sampun cecawis kanggé pindhah saking pandhemi (pageblug ingkang tumular sesareangan ing pundi-pundi papan, nyrambahie wewengkon ingkang wiyar) dhateng èndhemi (sesakit ingkang tumular ing sagolonganing tiyang utawi ing satunggaling panggénan) kanthi sampun nindakaken vaksinasi jangkep (kaping sapisan lan kaping kalih) saha booster. Salajengipun ingkang dados underaning kawigatosan punika pamulihaning ékonomi masyarakat lan gesang bebrayan sanèsipun. Gréja ugi mboten uwal saking kawontenan tuwin anggènipun mindhak-mindhak kasebat. Pasamuwan tuwin sedaya tiyang pitados sami ngadhepi kawontenan ingkang sami inggih punika kedah mbudidaya pamulihanipun gesangging kajasmanèn saha karohanènipun umat. Sasampunipun sawetawis dangu umat langkung familiar (rumaket) lan sekéca nganggé cara pasrawungan semu lumantar computer, internet, lsp. ing salebetipun nindakaken kagiyatan rohani, samangké wekdalipun mulihaken kawontenan kados nalika sadèrèngipun pandhemi. Sawetawis tiyang sampun sekéca srawung kaliyan tèknologi tinimbang mbangun pepanggihan lan patunggilan. Tiyang sami condhong langkung gampil mèsem lan sumanak

ing jagading pangangen-angen tinimbang kaliyan jagading kasunyatan. Prakawis ingkang kados makaten, ugi dipun adhepi pasamuwan. Wonten reribet-reribet ingkang dipun-adhepi nalika kepéngin mangsulaken kawontenan kados sadèrèngipun pandhemi.

Nalika pangibadah Minggu, pakempalan pandonga lan kagiyatan rohani sanèsipun kabikak lan ngajeng-ajeng rawuhipun umat kanthi semangat utawi antusias, amargi sampaun dangu mboten pinanggih, ananging jebul kadadosanipun mboten kados ingkang dipun ajeng-ajeng. Saged ugi wonten raos kuciwa lan semplah ingkang tumama, nanging sedaya kalawau wangsul malih dhumateng kita. Kita kaémutaken bilih prekawis punapa kémawon ingkang kelampahan, kita punika tiyang-tiyang ingkang sampaun nampèni peparing Roh Suci ingkang nyagedaken ngadhepi sadaya pakewet ing salebetipun paladosan. Pramila, nalika nindakaken jejibahan peladosan lan paseksi minangka tiyang pitados, sumangga kita pitados bilih Roh Suci badhé nyagedaken kita ing salebetipun nindakaken pakaryan-pakaryaning paladosan. Sumangga sinau saking Juru Masmur, sadanganipun taksih kaparingan wewengan gesang ing jagad punika, mila piyambakipun badhé memuji lan ngluhuraken Gusti Allah ing sawetahing gesangipun (Jabur Masmur 104:24-34, 35b). Makaten ugi tumrap kita, sadanganipun kita taksih kaparingan kalodhangsan déning Gusti Allah kanggé gesang lan ngrirayakaken Péntakosta ing dina punika, sumangga kita pasrahaken dhiri kita supados katuntun déning Roh kanggé ngluhuraken Asmanipun Gusti ing sauruting gesang kita. Sugeng Péntakosta, Gusti mberkahi. Amin.

(YAW-DEN)



KHOTBAH**Minggu Trinitas***Minggu, 12 Juni 2022*

Waosoan 1: Wulang Bebasan 8:1-4, 22-31

Tanggapan: Jabur Masmur 8

Waosoan 2: Roma 5:1-5

Injil: Yohanes 16:12-15

**Memitran Ian
Makarya
Sesarengan
Gusti Allah
Tritunggal**

**KHOTBAH JANGKEP**

**“Memitran Ian Makarya
Sesarengan Gusti Allah Tritunggal”**

Ibu, bapak, tuwin para sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti, Punapa ingkang tuwuhan pengangen-angen panjenengan nalika mireng pokok pirembaganipun bab Gusti Allah Tritunggal? Punapa lajeng mumet? Ruwed? Ngundang bebantahan? Mboten klèntu menawi panjenengan kagungan pamanggih kados makaten, awit kedah dipunakeni, bilih wiwit wiwitaniipun, dhoktrin utawi piwulang Tritunggal punika tansah nuwuuhaken pirembagan saha bebantahan ingkang panjang ngantos sapunika. Utaminipun menawi kita ngrembag babagan dhoktrin kasebat ing basa ingkang asipat akadhemi mawi konsèp teologi-filosofis ingkang remit sanget. Nanging, punapa nalika kita ngrembag babagan Tritunggal punika namung mligi bab konsèp teologi-filosofis ingkang saged ndamel kita mumet sanget? Mesthi kémawon mboten! Lumantar waosoan leksionaris dinten Minggu punika kita badhé pikantuk satunggaling pangertosan bab Gusti Allah Tritunggal ingkang kepara caket sanget kaliyan gesang kita. Sumangga kita mirsani bab punika lumantar waosoan-waosoan Kitab Suci dinten punika.

Ing waosoan kapisan, Wulang Bebasan 8:1-4, 22-31 kita pinanggih kaliyan konsèp kawicaksanan. Sinten kawicaksanan punika? Ing wewengkoning Kitab Wulang Bebasan, kita manggihaken menawi kawicaksanan dipungambaraken minangka manungsa utawi dipun-pralambangaken minangka

manungsa (*dipersonifikasi*). Wonten ing pralambangipun, kawicaksanan nguwuh-uwuh saking tigang panggènan ingkang ramé ing jagad kina: ing papan-papan inggil ingkang dados papan padununganipun pangibadah; ing prapatan, titik patemonipun tiyang-tiyang ingkang nindakaken mawarni-warni kagiyatan; lan wonten ing gapura, ing margi mlebet, ingkang asring dados padununganipun dedagangan utawi bisnis lan pengadilan ing satunggaling kitha (8:1-3). Kawicaksanan ugi kagambaraken minangka wanita utawi makhluk linuwih (*makhluk adikodrati*) ingkang nunggil kalayan Gusti Allah nalika nitahaken jagad raya (8:22-31). Walter Brueggemann nyebat kawicaksanan minangka caranipun Gusti Allah makarya ingkang nedahaken menawi piyambakipun minangka wakilipun Gusti Allah (Brueggemann 2009, 522). Selaras kaliyan Brueggemann, James Barr nyebataken bilih kawicaksanan wonten ing Wulang Bebasan 8 dados sarana patrapipun Allah nepangaken Dhirinipun dhateng jagad (Barr 1999, 477). Keterangan punika nedahaken kasunyatan bilih: ingkang sapisan, kawicaksanan punika pinangkanipun saking Gusti Allah. Kapingkalih, kawicaksanan dados caranipun Gusti Allah kanggé tetep sesambutan kaliyan jagad. Kapingtiga, Sesambutanipun Allah kaliyan jagad mboten namung sesambutan manut ubenganing wekdal ingkang ajeg, ananging sesambutan kanggé njagi lan nuntun manungsa dhateng kaleresan.

Ibu, bapak, tuwin para sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti, Pirembagan menggahing kawicaksanan minangka caranipun Gusti Allah sesambutan kaliyan jagad lan nuntun manungsa dhateng kaleresan, ugi ngatinggal wonten ing waosan Injil. Ing Yohanes 16:12-15, Gusti Yésus ngandika malih bab ayahan ingkang badhé dipun lampahi déning Sang Juru Panglipur, ingkang dipun sebat Rohing Kayektèn déning Gusti Yésus. Tembung punika pertalan saking basa Yunani πνεῦμα τῆς ἀληθείας (*pneuma tēs alētheias*). Menawi dipuntingali saking cariyosipun, katingal bilih Sang Juru Panglipur punapadéné Rohing Kayektèn punika nedahaken dhateng pribadi ingkang sami, inggih punika Roh Suci ingkang badhé

rawuh sasampunipun Gusti Yésus sumengka. Roh Suci kagungan ayahan wigatos, inggih punika nyagedaken manungsa wanuh dhateng Gusti Allah (kapisanana Molnar 2011, 13). Ing salebetipun prosès (reruntutaning lampah) pitepangan kaliyan Gusti Allah, Roh Suci nuntun manungsa ngener dhateng kaleresan.

Nengsemaken dipun-pirsani bilih tuntunan ingkang katindakaken déning Roh Suci mboten namung asipat kapinteran bab ilmu utawi intelèktual, ananging ugi wonten gegayutanipun kaliyan cara gesang. Babagan cara gesang punika, St. Eko Riyadi, Pr. nyerat:

Cara gesang ingkang dipun-tindakaken déning Roh Suci inggih punika cara gesangipun satunggaling seksi ingkang ngaturi paseksi bab Gusti Yésus. Kadosdéné Gusti Yésus neksèni bab Gusti Allah, Roh Suci lan para sakabat ugi neksèni bab Gusti Yésus. Ing pangertosan kasebat, iman ingkang dipun-gadhhahi déning para sekabat mboten namung babagan intelèktual utawi bab kebatasan, ananging ugi babagan cak-cakaning gesang. Iman dados nyata wonten ing paseksi. Roh Suci ingkang nuntun para sakabat dhateng sakathahing kaleresan punika.” (Riyadi 2011, 358–359)

Katrangan mengahing adegipun Roh Suci ing ngginggil punika maringi gambaran menggah satunggaling tuladha utawi pola sesambedan ingkang unik/mirunggan, ugi raket antiwisipun Gusti Allah, Gusti Yésus, lan Roh Suci. Sesambedan punika dipun-gambaraken/dipun-terangake ing ayat 13-14, bilih Roh Suci badhé nélakaken malih punapa ingkang dipun-ngendikakaken Gusti Yésus. Kanthi nélakaken sawetahing kaleresan ingkang dipuntampi, Roh Suci ngluhuraken Gusti Yésus. Pola utawi tuladha punika mèmper kaliyan sesambedanipun Gusti Yésus kaliyan Sang Rama. Gusti Yésus nélakaken punapa kémawon ingkang dipun-pirengaken saking Sang Rama tuwin nindakaken sadaya ingkang dipun-kersakaken Sang Rama, lan kanthi makaten Sang Rama kaluhuraken wonten ing dhirinipun Gusti Yésus (Riyadi 2011, 359). Ayat 15 mungkasi pirembagan bab adegipun Sang Roh Suci ing salebeting sesambetan Sang Rama-Sang Putra-Sang Roh Suci. Gusti Yesus nerangaken manawi sadaya ingkang

wonten ing Sang Rama punika Kagungan-Ipun. Mekatena ugi punapa ingkang wonten ing Gusti Yésus, dipun aturaken Gusti Yésus dhateng Roh Suci. mBoten namung kèndel wonten ing ngriku kémawon. Ayat punika ugi nerangaken papanipun para sakabat wonten ing sesambutanipun Rama-Putra-Roh Suci. Roh Suci ingkang ugi Rohing Kayektèn punika nuntun para sakabat supados saged mangertosi pangandika saha pakaryanipun Gusti Yésus ingkang asalipun saking Sang Rama, ugi ingkang kautus déning Sang Rama (Riyadi 2011, 360).

Ibu, bapak, tuwin para sadhèrèk ingkang dipun kasih Gusti, Andharan punika nedahaken bilih Gusti Allah Tritunggal; Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci tansah wonten ing sesambutan ingkang sami-sami kagayutaken (*ikatan-relasional*) kanthi tigang sipat mirunggan. Kaping sepisan, sipat komunitas utawi paguyuban, ingkang nedahaken bilih Sang Rama-Sang Putra-Sang Roh Suci gesang sesarengan wonten ing sesambutan ingkang rumaket. Sanadyan pakaryanipun dipun-alami minangka tiga, ananging tetep satunggal Allah. Kaping kalih, sesambutanipun Sang Rama-Sang Putra-Sang Roh Suci punika sesambutan ingkang wolak-walik (*relasi yang mutual/timbal-balik*), ingkang nedahaken bilih samukawis sadaya kapérang waradin ing antawisipun kawontenan tritunggal kasebat. Kaping tiga, katresnan dados idhèntitas utawi tengeran saking Gusti Allah Tritunggal ingkang tansah “ébah mboten kèndel” kanggé ngrangkul manungsa (Zaragoza 1999, 67). Teks ing Yohanes 16:12-15 nedahaken pratingkah miyosipun Gusti Allah lumantar Sang Putra, lan Roh Suci ingkang ngrangkul lan maringi papan kanggé manungsa supados tumut wonten ing patunggilaning tritunggal ingkang dhinamis utawi kebak semangat. Bab punika nandhesaken adekipun Roh Suci ingkang dados pratandha lubèring patrap sumanakipun (*hospitalitas; keramahtamanan*) Gusti Allah dhateng salumahing bumi (Yong 2008, 126).

Kan thi makaten saged kawastanan bilih Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci punika Gusti Allah ingkang wonten ing salebeding sesambutan lan patunggilan ingkang kebak greget tumraping tetiganipun saha ing salebeding tetiganipun. Ing salebeding sesambutan punika,

Gusti Allah ngajak manungsa supados ndhèrèk wonten ing sesambutan lan patunggilan kasebat. Pangajak kasebat dados satunggaling amanat/dhawuh supados manungsa wanuh lan ngluhuraken Gusti Yésus lumantar tumindak lan pakaryanipun, kadosdéné Gusti Yésus ngluhuraken Gusti Allah ing salebeding tumindak lan pakaryan-Ipun. Ing salebeding prosès kasebat, Roh Suci dados tetenger lan panuntunipun manungsa supados amanat/dhawuh kasebat saged kawujudaken ing salebeding gesang padintenan.

Ibu, bapak, tuwin para sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti,

Wonten ing waosan kekalih ing nginggil, cetha sanget bilih hakékatipun Allah Tritunggal – Rama, Putra, lan Roh Suci, punika Gusti Allah ingkang tansah lumampah murugi manungsa, awit manungsa kawawas aji lan ngrangkul wonten ing ngarsanipun. Mangka kita mangertos sinten sejatosipun manungsa punika. Manungsa namung titah wantah ingkang mboten wonten ajinipun menawi kabandhingaken kaliyan jagad raya dalah sadaya titahipun Gusti Allah. Waosan Tanggapan ing Jabur Masmur 8 nélakaken prakawis punika. Menawi makaten, Gusti Allah kaleresan maringi kapitadosan dhateng manungsa kanggé nguwaosi titah sadaya. Ing salebetung kaagungan lan kamulyan-Ipun, Gusti Allah kepareng ngangkat lan maringi papan kanggé manungsa ingkang asor punika supados mranata lan ngemunah sadaya titah kados ingkang katindakaken déning Gusti Allah. Kanthi makaten, kita saged nyawang bilih kawontenanipun manungsa ingkang mboten wonten ajinipun punika mboten dados pepalang, ananging malah dados satunggaling kori kanggé lumebet ndhèrèk wonten ing kagiyatan ing salebetipun karsa tuwin karyanipun Gusti Allah. Punapa malih menawi ngèngeti bilih sinaosa mboten wonten ajinipun, ananging Gusti Allah sampun ngleresaken manungsa. Prakawis punika dipun-télakaken kanthi gamblang wonten ing Rum 5:1-5. Patrap ngleresaken ingkang katindakaken déning Gusti Allah mbekta manungsa dhateng gesang anyar ing salebetipun katentreman kaliyan Gusti Allah lumantar Gusti Yésus Kristus. Patrap ngleresaken lumantar Gusti Yésus Kristus mboten namung dados tetalesing pangajeng-ajeng ingkang bakuh tumraping manungsa nalika aben-ajeng kaliyan

kawontenan ingkang mbingahaken punapa wonten ing kasangsaran, nanging ugi dados kori mlebet tumraping Roh Suci ingkang kaparingaken dhumateng manungsa. Kanthi makaten saged dipun-ngendikakaken bilih lumantar patrap ngleresaken ingkang katindakaken Panjenenganipun, Gusti Allah maringi Roh Suci dhumateng manungsa. Roh Suci punika mbiyantu manungsa salebetipun ngadhepi marupi-rupi kawontenan ing gesangipun.

Ibu, bapak, tuwin para sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti!

Andharan menggahing sekawan waosan Minggu punika maringi bukti gegayutan kaliyan Gusti Allah ing salebetipun patunggilaning tritunggal ingkang dhinamis, ingkang tansah ébah miyos saking dhirinipun Allah nggayuh manungsa supados mlebet lan tumut wonten ing patunggilanipun Rama-Putra-Roh Suci, ing salebetipun mujudaken pakaryan lan kamulyanipun Allah tumrap manungsa lan jagad. Kanthi makaten, ngesangi riyaya dinten Minggu Tritunggal punika ateges ngesangi timbalanipun Gusti Allah kanggé memitran utawi sesambutan lan makarya sesarengan kaliyan Gusti Allah Tritunggal. Dados, sugeng ngluhuraken Gusti Allah ing salebetipun memitran utawi sesambutan lan makarya sesarengan kaliyan Gusti Allah Tritunggal, Rama, Putra, lan Roh Suci. Amin.

[DCAC-DEN]

DHAPTR SUMBERING PITEDAH

Barr, James. 1999. *The Concept of Biblical Theology: An Old Testament Perspective*. Minneapolis, MN: Fortress Press.

Brueggemann, Walter. 2009. *Teologi Perjanjian Lama: Kesaksian, Tangkisan, Pembelaan*. Maumere: Penerbit Ledalero.

Groenen, C. 1992. *Pengantar Ke Dalam Perjanjian Lama*. Yogyakarta: Kanisius.

LaCugna, Catherine Mowry. 2006. *God for Us: The Trinity and Christian Life*. First HarperCollins paperback ed. New York, NY: HarperSanFrancisco.

- Molnar, Paul D. 2011. "The Role of the Holy Spirit in Knowing the Triune God." In *Trinitarian Theology after Barth*. Eugene, Oregon: Pickwick Publications.
- Perrin, Norman, Dennis C. Duling, and Robert L. Ferm. 1982. *The New Testament, an Introduction: Proclamation and Parenthesis, Myth and History*. 2nd ed. New York: Harcourt Brace Jovanovich.
- Riyadi, St. Eko. 2011. *Yohanes: Firman Menjadi Manusia*. Yogyakarta: Kanisius.
- Yong, Amos. 2008. *Hospitality and the Other: Pentecost, Christian Practices, and the Neighbor*. Faith Meets Faith Series. Maryknoll, N.Y: Orbis Books.
- Zaragoza, Edward C. 1999. *No Longer Servants, but Friends: A Theology of Ordained Ministry*. Nashville: Abingdon Press.



BAHAN LITURGI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

TATA PANGIBADAH**Minggu Paska V***Minggu, 15 Mei 2022*

Katrangan:

PS: Palados Sabda

PL: Palados Liturgi

L: Lèktor

U: Umat

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

Pro: Prokantor, palados ing-kang nuntun pepujènipun umat.

Tresna mBoten**Sélak****ওৰো****PACAWISAN**

- Pandonga pacawisan ibadah wonten ing Konsistori.
- Arak-arakan Lilin
- Pamaosing Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.
- Wekdal ening kagem Umat.
- Tengara/bendhé/bèl kaungelaken, umat jumeneng ngidungaken KPJ 94: 1, 2 “Sumangga Mareka”.

*--- umat jumeneng ---***KPJ 94. SUMANGGA MAREKA**

Do=F 4/4

(kakidungaken déning prokantor)

- 1) Sumangga mareka ngarsané Gusti kita, anggunggung asmanya wit sihé kang sanyata maringken Kang Putra, yéku marginira mbirat dosa kita, wah gesang sembada

--- arak-arakan pradataning pasamuwan lan palados pangibadah mlebet dhateng dalem pamujan ---

(*kakidungaken umat sadaya*)

2) Sagunging pamuji konjuk ngarsaning Gusti,
kang tansah mberkahi wrata titah sabumi.
Allah ingkang murba pratala-akasa
paring kaéndahan miwah kautaman.

Votum *(umat jumeneng)*

PS: Pangibadah punika lumampah ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

U: (*ngidungaken*) **Amin, amin, amin.**

Salam *(umat jumeneng)*

PS: Gusti Allah nyartani panjenengan!

U: **Lan nyartani panjenengan ugi!**

Pangaken Dosa *(umat lenggah)*

PL: Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti, Ramanipun Pasamuwan, Augustinus nandhesaken: tiyang-tiyang ingkang nresnani, mboten wonten ingkang angèl sanget, punapamalih menawi bab punika katindakaken awit saking katresnanipun Gusti kita Yésus Kristus. Ingkang katandhesaken Augustinus punika dados sarana tumrap kita kanggé mirsani dhiri kita piyambak-piyambak ingkang rumaos angèl mawujudaken katresnan.

Katresnan punika prasaja. Nalika katresnan dados angèl sanget, ing ngrika wonten manah ingkang ndamel angèl prakawis punika. Endhem-endheman, nepsu, kecuwan, patrap ngèndelaken tatu lan sikaping batos mboten purun dados pulih, ndhatengaken raos sakit. Ing Pandonga, sumangga kita nyuwun sih kawelasanipun Gusti Allah. (*PL ngonjukaken pandonga pangaken dosa, juru musik nglagokaken KPJ 61 – sasampunipun pandonga pangaken dosa purna, umat ngidungaken KPJ 61:1, 3, 5*)

U: (*ngidungaken KPJ 61:1, 3, 5* “Saèstu Keduwung”)

KPJ 61. SAÈSTU KEDUWUNG

Do=D 6/8

1) Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.

Kadhawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami, nging tan ana bukti. Adhuh Gusti, nyuwun suci

- 3) Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.
 Nadyan rinoban sih-rahmat, nging datan énggal mratobat,
 mangkotaken ati. Adhuh Gusti, nyuwun suci.
- 5) Saèstu keduwung kula, lamun dugèng janji,
 gesang kula tan sembada, nilar citraning Sang Rama,
 mesthi dèn bendoni. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

Pawartos Sih-rahmat *(umat jumeneng)*

- PL: Katresnan mboten sélak. Gusti Allah ingkang nélakaken Sih-rahmat-Ipun, nganyaraken gesang kita trep kaliyan Prasetyanipun Gusti Allah. Punika pawartos sih-rahmat saking Gusti kados ingkang kaserat wonten ing 2 Korintus 7:1,
 “Kang iku sarèhné kita kaparingan prasetya-prasetya mau, para Sadulur kinasih, mulané payo kita padha nucèkaké badan kita saka sarupaning jejember jasmani lan rohani, sarta kalawan mangkono kita nyampurnakaké kasucèn kita sajroné wedi-asih marang Allah.”
 Makaten sih-rahmatipun saking Gusti.
- U: **Puji sokur konjuk ing Allah!** *(kalajengaken nindakaken Namaste dhateng sakiwa tengenipun)*
 U: *(ngidungaken KPJ 97:1, 2 “Uwal Sing Laknat”)*
 KPJ 97. UWAL SING LAKNAT

Do=D 9/8

- 1) Uwal sing laknat; iba begjaku!
 Gusti wus séda, mbirat dosaku,
 temah luwar sing paukuman,
 dènya ngluwar babar pisan.
 Reff.: Babar pisan dènnya nulungi,
 babarpisan dènnya ngrampungi.
 Rumaketa ing pamenthangan,
 mesthi luwar babarpisan.
- 2) Saiki kita padha mardika,
 Gusti wus nanggel ing slamet kita,
 linuputken sing karusakan,
 sinucèkken babar-pisan,
 Reff.: ...

Paladosaning Sabda *(umat lenggah)*

Pandonga paladosan Sabda

PS: *(ngonjukaken pandonga)*

Pamaosing Sabda

Waosan Kapisan

L: **(maos Lelakoné Para Rasul 11:1-18)**

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

Masmur Tanggapan

L: **(maos Jabur Masmur 148)**

Waosan Kaping Kalih

L: **(maos Wahyu 21:1-6)**

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

Waosan Injil

PS: **(maos Yohanes 13:31-35)**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu
inggih punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti
saha ingkang ngèstokaken. Haléluya!

U: **(ngidungaken) Haléluya, Haléluya, Haléluya!**

Khotbah

PS: *(ngladosaken khotbah)*

Wekdal Ening

Pangaken Pitados *(umat jumeneng)*

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sadhéngah
wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman
kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados
Rasuli sesarengan.

Pandonga Syafaat

(umat lenggah)

PS: *(ngonjukaken pandonga syafaat)*

Nyaosaken Pisungsung

(umat lenggah)

P/D: Sumangga kita sami caos sokur awit saking kamirahanipun Gusti Allah lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken sesarengan. Sumangga kita ngènget-ènget sabdanipun Gusti Allah ing Lelakoné Para Rasul 20: 35 makaten,

“Tumrap ing sadhéngah prakara aku wis awèh tuladha marang kowé, yèn wong padha kuwajiban nyambut-gawé mangkono kagawé mbiyantu wong-wong kang sèkèng sarta kudu éling marang pangandikané Gusti Yésus, sabab Panjenengané piyambak wis ngandika: Luwih begja wong weweh, katimbang karo nampani.””

U: (*ngidungaken KPJ 171:1, 4 “Mangga Saos Pisungsung”*)

KPJ 171. MANGGA SAOS PISUNGSUNG

Do=C 6/4

- 1) Mangga saos pisungsung mring Allah Ma`agung krana gunging sihrahmat kang lubèr tan kendhat
- 4) Saos pisungsung kathah cacahnya tan tim'bang, lan gung berkahing Allah tan kénging winilang.

P/D: (*ngonjukaken pandonga pisungsung, umat kasuwun jumeneng*)

Pepujèning Umat

(umat jumeneng)

U: (*ngidungaken KPJ 348:1, 4 “Pasamuwan Kang Nyawiji”*)

KPJ 348. PASAMUWAN KANG NYAWIJI

Do=C 3/4

(*kakidungaken déning prokantor*)

- 1) Pasamuwan kang nyawiji, netepi sabdaning Gusti, dadya paseksi sanyata, Yésus yéku Sang Pamarta.
(*kakidungaken déning umat*)
Sih rahmating Allah tumrah maring sagunging tumitah.
Saliring tyang kang pracaya, basuki gesang ira.

(*kakidungaken sesarengan, prokantor lan umat sadaya*)

- 4) Pasamuwan kang nyawiji neksèni Injiling Gusti nglantarken sihing Pangéran datan mawang mring salir tyang; mbélani tyang kang sangsara, nadyan béda ing pracaya, krana ajining manungsa citrèng Allah Makwasa.

- PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.
- U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
- PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.
- U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**
- PS: Pinujia Gusti Allah!
- U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**
- PS: Mugi Allah Sang Katresnan, nunggilaken kita ing sih-Ipun ingkang langgeng, satemah wonten ing patunggilan-Ipun, kita linubéran ing berkah, ingkang asumber saking katresnanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci. Amin.
- U: (*ngidungaken*) **Haléluya** (5x), **Amin** (3x).

[WSN-DEN]



**TATA PANGIBADAH
Minggu Paska VI
Minggu, 22 Mei 2022**

Katrangan:

- PS: Palados Sabda
- PL: Palados Liturgi
- L: Lèktor
- U: Umat
- P/D: Pinisepuh/Dhiaken

**Tekun lan
Wantun
Nanggapi
Timbalanipun
Gusti!**



PACAWISAN

- Pandonga pacawisan ngibadah
- Wekdal ening sacara pribadi
- Pamaosing pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.

NGEMPAL

(umat jumeneng)

P/D: "Atimu aja melang-melang lan aja giris", makaten Gusti Yésus anggènipun ngèngetaken kita supados wantun nanggapi timbalaning pitados kita. Kita kapiji kanggé nglajengaken misinipun Gusti Yésus, martosaken Kabar Kabingahan, supados sadaya bangsa tuwin sarwa dumadi caos sokur ing salebeding Asmanipun Gusti Allah. Sumangga kita methukaken timbalanipun Gusti, dalam tumemen ngrimati timbalan punika.

PEPUJÈNING UMAT

(umat jumeneng)

U: *(ngidungaken KPJ 8: 1, 2 "Haléluya")*
KPJ 8. HALÉLUYA

Do=D 4/4 2/4

- 1) Haléluya pangéran anèng papan pamujan,
pinujia asmanya, dalam anèng akasa
Wit Gusti Allah Makwasa, kamulyannya Ma-adi,
Ngungkuli samudaya, munggwèng swarga lan ing bumi

- 2) Linuhurna Hyang Agung klayan sagunging kidung,
binarung salir gangsa wah kang mijilken swara.
Geguritan wah beksannya makluk kang darbé nyawa,
ngluhurna Hyang Makwasa sru ngidungna Haléluya!

VOTUM LAN SALAM

- PS: Pangibadah Minggu Paska kaping nenem punika lumampah ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.
- U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**
- PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya!
- U: **Lan nunggila ing panjenengan ugi!**

PAMBUKA

(*umat lenggah*)

P/D: Wungunipun Sang Kristus nélakaken kawilujengan tumrap kita. Wonten ing pakaryanipun Sang Kristus punika, kita saged gesang ing salebetung pepadhang. Minggu punika kita dipun-timbali nggesangi timbalanipun Sang Kristus tumrap kita, putra-putra ingkang kapiji déning Panjenenganipun kanggé beahan agung, martosaken Injilipun Sang Kristus. Awit saking punika, sumangga kita tampèni beahan punika kanthi kebak panuwun sokur, supados saben titah lan ingkang sarwa dumadi punika saged kapulihaken. Amargi wonten pakaryanipun Sang Kristus wonten patangèn, wonten kakiyatán, wonten sih-rahmat ingkang ngluwari kita. Kita tampèni timbalanipun Gusti punika kanthi ngidungaken KPJ 449:1, 2 “Sira Sumyaka”.

U: (*ngidungaken KPJ 449:1, 2 “Sira Sumyaka”*)
KPJ 449. SIRA SUMYAKA

Do=F 3/4

- 1) Sira sumyaka, dhuh nyawaku, nggunggunga sihé Pangéran, wus ngirid lakuning bangsaku, dalah paring pitulungan. Mring para utusan setya kang ngundhangken kabar adya Haléluya! Haléluya!

- 2) Sapa kang nampa timbalannya, ngemban ayahan kaswargan,
mesthi bakal padha tan nyana mring sakèhing kaélokán,
nadyan marganya rekasa, iku tinampa prayoga.
Haléluya! Haléluya!

PANGAKEN DOSA

(umat lenggah)

PS: Yohanes 14: 23-25 makaten,

"Yésus paring wangulan, pangandikané, "Menawa ana wong kang tresna marang Aku, iku bakal netepi piwulangku sarta bakal ditresnani déning Ramaku lan Aku karo Sang Rama bakal padha ngrawuhi sarta dedalem ana ing wong iku. Sing sapa ora tresna marang Aku, iku ora netepi piwulangku; lan piwulangku kang kokrungu iku ora saka Aku, nanging saka Sang Rama kang ngutus Aku. Kabèh iku mau dakkandhakaké marang kowé, mumpung Aku isih nunggal karo kowé;"

Sang Kristus rawuh ing salebeting katresnan lumantar Sabdanipun. Panjenenganipun nimbali kita supados kita ugi mituruti punapa ingkang dados Dhawuhipun, inggih punika mbekta katresnan lan tentrem rahayu. Ananging asring minangka umatipun Allah, kita mboten saged nindakaken punapa ingkang dados dhawuh Katresnanipun kanthi sampurna, malah asring sanget kita tumindak mboten preduli dhateng Sabdanipun Gusti. Awit saking punika, sumangga kita ngakeni kalepatan lan dosa kita kanthi sumené sawetawis. (*umat sumené sawetawis*)

PEPUJÈNIPUN UMAT

(umat lenggah)

U: (*ngidungaken KPJ 52:1, 3 "Gusti Sèstu Kula Nalangsa"*)

KPJ 52 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

Do=C 4/4

- 1) Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.

Reff.: Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.

Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

3) Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.

Reff.: Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.

Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

PAWARTOS SIH RAHMAT *(umat jumeneng)*

PS: “*Gusti Allah muga paring sih-rahmat lan berkah marang kita, Panjenengané muga karsaa nyunari kita kalawan wadanané, supados margi Paduka kasumerepan wonten ing bumi, saha karahayon peparing Paduka wonten ing satengahing bangsa sadaya.*” (Jabur Masmur 67:1-2)

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

PS: Sumangga kita tampèni pangapunten saking Gusti kanthi jumeneng lan ngaturaken salam Namaste dhateng sadhèrèk patunggilan ing sakiwa tengen kita, kanthi ngucap “Tentrem rahayu kagem panjenengan”.
(umat sami ngaturaken salam Namaste dhateng sadhèrèk patunggilan ing sakiwa tengenipun, kanthi ngucap “Tentrem rahayu kagem panjenengan”)

PEPUJÈNIPUN UMAT *(umat jumeneng)*

U: *(ngidungaken KPJ 78:1, 3 “Iba Begjaku”)*

KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reff.: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Reff.:

PALADOSANING SABDA
Pandonga Paladosan Sabda
 PS: (*ngonjukaken pandonga*)

(*umat lenggah*)

Pamaosing Sabda

Waosan Kapisan

- L: (*maos Lelakoné Para Rasul 16:9-15*)
 Makaten sabdanipun Gusti!
 U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

Masmur Tanggapan

- L: (*maos Jabur Masmur 67*)

Waosan Kaping Kalih

- L: (*maos Wahyu 21:10, 22 – 22:5*)
 Makaten sabdanipun Gusti!
 U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

Waosan Injil

- PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking Yohanes 14:23-29. (*maos Yohanes 14: 23-29*)

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti sarta ingkang nindakaken. Haléluya!

- U: (*ngidungaken*) **Haléluya** **Haléluya** **Haléluya**

Khotbah

- PS: (*ngladosaken khotbah*)

Wekdal ening

- PANGAKEN PITADOS** (*umat jumeneng*)
 P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita sesarengan ngucapaken pangaken pitados kita manut paseksinipun Pangaken Pitados Rasuli.

- U: **Kawula pitados** (lsp).

PANDONGA SYAFAAT

PS: (*ngonjukaken pandonga syafaat*)

(*umat lenggah*)

PISUNGSUNG

(*umat lenggah*)

P/D: Sumangga kita ngucapaken sokur awit saking kamirahanipun Gusti Allah lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken sesarengan sinambi ngènget-ènget Sabdanipun Gusti saking Roma 11: 36 makaten:

“Awitdéné samubarang kabèh iku saka Panjenengané, krana Panjenengané sarta kagem Panjenengané; kamulyan kagema Panjenengané salawas-lawasé!”

PEPUJÈNIPUN UMAT

(*umat lenggah*)

U: (*ngidungaken KPJ 157:1, 3 “Caosna Pisungsungmu”*)

KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNGMU

Do=F 2/4

- 1) Caosana pisungsungmu anèng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.

Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.

Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampah.

Tentreng miwah rahayu, Gusti kang paring.

Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

P/D: (*ngonjukaken pandonga caos pisungsung kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula ingkang kaucapaken sesarengan kaliyan umat*)

PANGUTUSAN

(*umat jumeneng*)

PS: Kanthi kebak ing pangajeng-ajeng, sumangga kita sinau setya lan tumemen dhateng timbalanipun Gusti. Panjenenganipun ingkang nimbali kita, mila Panjenenganipun ugi ingkang badhé nyembadani kita salebetung nindakaken saben Timbalan-Ipun. Pramila tansaha setya salebetipun ngladosi Gusti, sarta gesang

miturut Sabdanipun Gusti, ngantos Kabar Kabinet
dalah Tentrem Rahayu, sumebar dumugi saindenging
jagad.

PEPUJÈNIPUN UMAT *(umat jumeneng)*

U: *(ngidungaken KPJ 451:1, 3 "Sumangga Pra Kadang")*
KPJ. 451 SUMANGGA PRA KADANG

Do=F 4/4

- 1) Sumangga, pra kadang, misungsungken gesang,
ngayahi timbalan karyaning Pangéran.
Martosken Injilnya, pangluwar saking dosa
mring saliring bangsa, mrih samya wilujenga.
- 3) Injil kabar adi, sumangga, dèn tampi;
gya undhangna tansah sajagad sumrambah.
Tyang mblasar lampahnya, wah kang wangkot manahnya,
diénggal mratobat, pinaringan sih rahmat.

BERKAH

(umat jumeneng)

PS: Tampènana berkahipun Gusti!

*Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang
kowé, lan ngayomana kowé;
Pangéran Yéhuwah muga nyunarma cahyaning
wadanané marang kowé, lan maringana sihrahmat;
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké
wadanané marang kowé, lan maringana tentrem
rahayu.*

U: **Amin**

PEPUJÈN PUNGKASANING PANGABEKTI *(umat jumeneng)*

U: *(ngidungaken KPJ 456 "Mugi-mugi Sih-rahmaté Gusti")*
KPJ 456. MUGI - MUGI SIH RAHMATÉ GUSTI

Do=D 4/4

Mugi mugi sihrahmaté Gusti,
saha sih é Allah miwah patunggilané Roh Suci,
tumrah a mring kula sadaya.

Amin

(HFV-DEN)



**TATA PANGIBADAH
Sumengkanipun Gusti Yésus**
Kemis, 26 Mèi 2022

Katrangan:
Pangibadah gabungan –
Intergénerasional

Wedharing sabda nggatosna–porsi
laré

PNJ: Para laré, Remaja, Para
aném, Déwasa

Lektor: Laré– Remaja – Para aném

Ingkang ngisi

Pujian: VG utawi PS anak lan remaja

**Ngundhangaken
Kabar
Kabingahan
Kanthi
Sukarena**

ওঠো

PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta umat kanggé ngraos-ngraosaken pangibadah ingkang badhé katindakaken
- Wekdal ening sacara pribadi.
- Maos Pawartos Pasamuwan (menawi wonten).

L i t u r g i Tetunggilan *(Pasamuwan Jumeneng)*

TIMBALAN KANGGÈ NGIBADAH

PL: Sugeng énjing bapak, ibu, para aném, remaja lan para laré ingkang dipun kasihi déning Gusti. Dinten punika kita ngibadah sesarengan, kanthi kebak ing raos sokur, awit dinten punika kita mèngeti dinten sumengkanipun Gusti Yésus dhateng Swarga.

Bpk-Ibu: Sang Kristus ngersakaken saben warganing brayat sami tresna-tinresnan lan sami-déné anggènipun ngiyat-angiyataken wonten ing salebetung pitados.

Laré: Sang Kristus ingkang sumengka dhateng swarga, ngersakaken kita sukarena, awit Sang Kristus adhedhampar wonten ing Swarga mulya maringi uleman sih-katresnan dhateng kita sedaya, dhateng kanca, dhateng sedhèrèk, lan dhateng saben tiyang.

Adiyuswa: Sihipun Gusti Allah ingkang ageng nunggilaken kita, supados kanthi sukarena sesarengan nèlakaken sihipun Gusti Allah dhateng sesami.

U: Sumengkanipun Sang Kristus nuwuuhaken pangajeng-ajeng.

Sumengka ateges Sang Kristus kamulyakaken lan lenggah ing dhamparipun.

Sumengka punika nèlakaken semangat mujudaken idham-idhaman lan pangutusan saking Gusti Allah kanggè kawilujenganing manungsa.

Pamujining Umat

(PKJ 19:1-3 “Mari Sembah”)

PNK: Mari sembah,

Anak, Remaja, Pemuda: Allah yang akbar

PNK: Agungkanlah.

Dewasa, Usia Lanjut: KaryaNya besar

Umat: **Allah berkuasa di atas isi dunia**
Patutlah semua memuji nama-
Nya

PNK: Mari sembah

Umat: **Allah yang akbar**

(Palados Pangibadah lumebet ing papan pangibadah)

PNK: Mari sembah,

Dewasa, Usia Lanjut: Yesus Penebus

PNK: Agungkanlah

Anak, Remaja, Pemuda: Kasih-Nya besar

Umat: **Yesus rela mati di salib di**
Golgota

Hingga manusia terhapus dosanya

- PNK: Mari sembah
Yesus Penebus
 Umat: Mari sembah
Roh Maha Kudus
 PNK: Agungkanlah
HikmatNya besar
**Roh Kudus menuntun setiap
langkah kami**
**Agar hidup kami, semakin
berseri**
 PNK: Mari sembah
 Umat: **Roh Maha kudus**

Votum lan Salam

- PS: Pangibadah punika kelampahan wonten ing asmanipun Gusti ingkang sampun ngawonaken kuwaosing pejah lan ngasta kawilujengan ingkang langgeng tumrap saben tiyang ingkang pitados.
- Umat: [ngidungaken] **Amin, Amin, Amin.**
- PS: Sang Kristus sampun wungu lan sumengka dhateng swarga saprelu nyawisaken papan kagem panjenengan.
- Umat: **Kagem panjenengan ugi.**

(Pasamuwan Lenggah)

PAMBUKA

- PS: Sawisé mangkono para sakabaté banjur kadhwuhan ndhèrèk Gusti Yésus menyang njaban kutha, menyang ing sacedhaké kutha Bétania. Ana ing kono Panjenengané nuli ngangkat astané, para sakabat padha diberkahi, lan nalika mberkahi mau, Panjenengané banjur nilar sakabaté tuwin mitrané menyang ing swarga. Para sakabat banjur padha sujud nyembah marang Panjenengané, nuli padha bali menyang ing Yérusalém kalawan bungah banget (Lukas 24:50-52)

Pamujining Umat

(PKJ 103:1,3,4 “CARILAH DAHULU KERAJAAN ALLAH”)

Umat: Carilah dulu Kerajaan Allah,

Wanita: beserta kebenaran-Nya

Umat: Maka semua di tambah padamu

Pria: Halelu, Haleluya

Umat: Bukan makanan saja kau perlu

Pria: paling perlu firman Allah,

Umat: yang merupakan jaminan hidupmu

Wanita: Halelu, haleluya

Pria: Jika berkumpul dalam nama-Ku

Umat: dua atau tiga orang

Wanita: Di situ Aku berada di tengah

Umat: Halelu, haleluya

PANGAKENING DOSA

PL: Bapak, Ibu, para aném, remaja lan para laré, ing salebeting kita gesang sesarengan, ugi ing satengahing brayat kita, kita kangen wontenipun swasana sukarena, nanging kadhang kita ugi damel kalepatan. Wonten kalanipun kita rumaos jèngkèl, nepsu, mangkel, mboten marem kaliyan kawontenan kita lan mboten kasil dados berkah. Pramila, mangga kita nelangsani lan ngakeni bilih kita sampun damel dosa, nyenyuwun Rama kaswargan paring pangapunten dhateng kita.

*(ngajak umat ngakeni dosa sacara pribadi
lan katutup srana pandonga).*

Kidunging Pasamuwan

KPJ 49 “GUSTI KANG MAHAWILASA”

- 1) Gusti kang Mahawilasa, mugi paring aksama
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran,
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya.
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang
langgeng.

- 2) Gusti ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula,
 temah kula dados suci miwah nunggil ing Gusti.
 Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara.
 Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.

(Pasamuwan jumeneng)

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PL: Bapak Ibu, para aném, remaja lan para larè ingkang dipun kasihi déning Gusti, dhateng sedaya tiyang ingkang nélakaken panelangsanipun, Gusti ingkang ngasihi kita lan maringi kita kalodhangan kanggé ngluhuraken asmanipun. Pramila pawartosing sih-rahmat saking Gusti kanggé kita kapratélaikan kados ingkang kaserat ing Kolosé 3:13
“Padha sabar-sinabarana kayadéné Gusti Allah anggoné wus ngapura kowé, kowé iya tumindaka mangkono uga.”

Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti
 Umat: **Puji sokur konjuk Gusti!**

Tentrem Rahayu

PL: Awit Gusti Allah sampun ngrukunaken kita kaliyan saliranipun, mangga kita ugi sami-déné andon pirukun minangka brayat, kaliyan tiyang-sepuh, para laré, mitra, lan brayat kita. (*para laré, remaja, para aném, kaum diwasa, adiyuswa sami-déné atur tandha salam, sinambi ngidungaken tentrem raharja 2x*)

Umat: **Tentrem raharja sing Gusti kita tumrah mring kita.**
Tentrem raharja sing Gusti kita tumrah mring kita.
 (karepékaken kaping 2)

Kidunging Pasamuwan

“Yesus pokok”

Yesus Pokok dan kitalah carang-Nya
 Tinggallah di dalam-Nya
 Yesus Pokok dan kitalah carang-Nya
 Tinggallah di dalam-Nya
 Yesus Pokok dan kitalah carang-Nya
 Tinggallah di dalam-Nya

Pastilah kau akan berbuah
 Yesus cintaku, ku cinta kau, kau cinta Dia
 Yesus cintaku, ku cinta kau, kau cinta Dia
 Yesus Pokok dan kitalah carang-Nya
 Tinggallah di dalam-Nya
 Yesus Pokok dan kitalah carang-Nya
 Tinggallah di dalam-Nya
 Yesus Pokok dan kitalah carang-Nya
 Tinggallah di dalam-Nya
 Pastilah kau akan berbuah
 Yesus cintaku, ku cinta kau, kau cinta Dia
 Yesus cintaku, ku cinta kau, kau cinta Dia.

(Pasamuwan lenggah)

L i t u r g i P ALADOSAN SABDA
 Pandonga Épiklésis

Waosan 1

L. Laré: Waosan kapisan saking Lelakoné Para Rasul 1:1-11
(Sasampunipun maos Kitab Suci) Mekaten sabdanipun Gusti!

Umat: **Puji sokur konjuk Gusti!**

Masmur

Lektor: Mangga kita nanggapinya kanthi maos Masmur 47:2-10 secara sesautan (dipun damelaken sesautanipun utawi dipun kidungaken)

Waosan 2

L. Remaja: Waosan kaping kalih saking Serat Éfesus 1:15-23
(Sasampunipun maos Kitab Suci) Mekaten sabdanipun Gusti!

Umat: **Puji sokur konjuk Gusti!**

Waosan Injil

PS: Ingkang rahayu punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti Allah lan ingkang ngèstokaken ing gesang padintenan. Haléluya!

Umat: *(ngidungaken)* **Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

Khotbah

“Martosaken Kabar Éndah kanthi Sukarena”

Wekdal Ening

Pisungsung Pepujèn: PS/VG Anak-anak dan Remaja

(Pasamuwan Jumeneng) PANGAKEN PITADOS

Pnsp: Mangga kita sesarengan kaliyan gréja ing sauruting jaman lan papan, ngakeni kapitadosan atas baptisan kita miturut Pangaken Pitados Rasuli.

Umat: Kula pitados ...lsp.

(Pasamuwan Lenggah)

Pandongaa Safaat

(Kapungkasan srana Donga Rama Kawula ingkang kakidungaken)

KPJ 152 “RAMA KAWULA KANG WONTEN SWARGA”

Rama kawula kang wonten swarga, ingkang asma kasucekna,
Kraton Paduka rawuh, karsa Paduka klampah ing bumi kadya
anèng swarga.

Ing dinten sapunika sinunga cekap rejeki;
kula kaapuntena, kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
sampun nandukken kula dhateng panggodha,
kalepasna kula saking piawon,
jer Gusti kang kagungan kraton lan wisésa
sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.
Amin, amin.

L i t u r g i P ISUNGSUNG

Dhasar Pisungsung

Pnsh.: Mangga kita dhasari pisungsung kita dhumateng Gusti srana pangandikanipun Gusti ing Rum 12:1 “*Kang iku para sedulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, Aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangabidahmu kang sejati*”

Kidunging Umat (KJ 302 “Kub’ri Persembahan”)

Umat: Kub’ri persembahan pada Tuhan
sambil puji Yesus, Jurus’lamatku.

Umat: Dengan sukaria

Wanita: kub’ripada-Mu

Pria: dan merasa kaya

Umat: dalam Tuhanmu.

Pria: Mari kawan-kawan

Wanita: rela hatilah

Umat: bawa persembahan; datanglah seg’ra.

(Umat berdiri)

Pandonga Pisungsung

L I T U R G I P A N G U T U S A N

Kidunging Umat

(KJ 225 :1,4-6 “BERKERETA AWAN PUTIH”)

Umat: Berkereta awan putih, Yesus naik dari bumi
dan menuju takhta-Nya, dan menuju takhta-Nya.

Anak: Yesus Raja Mahakuasa:

Remaja: bersujudlah bangsa-bangsa

Umat: dan menjadi murid-Nya, dan menjadi murid-Nya.

Pemuda: Hai pendosa, s’rahkan hati,

Dewasa: berimanlah, orang sakit,

Umat: orang miskin, haraplah, orang miskin, haraplah!

Usia Lanjut: Yang tersalib menyampaikan suka cita
kedamaian,

Umat: hidup baru yang kekal, hidup baru yang kekal!

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.

Umat: **Kawula sami ngeneraken manah kawula
dhumateng Gusti**

PS: Dadosa saksinipun Sang Kristus

Umat: **Puji sokur konjuk Gusti!**

PS: Pinujia Gusti

- Umat: **Samangké lan salaminipun**
- PS: Gusti mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Gusti nyunaraken wedananipun dhateng panjenengan. lan maringi panjenengan sih-rahmat. Gusti nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.
- Umat: (Ngidungaken) **HALÉLUYA 5x, AMIN 3x!**

Cathetan:

Sapérangan lagu tetep mawi basa Indonesia amargi dipun repekaken sesarengan kaliyan para laré.

**TATA PANGIBADAH
Minggu Paskah VII**
Minggu, 29 Mèi 2022

Katrangan:

Pdt: Pandhita
Pnsp: Pinisepuh
U: Umat
L: Lektor

**Pitados
Sawetahipun
Dhumateng Sang
Kristus**
◎◎◎

PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta umat ngraos-ngraosaken pangibadah ingkang badhé katindakaken.
- Wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Maos Pawartos Pasamuwan.

TIMBALAN KANGGÉ NGIBADAH (*Pasamuwan Jumeneng*)

Pnsp: Para sedhèrèk ingkang dipun kasihi dèning Gusti, mangga kita nèlakaken ucap sukur awit pakaryaning sihipun Gusti Allah, ingkang sampun kapratélakken lantaran wungunipun Sang Kristus. Kita ngaturaken dhiri kita kanthi manah ingkang resik lan pikiran ingkang bening kanggé lumebet ing pangibadah punika. Sesarengan kita ngluhuraken asmanipun Gusti srana ngidungaken KPJ 16:1-2

KPJ 16:1-2 “LANGIT TANSAH NYARIYOSAKEN”

- 1) Langit tansah nyariyosken kamulyané Hyang Agung, wah akasa mratélakken yasanig astanipun. Rinten dalu tan kendhat, wartanya ngèbeki rat.

- 2) Sanadyan datan wicanten tan wonten tetembungan,
nung samangsa dèn tilingken tansah ngunggung
Pangérana.
Paseksinya nyambahi ing salumahing bumi.

VOTUM

Pdt: Pangibadah Minggu Paskah ingkang kaping pitu punika kalampahan kanthi pangaken bilih: “Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun GUsti, ingkang nitahaken langit lan bumi.” (Mas.124:8)

U: (*Ngidungaken*) “Amin” – KPJ 464a

SALAM (ngidungaken KPJ 460, secara sesautan kalliyán umat)

Pdt: Tentrem raharja sing Gusti kita

U: *Tumrah mring kita.*

Pdt: Tentrem raharja sing Gusti kita

U: *Tumrah mring kita.*

PAMBUKA

(*Pasamuwan lenggah*)

Pnsp:Téma “Pitados Sawetahipun dhumateng Sang Kristus” ngajak gréja-gréja kanggé ningali kanyataning gesang masamuwan. Gréja gesang wonten ing jagad, ingkang mboten naté uwal saking masalah lan tantangan. Kanyatanipun, masalah lan tantangan ingkang dipun adhepi déning gréja-gréja mboten naté ndadosaken gréja klelep lan pejah. Nanging kosok-wangsulipun, gréja malah sangsaya kakiyataken lan ndhatengaken berkah tumrap pasamuwan lan tiyang kathah. Sedaya punika saged kelampahan, nalika gréja-gréja ndhasaraken sedayanipun kanthi pitados sawetahipun dhumateng kuwaos lan sihipun Sang Kristus, ingkang lantaran Roh Suci, tansah nyarengi gesangipun para tiyang pitados.

U: (*ngidungaken KPJ 132:1-2*)

KPJ 132:1-2 “PITULUNG KITA KANG ROSA”

- 1) Pitulung kita kang rosa, samekta
lir mitra kang tuhu setya, samekta.
Lamun kesasar nèng margi,

Gusti nglari lan nimbal,
rumiyin myang samangkya, tetep samekta.
Samekta, samekta
rumiyin myang samangkya, tetep samekta.

- 2) Tansah mirsa kapesanmu*, Gustimu,
karsa nanggel kribedanmu, Gustimu.
Lamun pasrah ing pangrèhnya,
kita mireng ing sabdanya.
“Lah ta mareka, Ingsun tansah samekta.
Samekta, samekta.
“Lah ta mareka, Ingsun tansah samekta.

**kapesanmu=saking kaapesanmu*

PANGAKENING DOSA

P: (maos 1 Yok. 4:7-9)

Mboten wonten setunggal kémawon ing antawis kita
ingkang sagah netepi dhawuh punika kanthi sampurna.
Kita langkung asring ngasihi dhiri kita piyambak
katimbang ngasihi Gusti lan sesami, pramila mangga kita
nélakaken keduwung lan pamratobat kita ing ngarsanipun
Gusti lan sesami.

U: (**ngidungaken KPJ 64:1-2**)

KPJ 64:1-2 “WONG DOSA REMPU ATIMU”

- 1) Wong dosa rempu atimu, nlangsanana dosamu.
Mbok ya ngungsia mring Gusti, mesthi kinarya suci.
Ref.:
Gusti nimbal sira, rungokna ta sabdanya,
pasraha jiwa raga.
- 2) Hé, wong kang ilang kesasar, saparanmu kapiran.
Gusti nglari lan nimbal, bakal karsa nulungi.
Ref.:

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(*Pasamuwan jumeneng*)

Pdt: Dhumateng saben tiyang ingkang kanthi temen-temen
sowan ing ngarsanipun Gusti, ngakeni saben dosanipun

lan purun mratobat, kawartosaken sih-rahmatipun Gusti kados ingkang kaserat ing Rum 3:23-25: “*Marga kabèh wong wis padha gawé dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah, lan padha kabeneraké kanthi lelahanan awit saka sih-rahmaté lumantar panebusé Sang Kristus Yésus. Panjenengané wus dipesthèkaké déning Gusti Allah dadi srananing karukunan awit saka pracaya, marang rahé. Bab iki katindakaké kagem ngatingalaké kaadilané, sabab Panjenengané wus ngèndelaké dosa-dosa kang wus kapungkur ing wektu kasabarané Gusti Allah.*”.

Mekaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti. Pinujia Gusti ingkang nandukaken kasaénan dhateng kita sedaya!

U: (Ngidungaken KPJ 250:1-2)

KPJ 250:1-2 “ANÉNG SALIB PADUKA”

- 1) Anéng salib Paduka pangayom kawula,
toyaning gesang mulya ing ardi Golgota
*Ref.: Salibnya, salibnya, kamulyan kawula,
ngantos bénjing nampèni palereman baka**

- 2) Anèng salib Paduka, katesnan kababar;
inggih namung Paduka kadya lintang pajar

Ref.:

**baka=langgeng*

PELADOSAN SABDA

Pdt: (Pandonga Epiklése)

(Pasamuwan Lenggah)

Waosan Kapisan

- L1: Waosan kapisan saking **Lelakoné Para Rasul 16:16-34, ...**
Mekaten pangandikanipun Gusti
- U: Puji sokur konjuk Gusti**

Masmur Tanggapan

L2: Mangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti kanthi maos
Masmur 97 sacara sesautan.

Waosan kaping kalih

L3: **Waosan kaping kalih saking Wahyu 22:12-21, ...**
 Mekaten pangandikanipun Gusti
 U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

Pdt: Waosan Injil kapethik saking **Yokanan 17:20-26**,
 Mekaten Injiling Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika
 saben tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti
 Allah lan ngéstokaken ing gesangipun. Haléuya!

U: **Ngidungaken “Haléuya, Amin”**

Khotbah**Wekdal ening****Pangaken Pitados** *(Pasamuwan jumeneng)*

Pnsp:Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sauruting
 jaman, mangga kita ikraraken lan kita teguhaken malih
 punapa ingkang kita imani sarana sesarengan ngucapaken
 Pangaken Pitados Rasuli.

U: *(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)*

Pandonga Safaat *(Pasamuwan Lenggah)*

Pdt: (pandonga kapungkasan srana pitembungan: “...ing
 katresnan Paduka kawula nyenyuwun...”)

PISUNGSUNG

Dkn: Pangucap sokur ingkang kita télikaken ing pangibadah
 srana caos pisungsung dinten punika, kita landhesi srana
 pangandikanipun Gusti saking Masmur 96:8,

U: **(ngidungaken KPJ 164:1-3)**

KPJ 164:1-3 “KLAWAN BUNGAH MUJI”

- 1) Klawan bungah muji nggonku ngaturkè pisungsung mring Gusti nadyan sepélé.
- 2) Pira kacuwané Gusti mirsani,
Kang dak aturaké klawan bekti.
- 3) Aku sru kepéngin bisaa tansah
males kasaénané Pangéran Allah.

Pandonga Pisungsung

(Pasamuwan jumeneng)

Dkn: (Mimpin pandonga pisungsung, pungkasaning pangibadah lan Donga Rama Kawula)

Kidung Pangutusan

U: *(Ngidungaken KPJ 439:1-3)*

KPJ 439:1-3 “ING JAGAD KANG PETENG”

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya ngresah miwah semplah ing manah.

Ref.:

Sumangga Gusti, ngagem kawula,
mrih ngèngetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

- 2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti kanthi setya nglampahi
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja.

Ref.:

- 3) Ngundhangna Injil Kratoning Swarga,
kinanthia pandonga,
mrih luwar saking kwasaning dosa,
wah gesangnya sembada.

Ref.:

PANGUTUSAN

- Pdt: Enerna manah panjenengan dhateng jagad.
- U:** *Kawula ngeneraken manah dhateng jagad.*
- Pdt: Tetepa pitados sawetahipun dhumateng sih lan kuwaosipun Sang Kristus ingkang sampun wungu!
- U:** *Kawula badhé gesang minangka tiyang ingkang ngandelaken kuwaos lan sihipun Sang Kristus.*
- Pdt: Pinujia Allah – Sang Rama lan Sang Putra miwah Sang Roh Suci!
- U:** *Ingkang mboten naté misahaken kawula saking sihipun samangké ngantos selami-laminipun.*

BERKAH

- Pdt: GUSTI mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan; GUSTI nyunaraken wedananipun dahteng panjenengan lan maringi panjenengan sih-rahmat; GUSTI nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi panjenengan tentrem-rahayu. Amin
- U:** *(ngidungaken “Amin”)*
- U:** *(ngidungaken KPJ 267:1-2)*

KPJ 267:1-2 “Pamarta kula agesang”

- 1) Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang kang sinalib gesang.
Dènnya séda krana kula wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang.

Ref.:

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

- 2) Gesang Gusti kang wus séda, dènnya gesang krana kula, mila kula puji.
Saiba dènnya ngasihi, kula ngantos dènparingi gesang langgeng ugi.

Ref.:

BAHAN LITURGI
Minggu Péntakosta
Minggu, 5 Juni 2022

Katrangan:

Pdt.: Pandhita
 Pr: Pradata
 U: Umat
 L: Lèktor

Katuntun
Déning Roh



PACAWISAN

Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta
 pasamuwan ngraos-ngraosaken pangibadah ingkang badhé
 katindakaken.

Pasamuwan nyipta wekdal ening minangka pacawisan
 pribadi
 Maos Pawartos Pasamuwan.

TIMBALAN KANGGÉ NGIBADAH (*Pasamuwan Jumeneng*)

Pr1: Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti, tandha
 pratélaning sokur kita awit sih-piwelasipun Gusti Allah,
 badhé kita télakaken lantaran pangibadah ingkang tumuli
 badhé kita tindakaken. Kita lumebet ing pangibadah
 punika kanthi pangraos ingkang kukuh bilih inggih Gusti
 ingkang setya ngrimati gesang kita. Pramila mangga
 sesarengan kita memuji Gusti srana ngidungaken KPJ
 354:1-3.

KPJ 354:1-3 “TETALESNYA SAWIJI”

- 1) Tetalesnya sawiji, peparang sejati,
 nggih Gusti Yésus Kristus, kang dadya marginya,
 adeging salir Gréja ing tengahing donya,
 mrih mbabarken sih-rahmat, mring tiyang sajagad.
- 2) Gréja tampi timbalan angabdi mring Gusti,
 mrih sami tetunggilan wah dadi paseksi;
 lelados mring sesami, tresnanya tan kendhat,
 dadya sareming bumi wah padhanging jagad.

3) Nadyan béda wujudnya, yektiné sajuga,
tunggal baptis lan Gusti pindha badan siji,
tunggila kang sinedya myang sagung panjangka,
mrih kebabar yèn Yésus Sang Jurubasuki.

VOTUM

PS: Kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pangaken:
Pitulungan kita punika Gusti ingkang nitahaken langit,
bumi lan saisinipun, lan ingkang setya netepi prase-
tyaning kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken.
U: (ngidungaken Amin, Amin, Amin)

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama
kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggil ing panjene-
ngan sedaya.
U: **Ugi nunggil kaliyan panjenengan**

PAMBUKA (Pasamuwan lenggah)

Pr2: Haléluya! Roh Suci nedhaki umatipun! Mangga kita
riyayakaken suka-bingah kapenuhaning prasetyanipun
Gusti Allah ingkang rawuh ing gesangging umat punika.
Inggih Sang Roh Suci ingkang sampun lan badhé tansah
nyagedaken sarta mimpin umat lan gréjanipun supados
tansah gesang ing timbalanipun, nélakaken paseksinipun
ndhatengaken pulihing gesang. Mangga kita masrahaken
dhiri kita purun katuntun déning Roh Suci, lan makarya
kagem kamulyanipun.
U: (ngidungaken KPJ 26:1-3)

KPJ 26:1-3 “PINUJI GUSTI”

1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat
Ref.: Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu swargi

2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.
Ref.:

- 3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.
Ref.:

PENGAKENING DOSA

PS: (maos Lukas 10:25-28)

Mboten wonten ing antawis kita ingkang kuwawi netepi dhawuh punika sacara wetah. Kita langkung asring ngasihi dhiri pribadi katimbang ngasihi Gusti lan sesami, pramila sumangga kita nélakaken keduwung lan pamratobat ing ngarsanipun Gusti lan sesami.

U: (ngidungaken KPJ 46:1-2)

KPJ 46:1-2 “AWIT KATHAH DOSA KULA”

- 1) Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmengan,
Gusti kang madhangi manah myang* tuking kabingahan
- 2) Mugi karsa angaksama ing klepatan kawula,
Tyas kula mugi dadosa padaleman Paduka.

* myang=sarta

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(Pasamuwan jumeneng)*

PS: Awit sih-piwelasipun ingkang tanpa winates, panjenenganipun kersa nampi pratélaning panelangsa kita lan pamratobat ingkang kaaturaken kanthi tulus déning saben tiyang. Pramila ingkang Mahaasih maringi pangapunten lantaran pakaryanipun, sarta nenuntun tiyang ingkang sampun kaapunten mlebet dhateng gesang énggal minangka pratélaning sokur. Sabdanipun Gusti ing Yokanan 3:16 ngendika, “Awit-déné Gusti Allah anggoné ngasihi marang jagad iku nganti masrahaké Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng”.

U: (Ngidungaken KPJ 287:1,2)

KPJ 287 “ROH SUCI, ROH SEJATI”

- 1) Roh Suci Roh sejati, mugi rawuh ing ati.
Ngénggalna manah kula, mrih ing lampah prayoga
Setya bekti mring Gusti, wah asih mring sesami.
Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.
- 2) Dhuh Roh Suci, Roh Allah, anyantosakna manah.
Lamun karoban susah, tatag, tanggon, tan semplah.
Manggul salibing Gusti, martosken Injil suci.
Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.

PALADOS SABDA (*Pasamuwan Lenggah*)

PS: (Pandonga Épiklése)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Lelakoné Para Rasul 2:1-21**
Mekaten Sabdanipun Gusti
U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Masmur Tanggapan

L2: Mangga kita nanggapi Sabdaniun Gusti 1 Samuel 16:1-13,
srana maos **Masmur 104:24-34, 35b** sacara sesautan...

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Rum 8:14-17**
Mekaten Sabdanipun Gusti
U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Yokanan 14:8-17**
Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu
punika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken Sabdanipun
Gusti lan ingkang sami ngéstokaken. Haléluya.
U: (ngidungaken Haléluya)

Khotbah

Wekdal Ening

Pangaken Pitados *(Pasamuwan Jumeneng)*

M3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman, mangga kita ikraraken lan kita kukuhaken malih punapa ingkang kita imani srana sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Pandonga Safaat *(Pasamuwan Jumeneng)*

PS: (Ngunjukaken pandonga safaat)

PISUNGSUNG

Pr4: Pangucap sokur ingkang kita télakaken ing pangibadah srana ngaturaken pisungsung wekdal punika kita landhesi pangandikanipun Gusti kados ingkang dipun pratélakaken déning Rasul Paulus abdinipun, ingkang kaserat ing Serat 2 Korinta 9:6-7,

U: (ngidungaken KPJ 285:1-2 "Krana Roh Suci")

KPJ 285:1-2 “KRANA ROH SUCI”

1) Krana Roh Suci dedalem ing ati,
kula tansah kinanthi; gesang sanyata tentrem raharja,
mangkyu sinungken mring kula.

Ing wusananira nampi tangining raga,
kadya Sang Kristus, Gusti kang mulya.

2) Krana Roh Suci, kula mursid yekti,
mbangun turut mring Gusti,
gesang sembada, unggul ing yuda,
ngawonken julicing dosa.
Ing wusananira tunggil kasampurnannya,
klayan Kristus Gusti anèng swarga.

Pandonga Pisungsung *(Pasamuwan Jumeneng)*

M4: (Mimpin pandonga pisungsung, pungkasaning pangibadah, lan Donga Rama Kawula)

Kidung Pangutusan

U: (Ngidungaken KPJ 289 :1-2)

KPJ 289:1-2 "SANG ROH SUCI MUGI PARENG"

- 1) Sang Roh Suci mugi pareng anedhaki tyas kula,
dimèn atentrem rahayu, kapenuhan ing tresna.

Ref.:

Dhuh Gusti kang setya, Paduka kula ndelaken
mugi pareng nedhakaken Roh Suci ing tyas kula.
Gusti, mugi nucèkaken tyas kula.

- 2) Sumangga cahya Paduka amadhangi tyas kula.

Mugi pepetenging dosa binirata sadaya.

Ref.:

PANGUTUSAN

PS: Samia kondur kanthi sukarena srana ngèngeti sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya ing gesang panjenengan. Samia nglampahi gesang ing salebetung raos sokur lan setyaa nindakaken timbalanipun Gusti. Gusti nyarengi gesang panjenengan srana berkahipun.

BERKAH

PS: Gusti mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan, Gusti nyunarken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi panjenengan sih-rahmat. Gusti nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi panjenengan tentrem-rahayu. Amin.

U: (ngidungaken KPJ 450:1-3 "SUMANGGA MAKARYA")

KPJ 450:1-3 "SUMANGGA MAKARYA"

- 1) Sumangga makarya, para utusan setya
ngundhangaken kabar adya, sih rahmat saking swarga
mrih tyang kang peteng manahnya,
dadya padhang lejara.
Sumangga samekta, tansah makarya.

- 2) Sumangga makarya, dipun kepara cukat*,
mbabarken tresna sanyata, mrih tyang dosa mratobat,
panggah ngadhepi bebaya, Gusti nganthy slaminya.
Sumangga samekta, tansah makarya.
- 3) Sumangga makarya, klayan mantep ing driya,
manggul salibing Sang Kristus mbélani kang siniya.
Kang tinindhes sinangsara, bingar, tentrem gesangnya.
Sumangga samekta, tansah makarya.

cukat* = trengginas, cekatan (Indonesia)

[YAW/WMS]

TATA PANGIBADAH**Minggu Trinitas***Minggu, 12 Juni 2022*

Katrangan:

- PS: Palados Sabda
 PL: Pamimpin Liturgi
 L: Lektor
 PPP: Pamimpin Pangaken Pitados
 PLS: Palados Liturgi Sokur
 U: Umat

**Memitran Lan
 Makarya
 Sesarengan
 Gusti Allah
 Tritunggal**
ѠѠѠ

PACAWISAN

- Umat nyawisaken dhiri anggènipun ndhèrèk ngibadah.
- Sedaya paladosing pangibadah cecawis ing ruwang konsistorium.
- Panyumeting lilin ibadah.
- Pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan.
- Loncèng kaginakaken cundhuk kaliyan tradhisi saben gereja.

LITURGI PAMBUKA*(Pasamuwan Jumeneng)*

PL: Ibu, bapak, lan para sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti. Dinten punika kita ngriyayakaken Minggu Trinitas. Mangga kita sesarengan ngraos-ngraosaken rawuhipun Gusti Allah, Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci ing gesang kita, lan mangga kita tampi ulemanipun kanggè sesambetan ing salebeting patunggilan trinitarian sesarengan kaliyan Gusti Allah, ingkang ugi nimbali kita dados kanca tunggil ayahan ing pakaryan kanggé mujudaken karsa lan kamulyanipun Gusti Allah ing jagad. Mangga, sesarengan kita ngluhurken Gusti kanthi ngidung KPJ 10:1-3

KPJ 10:1-3 “HÉ WONG SALUMAHING BUMI”

- 1) Hé wong salumahing bumi padha sumyaka memuji lan ngabektia mring Allah kambi ngidung klawan bungah.
- 2) Hyang Ma’agung dèn anggepa Allah kang nitahken kita. Kita umat kagungannya, sarta ménda ngèn-ngènannya.
- 3) Mlebu mring gapuranya klayan muji lan pirena, wah marang ing pasucéné, klawan anggunggung asmané.

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Trinitas punika kelampahanipun wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci!

U: *Ngidungaken “Amin” – KPJ 464a*

SALAM (ngidungaken KPJ 460)

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus, ing patunggilanipun Sang Roh Suci, wontena ing panjenengan!

U: *Ing panjenengan ugi!*

KATRANGAN TÉMA

(*Pasamuwan Lenggah*)

PL: Allah Trinitas sanés Allah ingkang tebih saking gesangipun manungsa. Ing salebetung sihipun ingkang kapratélakaken lantaran Kang Putra, Gusti Yésus Kristus, Sang Rama karsa nimbali kita wonten ing sesambutan lan pakaryanipun, lan lantaran pitulunganipun Sang Roh Suci, kita kasagedaken mbangun tetunggilan ingkang gesang. Ing salebetung tetunggilan punika, kita katimbalan nélakaken kamulyaning Sang Rama, kados-déné Sang Kristus nélakaken kemulyanipun Sang Rama lantaran sugengipun lan pakaryanipun.

U: *Ngidungaken PKJ 34:1-2*

KPJ 34:1-4 “ULUKNA PAMUJI”

1) Ulukna pamuji kanthi trusing ati

hé titah mring Gusti Allah

kang setya lan mahamirah,

wit sira rinoban berkah.

2) Saosa panuwun kanthi masmur kidung

hé sira wong kang pracaya

mring Allah sumbering berkah;

wit sira sinung raharja.

PANGAKENING DOSA

PL: “*Pepakon-Ku iku mengkéné, iya iku supaya kowé padha tresna-tinresnanana, dikaya anggon-Ku wus nresnani kowé. Ora ana katresnan kang gedhéné ngluwihi katresnané wong kang ngetohake nyawané kanggo nglabuhi mitra-mitrané. Kowé iku mitraku, menawa kowé padha nglakoni pepakonku marang kowé.*” (Yokanan 15:12-14)

Lantaran Sang Kristus, Gusti Allah sampun mratélakaken sihipun lan nimbali kita sedaya dados mitranipun. Pitakènan ingkang kedah kita wangsville sapunika inggih punika: Punapa kita sampun gesang minangka mitra ingkang sesambutan kanthi temen-temen kaliyan Gusti Allah?

(ening sawetawis)

Mangga, sesareangan kita ngakeni bilih kita dèrèng saged gesang dados mitra kagem Sang Kristus. Mangga kita ngakeni dosa kita ing ngarsanipun srana ngidungaken KPJ 45:1-2

U: Ngidungaken KPJ 45:1-2

KPJ 45 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.

Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti

2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(Pasamuwan Jumeneng)*

PS: Ing salebetung katresnanipun, Gusti Allah karsa maringaken pangapunten dhateng saben tiyang ingkang kanthi temen-temen purun ngakeni dosanipun lan mratobat, kados pangandikanipun: “Sabab iya ana ing Panjenengané marga saka rahé kita kaparingan tetebusan, yaiku pangapuranning dosa, manut gunging sih-rahmaté, kang wus dilubéraké marang kita kalawan sagunging kawicaksanan lan pangertèn.” (Efésus 1:7-8)

PS: Mekaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti!

U: *Puji sokur konjuk Gusti!*

U: *Ngidungaken KPJ288:1-2*

KPJ 288:1-2 “SANG ROH SUCI DEDALEM ING ATI”

- 1) Sang Roh Suci dedalem ing ati,
Amrih tyang gesang énggal sejati,
tumemen olah katresnan, wah karoban kabungahan,
Sang Roh Suci dedalem ing ati

- 2) Sang Roh Suci dedalem ing driya,
temahan gesang tentrem-raharja,
sabar, sareh, paramarta, kautamèn dèntengenna.
Sang Roh Suci dedalem ing driya.

LITURGI SABDA

(Pasamumwan Lenggah)

PS: (Pandonga Épiklése)

Waosoan Kapisan

L: Waosoan kapisan saking **Wulang Bebasan 8:1-4, 22-31**
Pamaosing Kitab Suci kapungkasan srana pitembungan:
“Mekaten Sabdanipun Gusti!”

U: *Puji sokur konjuk Gusti!*

Masmur Tanggapan

PL: Mangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti srana ngidungaken **Masmur 8** secara sesautan.

Waosan Kaping Kalih

L: Waosan Kaping Kalih saking **Rum 5:1-5**
 Pamaosing Kitab Suci kapungkasan srana pitembungan:
 “Mekaten Sabdanipun Gusti!”

U: Puji sokur konjuk Gusti!

Pamaosing Injil

PS: Punika Injiling Gusti Yésus Kristus miturut paseksinipun **Yokanan 16:12-15**.

Mekaten Injiling Gusti Yesus Kristus. Ingkang rahayu punika ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti Allah lan ingkang sami ngéstokaken ing gesang padintenan. Haléluya!

U: Ngidungaken “Haleluya” KPJ 467

Khotbah**Wekdal Ening****Pangakening Pitados** *(Pasamuwan Jumeneng)*

PPP: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman, mangga kita sami nélakaken pengakening pitados kita srana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang mekaten:

U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Pandonga Safaat *(Pasamuwan Lenggah)***LITURGI SOKUR**

PLS: “Kang iku para sedulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah, yaiku pangibadahmu kang sejati.”
 (Rum 12:1)

Ayat punika dados dhasar tumrap kita anggèn kita nélakaken sokur kita ingkang awujud pisungsung ingkang kita kempalaken.

U: Ngidungaken KPJ 164:1-3

KPJ 164:1-3 “KLAWAN BUNGAH MUJI”

- 1) Klawan bungah muji nggonku ngaturkè pisungsung mring Gusti nadyan sepélé.
- 2) Pira kacuwané Gusti mirsani,
Kang dak aturaké klawan bekti.
- 3) Aku sru kepéngin bisaa tansah
males kasaénané Pangéran Allah.

Pandonga Pisungsung

(Pasamuwan Jumeneng)

Pandonga Pisungsung kapungkasan srana Donga Rama Kawula

LITURGI PANUTUP

Kidung Pangutusan

U: *ngidungaken KPJ 337:1-3*

KPJ 447 PRA ABDINING GUSTI

- 1) Pra abdining Gusti, padha prayitna
Ing perang rohani. Ywa kongsi léna,
ngrasuka kayektèn wah kaadilan,
sanadyan tumiba ing kasangsaran.

Ref.: Yekti Iblis culika lan julig maéka

Ditegen ndedonga, Gusti kang ngreksa

- 2) Pra putraning Allah, padha dèn panggah setya dados seksi Injiling Allah.

Nyanggemi dhawuhnya kang trus ing ati manteb ing pracaya tumekèng pati

Ref.:

- 3) Pra wong kang pracaya, ditunggal sedya.
nyirik pasulayan, mbangun katresnan.

Sangkul-sinangkula bot-répotira
amrih roh piala sirep dayanya.

Ref.:

PANGUTUSAN

- PS: Enerna manah panjenengan dhateng jagad!
- U:** *Kawula sami ngeneraken manah kawula dhateng jagad!*
- PS: Timbalan kanggé sesambutan lan makarya kapenuhana sesarengan kaliyan Allah Trinitas!
- U:** *Awit kawula sami kangen dados seksi kagem Gusti Allah Trinitas Mahasuci!*
- PS: Pinujia Gusti Allah; Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Rohi Suci!
- U:** *Ingkang mboten naté misahkan kawula saking sihipun, samangké lan salami-laminipun.*

Berkah

- PS: GUSTI mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan; GUSTI nyunaraken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi panjenengan sih-rahmat; GUSTI nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi panjenengan tentrem rahaya. Amin.
- U:** *Ngidungajen PKJ 466*
PKJ 466 “AMIN, HALELUYA”
- Amin, haléluya! Amin, haléluya! Pinuji Paduka!
Amin, haléluya!

[DCAC/WMS]



BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI DHÉWASA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
DHÉWASA
Ngraos-raosaken
Sangsaranipun Sang Kristus

Waosan:
Lelakoné Para Rasul 1:1-8

Madeg Dados
Seksinipun
Sang Kristus

©O&O

Purwaka

Paling mboten wonten tigang wewengkon sosial ing salebetung pagesangan kita. Wewengkon sosial ingkang paling alit inggih punika pinanggih ing salebetung brayat punika piyambak, dadosa brayat inti punapadéné brayat ageng. Salajengipun, wewengkon ingkang langkung wiyar, inggih punika masyarakat ingkang ing mriku kita sami manggèn. Punika saged awujud paguyuban karohanèn kadosekdéné paguyuban panyuraos Kitab Suci, punapadéné warga masyarakat ageng ingkang dumadi saking manékawarni paguyuban, kadosta paguyuban-paguyuban hobi (kasukan) ingkang ing mriku kita dados anggotanipun. Déné wewengkon sosial ingkang paling wiyar inggih punika nalika kita sami sesambutan kaliyan sinten kémawon ing salebetung gesang padintenan, ingkang malah asring mboten winates, saged kémawon kita pinanggih tiyang sanès namung sasliringan kémawon, déné ing wekdal sanèsipun pinanggih kaliyan tiyang sanès kanthi rerembagan sawetawis ingkang mboten namung pantes-pantesan kémawon.

Minangka tiyang ingkang sampun kawilujengaken, ing sedaya wewengkon sosial punika kita sedaya sami kabereg saged madeg dados seksinipun Sang Kristus, kinanthènan pangwasa lan kawicaksanan saking Sang Roh Suci. Ingkang dados pitakènan kita inggih punika: punapa ing wekdal samangké, kita sedaya sampun nindakaken timbalan kalawau? Menawi tetéla sampun, kadospundi caranipun dalah kadospundi sikeping manah kita? Punapa kita sampun

nindakaken sedaya punika kanthi greget badhé mulyakaken asmanipun Gusti?

Madeg dados seksi – kadosdéné ugi tetunggilan lan lelados – sampun samesthinipun dados tata gesangipun tumrap tiyang Kristen, awit inggih punika ingkang dados karsanipun Gusti.

Andum pengalaman minangka seksinipun Kristus

Panuntun panyuraos ngajak para panyuraos andum pengalaman bab wekdal-wekdal sami madeg dados seksinipun Kristus igkang sampun kelampahan ing wulan ingkang wekasan.

- Panuntun panyuraos ngajak para panyuraos nglengganani bilih pakaryanipun Gusti punika mboten mandheg namung wonten ing milujengaken kita kémawon, ananging kita sedaya ugi sami katimbalan tumut makarya sesarengan kaliyan Panjeneganipun ing wewengkon Karatonipun Allah.
- Panuntun panyuraos ngajak para panyuraos nglengganani bilih Gusti ndhawuhaken kita sedaya nindakaken paseksi ngéngingi Gusti dhateng saben tiyang.

Maos Lelakoné Para Rasul 1:1-8

Kasuwun salah setunggal utawi sawetawis panyuraos maos ayat-ayat ing nginggil, lan panuntun kersaa mangsuli maos ayat ingkang kaping 8.

Ngrembag ayat waosan

Lelakoné Para Rasul 1: 8 dados jiwanipun sedaya pakaryan martosaken Injil. Ayat punika saèstu dados jiwanipun sedaya cariyos ing kitab Lelakoné Para Rasul, lan saking ayat punika ugi kita saged sangsaya gampil mangertosi cariyos-cariyos ingkang pinanggih ing seratipun Rasul Pulus ingkang saèstu puguh lan tangguh anggènipun nindakaken pakaryan kawilujengan.

Lelakoné Para Rasul 1: 8 mratélakaken titahipun Gusti supados kita sedaya madeg dados seksinipun Sang Kristus ing pundia panggénan sasampunipun kita sedaya kaparingan panguwaosipun Sang Roh Suci. Punika mujudaken tangel

jawab ingkang menawi kita lirwakaken ateges kita sami nindakaken dosa. Tumindak éthok-éthok mboten mireng, këndelan kémawon utawi namung matah tiyang sanès nindakaken dhawuh kasebat, nedahaken sikep gesang ingkang mboten karenan wonten ngarsanipun Gusti.

Nglirwakaken dhawuh, punika satunggiling kalepatan. Nalikanipun Debora mujèkaken laguning kaunggulan, kita saged ningali kadospundi Gusti sekel ing galih dhumateng tiyang-tiyang ingkang sami mboten preduli. Kitab Para Hakim 5: 23 ngandharaken: "Kutha Meros kaipat-ipatana" mangkono pangandikané Sang Malaékaté Yéhuwah, "Para wong kang manggon ing kono kenaan ing laknat saentèké, amarga padha ora teka mbiyantu Pangéran Yéhuwah, mbiyantu Pangéran Yéhuwah pindha prawira." Kita ugi saged ningali kadospundi Gusti mirsani kalepatanipun tiyang ingkang namung këndel kémawon saking Yehezkiel 3:18, "Manawa Ingsun ngandika marang wong duraka: Sira mesthi bakal kaukum pati! – mangka sira ora ngélingaké wong iku lan ora kandha apa-apa marang wong duraka iku kanggo ngélingaké supaya mbuwanga lakuné kang ala, amrih bisané lestari urip – wong iku bakal mati marga saka dosané, nanging getihé bakal Suntempuhaké marang sira". Punika sedaya kelampahan amargi gesang kita sedaya punika mboten nétral, lan ugi pancèn mboten karancang mekaten. Nglirwakaken mujudaken satunggiling keputusan ingkang kasengaja, lan punika cengkah kaliyan karsanipun Gusti. Saged ugi kita naté mapan ing kawontenan nétral, nanging saèstunipun sikep kita ingkang mekaten punika lepat. Upaminipun nalikanipun ing wekdal kapangker nalika kita taksih kawengku ing dosa, lan kita rumaos nétral malah rumaos mboten mbetahaken Gusti, punika sedaya namung karana kita mboten sami nglengganani bilih kita sedaya tansah condong dhateng bendara kita inggih punika si dosa. Ing kawontenan mekaten punika, kita mboten saged menawi mboten nindakaken dosa. Nanging kita lajeng sami tinebus lan kawilujengaken déning Gusti lumantar Sang Yésus Kristus, satemah mripat karohanèn kita tinarbuka lan ndarbèni rohing pambangun-turut dhumateng Gusti, sanadyan kadagingan kita kagèndèng dhateng ancas lan tujuwan sewalikipun.

Samangké kita ingkang wonten ing salebetung kawontenan “kawilujengaken” lan kita sami nampèni dhawuhipun Gusti, mila saèstu lepat menawi kita namung kèndel kémawon lan rumaos sekéca kémawon tumrap kawilujengan ingkang sampun kita tampi. Paulus mbereg kita sedaya kanggé nindakaken kawilujengan kita kanthi mboten ngraosaken kesel (Fil. 2: 12). Dhawuhipun Gusti punika wajib kaudhi kanthi kebak raos kabingahan, lan mboten kosok-wangsulipun kalirwakaken. Nglirwakaken punika ateges ngrémehaken, mboten mituhu, nglirwakaken, nganggep mboten maédahi, mboten preduli, utawi mboten nganggep wigatos. Tumindak nglirwakaken punika tegesipun mapanaken dhiri kita lelawanan kaliyan Gusti. Kita saged ngèngeti kados pundi Gusti Yésus ngandika kanthi sora ing prekawis punika kados ingkang sinerat wonten ing Matius 12:30: “Sing sapa ora ngrujuki marang Aku, iku nglawan marang Aku, lan sing sapa ora mèlu ngumpulaké karo Aku, iku mbuyaraké”. Nglirwakaken punika béda kaliyan kalenggahan netral. Kalenggahan nétral punika sejatosipun mboten wonten. Dhawuh madeg dados seksinipun Sang Kristus nggadhahi sesambutan rapet kaliyan kawilujenganipun tiyang ingkang dèrèng pitados, satemah sami ndarbèni kalenggahan “golput.” Dhumateng dhawuh punika, cetha sampun mutusaken tiyang sanès lumampah tumuju ing karisakan. Kita mboten samesthinipun lumampah kanthi sembrana dhumateng dhawuhipun Gusti sinambi rumaos bilih sesambutan kita kaliyan Gusti saé-saé kémawon.¹ Tiyang Jawi mestani kawontenan mekaten kalawau kanthi sebatan “*sluman slumun slamet*”. Ptraping gesang ingkang kados mekaten mboten samesthinipun dipun lampahi déning tiyang pitados.

Lajeng, kadospundi kita atur wangsan kanthi suka rena dhumateng dhawuh punika? Sapérangan wonten ingkang martosaken Injil kabar kabingahan ing antawisipun pulo-pulo lan buwana (benua) satebih-tebihipun. Tiyang-tiyang kalawau

¹ Minangka pambandhing, KUHP bab 531 nélakaken bilih tiyang saged kapidana menawi kabuktèn nglirwakaken satunggiling tiyang ingkang wonten ing salebetung bebaya pejah sanadyan sejatosipun piyambakipun saged suka pitulungan.

nindakeken ayahanipun kanthi sawetahing mbudi daya, lan malah sumadya ngurbanaken gesangipun kanggé tumindaking timbalan misi punika. Lumantar juru Injil ingkang mumpuni mekaten punika Gusti kepareng nimbali tiyang kathah manjing pitados, kelebet ugi tiyang-tiyang Indonésia mriki. Namung, kados pundia kémawon, sapérangan ageng tiyang pitados tetep dumunung ing panggènanipun piyambak-piyambak kados kita sami. Ing panggènan kita piyambak-piyambak, kita ugi saged dados seksi-seksinipun Sang Kristus, punapa malih menawi kita sami ngèngeti bilih èstunipun kula lan panjenengan punika “seratipun Sang Kristus ingkang kabuka lan kawaos déning tiyang kathah” (2 Kor. 3: 3). Ing pundia panggènan, lan ing salebeting pandamel punapa kémawon, kita sedaya tansah manggul timbalanipun Allah lan mangga samia katindakna. Gesang kita punika sanès gesang ingkang tanpa ancas lan tujuwan. Kita sami mbekta umbul-umbulipun (panji-panji) Sang Kristus dalah namung wonten ing asmanipun Sang Kristus kémawon kita nindakaken sedaya ayahan kasebat, dadosa ing pitembungan punapa déné ing tumindak.

Sanadyan mekaten, nindakaken paseksi mboten saged dipun lampahi tanpa sangu ingkang murwat. Kita prelu ndarbèni kapitadosan ingkang santosa lan ugi ngraosaken gesang tetunggilan kaliyan Sang Kristus, sadérèngipun kita nindakaken paseksi kita. Kawruh pangertosan kita ugi prelu dipun asah supados paseksi kita mumpuni. Lelakoné Para Rasul 1 nedahaken billih para siswanipun Gusti kedahipun langkung rumiyin mangertosi bab: *“Sedaya prekawis ingkang sampun katindakaken lan kawulangaken déning Yesus”* (ayat 1). Mekaten ugi para murid kalawau kakiyataken sarana rawuhanipun Gusti Yesus ingkang *“makaping-kaping ngetingalaken sariranipun lan wawan rembag kaliyan para murid bab Karatoning Allah”* (ayat3), sadérèngipun nampèni dhawuh martosaken Injil. Adrenging makarya pancèn saèstu saé, nanging tanpa kawruh pangertosan ingkang mumpuni, timbalan suci punika saged kémawon cabar, mboten ngasilaken punapa-punapa. Kitab Wulang Bebasan 19: 2 ngandharaken: *“Tanpa kawruh, kasregepan uga ora maédahi, sarta kang kesusu iku bakal klèru jangkahé”*.

Dados mboten wonten margi sanès kajawi sinau tepang langkung saé dhateng Gusti saben dintenipun, lajeng ngemban dhawuhipun Gusti kanthi kebak raos sukarena. Sangsaya kita asring nindakaken paseksi kinanthènan panguwaos lan kawicaksanan ingkang saking Roh Suci, kita badhé sangsaya kalatih lan tanggap dhateng saben kawontenan. Wusananiipun kita ugi badhé saged madeg dados seksinipun Gusti kanthi punapa wontenipun, saha sacara limrah dhateng saben tiyang ing sakiwa-tengen kita, tanpa nuwuhaken raos memengsahan dadosa wonten ing brayat inti, brayat ageng warga Kristen, ing papan panyambut damel, ing paguyuban hobis, punapadéné warga masyarakat ageng umumipun. Mesthi kémawon ing saben kawontenan prelu kita lampahi kanthi kebak kawicaksanan, lan kawaspadan saprelunipun. Sikep nétral dhateng dhawuhipun Gusti sanes sikep ingkang dipun kersakaken Gusti. Namung kèndel kémawon ugi sanès pilihan ingkang sembada tumraping para tiyang pitados.

Cak-cakaning tumindak

Tiyang Kristen ingkang sejati ngraosaken kabingahan nalika gesang cecaketan kaliyan Gusti. Piyambakipun mboten namung asukarena karana dipun tresnani déning Gusti, nanging ugi karana saged tumut cawé-cawé ing pakaryan agungipun Gusti. Kanggé naliti sepinten caketipun dhiri kita kaliyan Gusti, kita saged pitakèn dhateng dhiri pribadi kita upaminipun:

1. Punapa ing wekdal kapengker, kita naté menggalih bilih suka paseksi punika sanès jejibahan kita lan awit saking punika kita saged kémawon nglirwakaken? Punapa penggalihan ingkang kados mekaten punika sampun kita tilaraken samangké?
2. Punapa kita nampèni timbalan madeg dados seksi kanthi kebak raos kabingahan, utawi kita rumaos timbalan punika dados momotan kita? Paringa keterangan cekak bab punika!
3. Punapa kita badhé tansah sinau tan kendhat sacara ajeg lan kebak kasetyan ngantos kita sedaya badhé tansah samapta kanggé nindakaken timbalan minangka paseksi ing saben wekdal lan kawontenan? Lajeng punapa ingkang badhé kita lampahi ing salebeting sinau ingkang ajeg lan kebak kasetyan punika?

4. Punapa kita sedaya yakin bilih kita nembé wonten ing salebeting lampah satemah ing satunggiling wekdal mangké, kita saged mratélakaken Kristus ing salebeting solah bawaning gesang padintenan salimrahipun?

Pandonga Panutup

Panuntuning panyuraos ngajak sedaya panyuraos ndedonga sesarengan, nyenyuwun ing ngarsanipun Gusti karsaa maringaken kekiyatatan lan raos pangraos ingkang samesthinipun ngéngingi tanggal jawab Kristen dhateng saben tiyang pitados, dalah karsaa maringaken panguwaos saha tuntunanipun Sang Roh Suci ing salebetipun nindakaken dhawuh madeg dados seksinipun Sang Kristus.

[LW/YT]

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI ADIYUSWA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

BAHAN**Panyuraos Kitab Suci****Adiyuswa***Mangsa Péntakosta*

Waosan:

Pur. Dum. 18:16-33**Sepinten Raos****Preduli****Panjenengan****Dhateng****Pulihipun****Jagad?**

◎◎◎

Tujuwan:

Para Adiyuswa nglengganani bilih ing sedaya kawontenanipun, Gusti ngersakaken para adiyuswa tetep sami ngetingalaken raos predulinipun dhateng lingkungan kiwa tengenipun, ingkang lantaran sedaya punika, para adiyuswa kaajab sami asung pambiyantu kanggé pulihipun sesami.

PURWAKA

Cariyos anggènipun Gusti ngrancang badhé nglebur umatipun karana dosa-dosanipun èstunipun saged kita panggihaken mboten namung wonten ing cariyos punika kémawon. Wonten ing Purwaning Dumadi 6: 1-8 ugi kita panggihaken cariyos anggènipun Allah nglebur manungsa sarana banjir bandhang. Nadyan mekaten, wonten prekawis ingkang saèstu narik kawigatosan kita ing waosan samangké ingkang mboten pinanggih ing cariyos bab banjir bandhang. Punika sesambutan kaliyan sikepipun Gusti ingkang netepaken badhé martosaken langkung rumiyin dhateng Abraham, malah ugi ngajak Abraham saprelu wawan rembag kaliyan Abraham bab rancangan kasebat. Déné wonten ing cariyos bab banjir bandhang, Gusti namung paring pawartos dhateng Nuh ngéngingi keputusanipun Allah, ingkang sampun katetepaken, kanthi mboten ngajak Nuh wawan rembag langkung rumiyin bab anggènipun Allah badhé nyirnakaken sedaya titah ing jagad punika.

Punapa pawadanipun Gusti ngajak wawan rembag Abraham sesambeten kaliyan rancanganipun nglebur Sodom lan Gomora? Punapa punika sanès kamardikaning karsanipun Allah piyambak, déné ndadak wawan rembag rumiyin kaliyan Abraham? Punapa malih kamardikan ing karsa ingkangmekaten punika ugi sampun naté katindakaken déning Allah piyambak nalikanipun ngelem jagad sarana banjir bandhang?

Menawi kita migatosaken ayat 17-21, paling mboten pinanggih tigang prekawis ingkang saged ugi dados alesanipun Gusti ngajak Abraham wawan rembag, inggih punika:

- 1) Abraham dados pribadi ingkang mirunggan wonten ing ngarsanipun Allah. Piyambakipun kapiji déning Allah dados bapanipun sedaya bangsa.
- 2) Gusti Allah nglengganani bilih katetepanipun miji Abraham dados bapanipun sedaya bangsa punika prelu sinartan “sangu”. Punika linambaran pangajab supados sedaya ingkang katindakaken déning Abraham kasebat saged dados tuladha tumrap sedaya bangsa. Salah satunggiling cara Allah marangi sangu dhumateng Abraham inggih punika sarana ngaben-ajengaken Abraham kaliyan prekawis “kaadilan lan kayektèn”. Punika kakersakaken déning Allah supados Abraham nggadhahi “sense of crisis” (tanggap dhateng kawontenan ingkang nguwatosaken) nalika kedah ngadhepi prekawising kamanungsan, ing antawisipun inggih punika “kaadilan lan kayektèn” ingkang ing tembé wingkingipun saged dados conto utawi patuladhan kanggé trah turunipun.
- 3) Nalika semanten Allah dèrèng mungkasi katetepanipun nglebur Sodom lan Gomora. Ingkang dipun tindakaken déning Allah inggih punika taksih nimbang-nimbang utawi naliti kanthi premati kawontenan ingkang sanyatanipun, ingkang kelampahan ing Sodom lan Gomora. Punika dipun tindakaken karana ing wekdal kapengker, Gusti Allah namung mirengaken pasambat saking sawetawis tiyang, lan dèrèng sacara langsung mesthèkaken piyambak.

Kanthy tembung sanès, katetepanipun Gusti Allah ngajak wawan rembag Abraham, sejatosipun ugi satunggiling cara Gusti nedahaken bilih Panjenenganipun punika sanès pribadi

ingkang sawenang-wenang anggènipun damel keputusan. Gusti kepareng taksih maringi papan kagem umati-Pun (ing mriki Abraham) kanggé atur panimbang ing salebeting ndamel keputusan.

Tumrap tigang pitakènan ing nginggil, tetéla Abraham saged atur wangslan ingkang wicaksana. Buktinipun, nadyan Abraham mangertos bilih nalika semanten Gusti Allah dèrèng mratélakaken keputusan ingkang wekasan tumrap Sodom lan Gomora, nanging Abraham saged nggraita bilih Gusti Allah saged ugi tetep badhé ngleksanani paukumanipun. Punika ketingal saking anggènipun Abraham makaping-kaping migunakaken tembung: numpes, mejahi, nyirnakaken, ingkang sedayanipun katujokaken dhumateng Allah. Éwa semanten, Abraham ketingal mboten nyarujuki keputusan akhir punika. Tumrap Abraham, menawi keputusanipun Allah punika saèstu badhé dipun leksanani, kamangka ing tlatah mriku wonten tiyang-tiyang ingkang leres, ateges keputusan punika mboten adil.

Sesambutan kaliyan sedaya prekawis punika, mila sanadyan Abraham mangertos kelenggahanipun wonten ing ngarsanipun Allah (katedahaken nalika Abraham mratélakaken: “Kawula kamipurun munjuk wonten ngarsa Paduka” – ayat 31a), nanging prekawis punika mboten ndadosaken Abraham surut saking adrengipun nyuwantenaken “kaadilan”. Punika dipun téjakken déning Abraham sarana pambudidayanipun “nganyang” keputusanipun Gusti.

Tumrap Allah piyambak, sikepipun Abraham ingkang mekaten punika nedahaken bilih Abraham nggadhahi raos preduli punapa déné “tanggap dhateng kawontenan ingkang nguwatosaken” (*sense of cirisis*) dhateng “nasibipun” tiyang kathah. Awit saking punika Gusti Allah teras paring wewengan dhateng Abraham kanggé ngaturaken “panganyangipun”. Punapa malih nalika ngaturaken “panganyangipun” dhumateng Allah, péhak ingkang dipun labuhi déning Abraham punika sanès namung tiyang ingkang leres, ananging sedaya tiyang ingkang sami manggèn wonten ing Sodom lan Gomora kalebet ugi tiyang-tiyang ingkang nindakaken kalepatan. Tumrap Abraham, nalika Gusti kepareng paring aksama dhumateng tiyang-tiyang kasebat, punika ateges tiyang-tiyang kasebat

kaparingan wewengan kanggé mratobat lan gesang sacara langkung saé.

Namung kémawon, pangajeng-ajengipun Abraham mboten kadumugèn. Wekasaniipun Sodom lan Gomora tetep kabesmi. Punika kelampahan mboten karana Allah sampun damel keputusan ingkang gumathok, ananging karana ing tengah-tengahing masyarakat Sodom lan Gomora mboten dipun panggihaken 10 tiyang ingkang leres kadosdéné panyuwunipun Abraham. Nadyan wonten, upaminipun, punika namung Lot, putra kekalihipun dalah sémahipun. Malah sémahipun Lot piyambak wusananiipun mutusaken kangge “minger mawingking”.

Sanadyan ta mekaten, saking cariyos leburipun Sodom-Gomora, wonten sawetawis piwulang ingkang saged kita pethik:

1. Allah sanès pribadi ingkang sawenang-wenang menawi damel keputusan. Allah tetep migatosaken kawontenan ingkang sanyatanipun. Allah ugi kepareng paring wewengan dhateng umatipun kanggé mratélakaken raos predulinipun dhateng lestaring pagesangan.
2. Allah mujudaken pribadi ingkang sumadya “dipun selani” utawi “dipun saruwé” déning umatipun salebetipun ndamel keputusan. Mila prayoginipun, umatipun Allah sageda migunakaken papan ingkang dipun cawisaken déning Gusti Allah saprelu tansah “thothok-thothok” kori manahipun Allah. Awit, sarana katresnanipun ingkang saèstu ageng dhateng umatipun, Gusti Allah saged nindakaken punapa kémawon mligi kanggé kasaénan lan pemulihanipun umat kagunganipun.
3. Saben-saben wonten “kedadosan ingkang ageng”, Allah kepareng paring kalodhangsan tumrap kita sedaya kanggé suka wangsuman ingkang pratitis adhedhasar pathokan-pathokaning kaadilan, kayektèn, katresnan lan raos preduli. Lumantar wangsuman ingkang kita téla kaken kasebat, kwalitasing gesang pribadi kita badhé kapirsanan. Sesarengan kaliyan sedaya punika, kita ugi saged asung tuladha ingkang pratitis dhateng angkatan salajengipun ngéngingi sikeping gesang ingkang pratitis ingkang kedah kaéjawantahaken nalika ngadhepi kawontenan ingkang saèmper.

PITAKÈNAN KANGGÉ RAOS PREDULI

1. Ing gesang padintenan kita, (dadosa ing satengahing brayat, pasamuwan, masyarakat punapadéné bangsa), kawontenan ingkang kados pundi ingkang miturut panjenengan saged kagolongaken kados kawontenanipun Sodom lan Gomora, utawi kawontenan ingkang mboten gadhah pangajeng-ajeng? Kula aturi paring keterangan cekak nanging cetha!
2. Dhumateng kawontenan ingkang mekaten punika, punapa ingkang sampun saged kita tindakaken kanggé nylametaken lan/utawi mulihaken?
3. Pepalang punapa kémawon ingkang panjenengan adhepi nalika panjenengan mbudidaya kanggé nylametaken kawontenan “Sodom-Gomora” ingkang pinanggih ing kiwa tengen panjenengan? Saha kados pundi panjenengan ngatasi prekawis punika?

[WP/YT]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 1**

Waosan:
Wahyu 22:6-9

**Namung
Béda
Caranipun
Goso**

1. WEKDAL ENING**2. MUJI KIDUNG**

KPJ 280: 1,2,3 Kristus Sumengka

1) Kristus Gusti sumengka mring swarga,
ngutus wong pracaya tansah setya
amartakna Injil sihrahmat-Nya
kang nampènana sinungan begja
Reff.

Bra undhangna Sang Kristus jemeneng Raja
Kratonira tentrem raharja

2) Sang Pamarta sumengka mring swarga
Wong pracaya dadya lantarannya
Mrih Kratoning Allah binabarna
Dhedhasarira sih welas tresna
Reff.

3) Gusti Kristus sumengka mring swarga
Ngutus wong pracaya mbudidaya
Sirnanira rasa memungsuhan
Mrih kebabaring gung katentreman
Ref.

3. PANDONGA**4. MUJI KIDUNG:**

KPJ 194: 1,2,3 Kitab Suci Kang Adi

1) Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
Éndah saklangkung éndah, nugraha saking Allah
Nugraha saking Allah

- 2) Lembar sabda Paduka, nuntun gesang kawula
Dadya padhang manjila tamèng saking bebaya
Tamèng saking bebaya
- 3) Sabda lan Roh sung nglipur, nuwuhken raos sokur
Jinugarken kang nglawan, dadya pangéwan-éwan
Dadya pangewan-ewan

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Wahyu 22:6-9

6. NGRAOS-RAOSAKEN PANGANDIKA

Namung Béda Caranipun

Pasamuwan inggih punika patunggilan ingkang nyawiji saking tiyang-tiyang pitados dhumateng Allah Rama, Putra lan Roh Suci, ingkang katimbalan déning Allah kanggé tumut nyambut damel sesareangan ing salebeting misinipun Allah. Misinipun Allah inggih punika pakaryanipun Allah nitahaken, ngrimati, nylametaken lan nganyaraken jagad. Jagad ingkang ing mriku pasamuwan kapapanaken lan tumut makarya sesareangan ing salebeting misinipun Allah, mujudaken jagad ingkang mboten naté pedhot tansah ngalami éwah-éwahan tumuju dhateng kasampurnanipun. Awit saking punika, kawontenanipun pasamuwan dalah sedaya pakaryanipun, nggadhahi sipat ingkang tinarbuka, tansah pitakèn lan manggihaken kayekten (*kritis*), mboten namung kèndel kémawon (*dynamis*), tansah ngréka-daya murih kasaénanipun (*creatif*) laras kaliyan papan lan wekdalipun.

Salah satunggiling éwah-éwahan ingkang dipun alami déning jagad karana kemajenganipun tehnologi-informasi lan komunikasi, saha karana pandemi Covid-19, inggih punika sangsaya kathah pakaryanipun manungsa ingkang katindakaken sarana migunakaken saluran *online*. Kalebet ugi acara-acara pasamuwan ugi katindakaken sarana saluran *online* punika. Pangibadah *online*, patunggilan nyuraos Kitab Suci *online*, patunggilan pandonga *online*, patuwèn *online*, pambanguning gesang masamuwan *online*,

konseling pastoral *online*, rapat-rapat *online* ingkang ugi sampun limrah katindakaken sarana *online*. Nalika kawontenan Covid-19 sampun saged dipun kendhaléni, acara-acara pasamuwan wiwit dipun leksanani sarana pepanggihan kados sadèrèngipun, sanadyan taksih winates lan kabiyantri sarana tetep nggiyarken acaranipun sacara *online (hybrid)*. Nanging gregetipun warga pasamuwan kanggé makempal lan pepanggihan sacara langsung kados sadèrèngipun, tetéla sangsaya surut. Sapérangan warga pasamuwan tetéla langkung ngraosaken sekéca nindakaken acara sarana online. Pramila sumangga kita sami sesarengan nenimbang malih sarana migatosaken wedharing pangandika ing kitab Wahyu 22: 6-9.

Ing pérangan wekasan saking wahyu ingkang katampi déning Yohanes, Yohanes sumungkem sujud wonten padanipun Malaékat. Nanging Malaékat kalawau nyuwak panyembah-ipun Yohanes, awit ingkang pantes dipun sembah mboten wonten sanès kajawi Allah piyambak. Malaékat kalawau inggih namung abdinipun Allah kados déné Yohanes, tiyang-tiyang Kristen punapadéné para nabi.

Pengalamanipun Yohanes punika saged mbiyantu kita sedaya kanggé nglengganani bab ingkang paling utami ing salebetung gesang punika, inggih punika manembah Allah. Pangibadah ingkang kaleksanan sarana pepanggihan langsung (*onsite*) ndarbèni kaunggulan nanging ugi ndarbèni kekiranganipun. Semanten ugi pangibadah sacara *online* ugi ndarbèni kaunggulan punapa déné kakiranganipun. Mekaten ugi pangibadah ingkang kaleksanan sarana *online* lan ing wanci ingkang sami ugi katindakaken sacara pepanggihan winates (*hybrid*), ugi ndarbèni kaunggulan punapa déné kakiranganipun. Wonten ing mriki kita sami dipun èngetaken bilih tehnologi punika èstunipun namung sarana kewala. *Onsite, online* punapa déné *hybrid* namung mujudaken cara ingkang bédha.

Éwasemanten, cara punapa kémawon ingkang kapilih déning warganing pasamuwan kanggé nindakaken pangibadah, wonten paugeran utami ingkang perlu tansah dipun cepengi, inggih punika kita wajib manembah Allah kanthi tulus lan sawetahing manah. Sumangga kita sami

manembah Allah ing saben wekdal, panggènan lan ing kawontenan punapa kémawon.

7. MUJI KIDUNG

PKJ. 38:1 “PUJI MRING GUSTI”

- 1) Puji mring Gusti, kanthi trusing ati
Puji mring Gusti, kang paring basuki

(Kapujèkaken kapung 4)

8. PANDONGA

Nyenyuwun supados sedaya umat tansah setya tuhu manembah ing Allah.

9. MUJI KIDUNG:

KPJ. 348: 1, 2 “Pasamuwan Kang Nyawiji”

1. Pasamuwan kang nyawiji, netepi sabdané Gusti
Dadya paseksi sanyata, Yésus yéku Sang Pamarta
Sih rahmating Allah tumrah, maring sagunging tumitah
Saliring tyang kang pracaya, basuki gesangira
2. Pindha badan mung sajuga, nging kathah péanganira
Pasamuwan kang manunggal, mbabarken gesang kang
éngal
Samidéné mbiyantoni, wit sih-sinihan lestari
Tunggal ati, tunggal Gusti, nengsemken mring sesami

[GPT/YT]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA 2

Waosan:
Yokanan 1:14-18

**Kamulyakna
Allah
 Eloë**

1. WEKDAL ENING

2. MUJI KIDUNG

KPJ. 121: 1,2 Kula Nggunggung-Nggunggung Gusti

- 1) Kula nggunggung-nggunggung Gusti,
Sesembahan kula sejati, tanpa cela sèstu suci
Sabda-Nya dados panutan, tindak-Nya dados
patuladhan
Tyang ngupados kayektosan, suyud mring Sang Putra
Kang nglabuhi kula, wit tresna-Nya
Trusing driya tulus nyata Rila ngurbanken sarira
- 2) Gusti ngundhangken pawarta
Luwarira tyang miskin papa, sing sangsara mrih raharja
Nggih pangentasan sanyata, kang tinindhes lan
kinunjara
Pulih harkat, martabatnya, tyang kang nandhang raga,
samyu dèn sarasna, wah mbabarken Yobèl tahun
pangluwaran, nggih sihrahmaté Pangéran

3. PANDONGA

4. MUJI KIDUNG

KPJ. 292: 1,2 Sang Roh Suci Rohing Katresnan

- 1) Sang Roh Suci Rohing katresnan
Nuntuna mring kula slaminya
Nyingkirna raos pasulayan,
amrih jagad tentrem raharja
ngrukunken tyang kang cecongkrahan

- mbereg nilar tumindak dosa
 ngiyatken manah ingkang semplah
 dhuh Gusti nuntuna mring kula
- 2) Dhuh Roh Suci Roh kasunyatan
 Nunggila mring kula slaminya
 Mrih babaring karsané Allah
 Wah tobating tyang ambeg-siya
 Labuh labet sepi ing pamrih
 Nglawan panindhes kalawan sih
 Tan ajrih pepalang rubéda
 Dhuh Gusti nunggila mring kula

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yokanan 1:14-18

6. NGRAOS-RAOSAKEN PANGANDIKA

“Kamulyakna Allah”

Saru! mboten ilok! Mekaten punika padatanipun warga masyarakat Indonesia menawi kedah ngrembak bab seks. Salah satunggaling kanyatan ingkang saèstu mrihatosaken ing wekdal samangké inggih punika marakipun tumindak kasar ing bab seksual, dadosa ing salebetting gesang bebrayatan, punapadéné ing bebadan pendhidhikan, kalebet ugi badan pendhidhikan ingkang kadhasaraken ing dhasar agami. Punika ingkang sampun kawiyak, lan mesthinipun ugi taksih wonten tumindak kasar ing babagan seksual, ingkang dèrèng kawiyak. Ing salebetting kawontenan lan swasana ingkang mekaten punika, sumangga kita sami nimbang-nimbang dhiri minangka pasamuwan, sarana migatosaken pangandika ing Yokanan 1: 14-18.

Injil Yokanan ngajak kita sedaya kanggé mitadosi Yésus minangka Sang Mesih, Putraanipun Allah. Injil Yokanan kawiwitau sarana pambuka ingkang mratélakaken bilih Yésus punika Sang Sabda, ingkang manjalma dados manungsa. Sang Sabda manjalma dados manungsa lan makuwon ing antawis kita sedaya. Makuwon ing antawis kita“ ugi saged dipun maknani “manjing tarub (berkemah) ing antawis kita.” Gambaran ingkang dipun anggé déning

Yokanan inggih punika kita ingkang nembé lumampah ing ara-ara samun. Ing wanci dalu, kita mesthi badhé ngedegaken tarub (*tenda*) lan kita sami nyeksèni bilih Allah manjing tarub ing antawis kita saperlu paring pepadhang. Salah satunggiling ginanipun pepadhang inggih punika mratélakaken kayektèn. Ingkang yekti (leres) badhé ketingal kayektènipun, mekaten ugi ingkang lepat ugi badhé kawiyak kalepatanipun. Awit saking punika, sumangga kita sami gesang minangka putra-putranipun Allah ingkang mratélakaken kayektèn.

Sumangga kita sami menggalih prekawis ingkang leres, inggih punika mulyakaken Allah lumantar nalar kita. Sampun ngantos kita sami menggalih prekawis-prekawis ingkang awon, kalebet ngrancang tumindak kasar dhateng sesami. Sumangga kita sami ngucap prekawis ingkang leres, inggih punika mulyakaken Allah lumantar padamelan kita. Sampun ngantos kita nindakaken tumindak kasar sacara kajiwian (ngèndelaken, mboten preduli dhateng warga brayat sanèsipun, lan sapiturutipun), dhateng sesami, kalebet ugi tumindak kasar ing prekawis seksual. Sami makaryaa ingkang leres, inggih punika kanthi mulyakaken Allah lumantar panyambut damel kita. Sami nglampahaha gesang ingkang leres, inggih punika mulyakaken Allah ing salebeting gesang panjenengan, awit Allah sampun kepareng dedalem wonten ing gesang pagesangan kita. Amin.

7. MUJI KIDUNG

KPJ. 158: 1,2,3 “Ditansah Padha Bungaha”

- 1) Ditansah padha bungaha, nampèni kabegjan swarga
Karana kita wong dosa, ingentas saking antaka
Reff.
Tansah bungah, ing patunggilané Gusti
Tansah bungah, wit sinung gesang sejati
- 2) Tansah ulah kabecikan, dhemen awèh pitulungan
Yéku pratandhaning sokur, mring sihing Allah Maluhur
Reff.

- 3) Ditansah manteb pracaya, tan was sumelang ing ati
Tegen nyenyuwun ndedonga, pasrah wit Gustimu
nganthing.
Reff.
Tansah bungah, ing patunggilané Gusti
Tansah bungah, wit sinung gesang sejati

8. PANDONGA

Nyenywun supados umat sami tansah setya tuhu nguluraken Allah.

9. MUJI KIDUNG

KPJ. 125: 1,2,3 “Lamun Kula Mlampah”

- 1) Lamun kula mlampah, nèng margining Allah
Kula sèstu ngraosken bingah, kula yakin èstu
Gusti nuntun tamtu, tyang kang pitados satuhu
Reff.
Mung sawiji, kabegjan sejati
Nggih pitados mring Gusti, wah manut lan bekti
- 2) Yén peteng ing manah, kabidhung ing sisah
Kula nilingken sabdèng Allah
Uwas lan kuwatir, wus tamtu sumingkir
Angger pasrah kang trusing manah
Reff.
- 3) Iba begja kula, sajroning ginodha
Kiniyatken déning sabda-Nya
Rineksa rinimat, tan dhawah tan lesah
Wit saking sih rahmating Allah
Reff.

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 3**

Waosan:
Yokanan 14:1-14

**“Wantun
Nglampahi
Gesang”**

©2020

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 34:1-2 “ULUKNA PAMUJI”

- 1) Ulukna pamuji kanthi trusing ati hé titah mring Gusti Allah kang setya lan mahamirah, wit sira rinoban berkah.
- 2) Saosa panuwun kanthi masmur kidung hé sira wong kang pracaya mring Allah sumbering berkah; wit sira sinung raha raja.

3) PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 195:1-2 “KULA DATAN BADHÉ NRIMAH”

- 1) Kula datan badhé nrimah, datan badhé rila, pepadhang saking Yéhuwah tinampik pra jalma. Tan badhé sabdèng Allah pikekah kawula sinrahken dhateng mengsa kang ambek daksiya.
- 2) Sabdèng Allah gung piguna mring sepuh-anèma Kang ringkikh sinantosakken, lesah kiniyatken. Tiyang kang wangkot ing manah nulya dados lembah: samya dadya sembada wit sabdèng kang kwasa.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yokanan 14:1-1

6. RENUNGAN

Panuntun pakempalan pandonga miwiti srana ngajak ingkang rawuh ngandharaken pamanggihipun kanthi tuntunan kados ing ngandhap:

1. Kersaa nyariyosaken raos ajrih ingkang naté panjenengan raosaken ing salebetung gesang!
2. Kersaa nyariyosaken kados pundi panjenengan ngatasi raos ajrih punika!
3. Sasampunipun sami ngandharaken cariyosipun, panuntun pakempalan pandonga ngajak para rawuh ngrenungaken pangandikanipun Gusti srana ngrosaken renungan ing ngandhap punika.

“WANTUN NGLAMPAHI GESANG”

Satunggaling legéndha musik reggae asal Jamaika, Bob Marley (1945-1981) naté nyerat, “*Some people feel the rain, others just get wet.*” Tegesipun namung sawetawis tiyang ingkang saged nikmati jawah, déné sanèsipun namung ngraosaken teles! Lajeng, kados pundi caranipun supados kita saged ngraosaken jawah lan mboten namung nampèni “telesipun?” Mboten wonten cara sanès kejawi nampi jawah punika minangka kanyatan ingkang kedadosan. Utawi, ugi saged kita ngadeg ing sangandhaping jawah. Senadyan kita mangertos, risiko *udan-udanan* punika masuk angin, flu, watuk, lss.

Gesang ingkang kita lampahi ugi kebak ing risiko. Kawusananipun, kita ajrih nglampahi, awit rumaos mboten kuwawi nyanggi risikonipun. Pramila, William Wallace, tokoh pembébasan Scotlandia (1270-1305) naté ngendika, “*Every man dies, not every man really lives*” (Sedaya tiyang badhé tilar donya, nanging mboten sedaya tiyang saèstu gesang).

Jejer pakempalan pandonga dinten punika ngajak kita sedaya wantun nglampahi gesang, kalebet sedaya risiko lan kawusananipun. Kéging punapa kita kedah wantun nglampahi gesang? Waosan kita dinten punika mangsuli pitakènan kasebat.

Yokanan 14:1-14 nyariyosaken Gusti Yésus ingkang nentremaken para muridipun, sadèrèngipun Panjenenganipun séda ing kajeng salib. Tetéla kanthi cetha, Gusti Yésus ngudi nyakinaken para murid bilih punapa ingkang kedadosan salajengipun mboten ngéwahi sesambutan ingkang sampun wonten ing antawisipun para murid lan Panjenenganipun. Gusti Yésus nyakinaken bilih Panjenenganipun lan para murid tansah badhé wonten ing sesambutan ingkang celak. Ing papan pundi Gusti Yésus wonten, ing ngriku ugi para murid wonten. “*Aku bakal bali lan ngajak kowé menyang ing papan padunungan-Ku, supaya ing ngendi padununganku, kowé iya padha anaa ing kono uga,*” pangandikanipun Gusti Yésus ing ayat 3.

Gusti Yésus ngendika bilih Panjenenganipun punika minangka margi, kayektèn, lan kauripan. “*Aku iki dalané, sarta jatiné kayektèn lan kauripan. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku,*” mekaten sabdanipun Gusti Yésus ing ayat 6. Gusti Yésus nélakaken bilih Panjenenganipun punika margi. Margi punika nyambetaken setunggal papan dhateng papan sanèsipun. Minangka margi, ateges Gusti Yésus dados Tiyang ingkang nindakaken sesambutan ing antawisipun manungsa lan Sang Rama. Supados saged dumugi Sang Rama, tiyang kedah nglangkungi Gusti Yésus. Gusti Yésus nandhesaken bilih Panjenenganipun punika jatining kayektèn lan kauripan. Kejawi minangka margi, Gusti Yésus ugi nélakaken minangka jatining kayektèn lan kauripan. Dados, Gusti Yésus punika Sang Pantara ing antawisipun manungsa lan Gusti Allah ingkang leres lan ngasta kauripan.

Mboten namung minangka margi, Gusti Yésus nerangaken bilih Panjenenganipun wonten ing Sang Rama, lan Sang Rama wonten ing Panjenenganipun (ayat 10). Menawi Gusti Yésus punika margi tumuju Sang Rama, kamangka Panjenenganipun ugi ngendika bilih “Aku ana ing Sang Rama lan Sang Rama ana ing Aku,” mila cetha bilih Gusti Yésus punika “Sang Margi” ugi “Sang Tujuwan.” Nalika tiyang lumampah ing marginipun Gusti Yésus, tiyang punika sampun dumugi ing Sang Rama, awit Gusti Yésus

wonten ing Sang Rama, lan Sang Rama wonten ing Gusti Yésus! Sang Margi ugi Sang Tujuan!

Ayat 12 nélakaken, “*Satemen-temené pitutur-Ku marang kowé: sing sapa pracaya marang Aku, iku bakal nindakaké uga panggawé-panggawé kang Daklakoni, malah panggawé-panggawé kang luwih wigati katimbang karo iku.*” Lumampah ing marginipun Gusti Yésus ateges nindakaken punapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus. Lumampah ing marginipun Gusti Yésus ateges nggesangaken gesangipun Sang Kristus ing salebetung gesang kita. Ngemu risiko? Temtu kémawon! Nanging sampun kesupèn, bilih Gusti Yésus, Sang Margi punika ugi Sang Rama, Sang Tujuan. Lumampah ing salebetung Gusti Yésus ateges lumampah ing pangrengkuhipun Sang Rama. Inggih punika ingkang dados jaminan ing salebetung kita nglampahi gesang.

Ing satengahing pandhemi kanthi risiko, pangancam, lan gesang ingkang mboten gumathok ingkang sapunika dados bab gumathok ingkang énggal, kadhang damel kita mangu-mangu njumangkah mengajeng. Éwasemanten, kita kedah tansah lumampah mengajeng. Kita katimbalan wantun ngadhepi raos ajrih lan wantun nglampahi gesang kanthi sedaya risiko ingkang wonten. Mboten namung punika, kita ugi kautus andum gesang kaliyan sesami kita. Pramila, sampun pisan-pisan nyerah! Mangga sami kita lampahi lan nikmati gesang kita ingkang kebak tikunganipun, ménggak-ménggok ingkang kadhang ndadosaken kita gumujeng, nanging ugi ingkang asring ndadosaken kita kedah nètésaken luh. Mangga kita sami tetep jumangkah, ngantepaken manah lan sumarah. Awit nalika kita lumampah ing margining Sang Kristus, kita lumampah ing pangrengkuhing sihipun Gusti Allah; kita lumampah ing salebetung Sang Margi, ingkang ugi Sang Tujuan! Amin.

7. WEKDAL ENING

8. PANDONGA

- Caos sokur awit gesang ingkang kaparingaken déning Gusti, kanthi sedaya dhinamika ingkng kita alami.
- Nyenyuwun supados Gusti maringaken kakendelan dhateng kita wantun ngadhepi sedaya raos ajrih ing gesang kita.
- Nyenyuwun supados umat nggadhahi kayakinan kanggé tansah nglampahi gesang kanthi kebak ing raos sokur lan pitados dhateng panuntunipun Gusti.
- Nyenyuwun supados patunggilan kita dados patunggilaning gesang ingkang tansah andum pangajeng-ajeng lan gesang kaliyan tiyang sanès.
- Pandonga sanèsipun kacundhukaken kaliyan kawontenan lan kabetahaning kelompok/pasamuwan

9. KIDUNG

KPJ 1963:1-2 “KULA PÉNGIN LIR GUSTI”

- 1) Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati,
tandang tanduk lan tembung mrak ati ngresepi.

Refrein:

O, lah, kawula sèstu tan mèmper lan Gusti.
Kula mugi winulang, nulad maring Gusti.

- 2) Kula péngin lir Gusti, sumarah lan pasrah,
napa kang sunlampahi, nut karsaning Allah.

Refrein:

[DCAC/WMS]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA 4

Waosan:
Purwaning Dumadi 11:1-9

**“Sampun
Kumingsun
ing Salebetung
Kaangkuhan!”**



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 14 “KULA SAMYA TETUNGGILAN”

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran, wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan.

Ref.:

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti, wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja

- 2) Kula rinoban ing begja rinten-dalu tan kendhat, ing lelampaahan prasaja dalah srana mukjijat.

Ref.:

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti, wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 17 “MUGI RAWUHA, DHUH GUSTI”

- 1) Mugi rawuha, dhuh Gusti! (x3)
Mugi rawuh, dhuh Gusti.
- 2) Kula nyawiji, dhuh Gusti! (x3)
Kula sami nyawiji.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Purwaning Dumadi 11:1-9

6. RENUNGAN

“Sampun Kumingsun ing Salebeting Kaangkuhan”

Temtu kita ènget paribasan: “*Bersatu kita teguh, bercerai kita runtuh*”. Kadosipun paribasan punika dados lelawanan kaliyan patrapipun Sang Yéhuwah, ingkang ngisruhaken bangsa Israèl ingkang kepéngin tetep gesang manunggal lan mboten kapisahaken. Kéging punapa Sang Yéhuwah nindakaken bab punika?

Cariyos punika nglajengaken cariyosipun Rama Nuh lan brayatipun ingkang mandhap saking baita kanthi mbekta setunggal basa lan sajangkepipun. Nalika turunipun Rama Nuh tambah cacahipun, sami nglajengaken migunakaken basa ingkang sami awit basa sampun trep. Dumugi wekdal semanten, sedayanipun aman-aman kémawon. Prekawis sami wiwit tuwuhanalika sami mutusaken damel satunggaling menara ingkang inggil sanget ngantos pucaké sundul langit kaangkah saged nggepok "gendewaning langit" ing sangginggilipun. Tiyang-tiyang punika gadhah pangangkah bangunan raseksa punika badhé suka kaurmatan ing sangajenging manungsa lan saged ugi ing ngarsanipun Gusti Allah.

Ancasing pambangunan proyèk punika wonten kalih. *Kapisan*, bangsa Israèl kepéngin mangertos kanthi gumathok bab kekiyatán ingkang saged tuwuhanawit wontenipun tetunggilan. Kitha lan menara punika kaangkah badhé saged ngiket bangsa punika dados kekah --- malah senadyan tanpa pitulunganipun Gusti Allah. *Kaping kalih*, bangsa punika gadhah niyat ndadosaken dhirinipun misuwur. Punika kacetha saking anggenipun sami sesorah: “Payo padha yasa kutha, nganggo menara kang pucaké sundhul langit, supaya jeneng kita dadi misuwur lan kita aja nganti pating slebar ana ing salumahé bumi.” Inggih ing ngriku dununing kalepatanipun, inggih punika nganggep dhiru kuwawi ngadeg piyambak. Punika kedadosan awit raos angkuh ingkang nguwaosi pikiranipun. Bangsa punika kepéngin mesthèkaken bilih mboten badhé dipun supèkaken tiyang. Menara punika kaangkah badhé

ndadosaken sami manunggil lan mesthèkaken bilih naminipun mesthi badhé kalanggengaken. Bangunan ingkang munggul punika badhé dados monumèn bab tenaga, kakendelan, kapinteran, lan kasugihanipun.

Sang Yéhuwah paham pepénginan, motivasi, lan rancanganipun tiyang-tiyang ingkang nindakaken pangraman ingkang meningakan dhiri punika. Pramila Sang Yéhuwah lajeng tumindak ngisruhaken rancanganipun tiyang-tiyang punika. Sang Yéhuwah "ngisruhaken" rancanganipun tiyang-tiyang wau srana akarya basa ingkang bédá-bédá temah mboten sami-déné paham. Kita ènget kedadosan Pentékosta, ing pundi Gusti Allah maringi ganjaran migunakaken basa ilat dhateng para murid (LPR. 2:5-11). Kedadosan Pentékosta mujudaken kosok-wangsul kaliyan kedadosan Babil. Bédaning basa ingkang dipun ginakaken déning para murid, mujudaken peparing saking Gusti Allah. Srana ganjaran kasebat para murid saged wicantenan ingkang saged dipun pahami déning sedaya tiyang saking sawernining bangsa lan dados berkah. Ananging sawernining basa ing Babil mboten dados ganjaran, nanging ipat-ipat saking Gusti Allah kanggé ngisruhaken rancanganing manungsa.

Para sedhèrèk, bab pambudidaya kanggé njagi patunggilan sejatosipun mboten lepat. Nanging menawi pambudidaya kasebat dados wujuding kaangkuhaning manungsa kanggé nélakaken anggénipun kumingsun awit prèstasi ingkang dipun gayuh, mila ingkang dipun asilaken sanès patunggilan ananging bebantahan, kekisruhan, lan kabingungan. Ananging nalika pakaryaning Gusti Allah ingkang nggumunaken ingkang kawartosaken, temah saben tiyang saged mirengaken pawartos kabingahan, ing basanipun piyambak, bab punika ndadosaken kamulyaning Gusti. Sinau saking cariyos punika, sumangga sami tetepa dados tiyang ingkang lembah manah lan tansah caos sokur awit sedaya ganjaran ingkang kaparingaken déning Gusti kagem kamulyaning asmanipun Gusti, sanès kanggé kaangkuhaning dhiri. Amin.

7. KIDUNG TANGGAPAN

KPJ 352:1-3 “SANTOSANING TETUNGGILAN”

- 1) Santosaning tetunggalan wit saka katesnan.
Dèn sabar ing atinira, sarèh ing wicara.
Dipadha lan dilumadi, tan ngegungken dhiri.
Kabèh iku kang ingangkah tandha sih mring Allah.
- 2) Atut-rukun angesuhi, timbalan lestari.
Yéku badan lan roh kita manunggal sajuga.
Kadya pangèsthi sawiji kang kita darbèni;
Yéku sing-rahmaté Allah kang lubèr ing berkah.
- 3) Tunggal baptis, tunggal Gusti, wah tunggal pracaya,
tunggal sedya miwah kapti, yéku timbalannya.
Kabèh pikantuk nugraha sih-rahmat kang adi.
Gedhé cilik pinta-pinta samirmaning Gusti.

8. PANDONGA

- Nyenyuwun supados umat saged gesang nilar kawigatosaning dhiri srana nengenaken kawigatosan sesarengan.
- Nyenyuwun supados saged gesang lembah manah lan caos sokur awit sedaya peparingipun Gusti.
- Nyenyuwun supados saged migunakaken peparingipun Gusti kanthi saé lan leres miturut kersanipun Gusti.
- Ndongakaken patunggilan supados saged dados patunggilan ingkang sami-déné anggènipun preduli lan ngladosi.
- Sanès-saNècipun cundhuk kaliyan kawontenan ing pasamuwan.

9. KIDUNG

KPJ 160:1-3 “GUSTI, KAWULA NGATURAKEN BADAN NYAWA”

- 1) Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula,
Sumangga Paduka agem kawula kagunganta.
Ref.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
Dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah paduka.
- 2) Datan wonten andel-andel namung Paduka Gusti;
Mila kawula kumandel pasrah kang trus ing ati.

- Ref.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
Dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah paduka.
- 3) Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan
Kagema dados lantaran babaring kabingahan.
Ref.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
Dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah paduka.

[NS/ WMS]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA 5

Bacaan:
Lelakoné Para Rasul 26:19-29

**Medal
Saking
Sindrom
Minoritas**
GOD

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 21:1-3 “PRA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA”

- 1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih-susetya.
Haléluya! Haléluya!
- 2) Pujinen Hyang Murbèng rat,
Gusti kang gung sih-rahmat
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!
- 3) Allah kang Mahakwasa wus nylametken manungsa,
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.
Haléluya! Haléluya!

3. PANDONGA

4. KIDUNG PASAMUWAN

KPJ 450:1-3 “SUMANGGA MAKARYA”

- 1) Sumangga makarya, para utusan setya
ngundhangaken kabar adya, sih rahmat saking swarga
mrih tyang kang peteng manahnya,
dadya padhang lejara.
Sumangga samekta, tansah makarya.
- 2) Sumangga makarya, dipun kepara cukat*,
mbabarken tresna sanyata, mrih tyang dosa mratobat,
panggah ngadhepi bebaya, Gusti nganthy slaminya.
Sumangga samekta, tansah makarya.

- 3) Sumangga makarya, klayan mantep ing driya,
manggul salibing Sang Kristus mbélani kang siniya.
Kang tinindhes sinangsara, bingar, tentrem gesangnya.
Sumangga samekta, tansah makarya.

5. PAMAOSING KITAB SUCI

Lelakané Para Rasul 26:19-29

6. RENUNGAN

“Medal saking Sindrom Minoritas”

Mboten sekedhik tiyang Kristen ing Indonesia nandhang *sindrom minoritas*, inggih punika raos-pangraos ingkang damel tiyang-tiyang sami rumaos asor, namung sekedhik cacahipun, alit, lan tansah dipun ayang-ayangi kuwatos sarta ajrih ing satengahing gesang sesarengan minangka bangsa Indonesia. Bab punika dados pepalang ingkang sanget tumrap tiyang Kristen kanggé makarya sacara bébas lan kanthi longgar, lan ugi kanggé nélakaken kapitadosan saha timbalan peladosanipun.

Sindrom minoritas nuwuhaben patraping gesang ingkang *pragmatis*, ingkang nengenaken bab-bab ingkang praktis, tansah kepéngin gesang kanthi éca lan sekéca (*nyaman*), mboten wantun nélakaken pamanggih ingkang bédá kaliyan tiyang kathah (*majoritas*) lan namung kepéngin pados aman. Wusananiipun dados tiyang-tiyang ingkang mangsa bodho lan mboten tanggap (preduli) dhateng kawontenaning kiwa tengenipun, gesang namung kanggé dhiri pribadi.

Gegayutan kaliyan timbalan gesang masamuwan. *sindrom minoritas* punika mambengi sanget tugas-tugas pawartosing Injil utawi paseksi. Wonten raos wegah/arasa-srasen mujudaken peladosan katresnan dhateng sesami, upaminipun ing bab ékonomi lan keséhatan, gréja ajrih ngawontenaken aksi kapredulèn awit saged nuwuhaben kawontenan kisruh, dredeg (*kegaduhan*) sosial kanthi pandugi (*sangkaan*) kristenisasi. Mekaten ugi ingkang gegayutan kaliyan jejeging hukum lan HAM (*Hak Asasi*

Manusia) langkung remen kèndel. Wonten raos ajrih bilih swanten minangka nabi ingkang kaswantenaken déning gréja malah dados bumerang temah nggriséni raos nyaman ing gesangipun. Ing bab idin ngedegaken gréja, mboten sekedhik gréja pados raos aman srana celathu yèn taksih saged ngibadah kanthi aman ing lingkunganipun, mboten prelu ngurus legalitasipun, "ora usah nggugah macan turu". Lajeng kados pundi nalika ngadhepi tumindak ingkang mboten adil sanèsipun, punapa gréja ugi badhé kèndel kémawon nalika bab punika kedadosan ing sangajengipun?

Lelakoné Para Rasul 26:19-29 ngabena jengaken kita kaliyan wewarah bilih minangka tiyang ingkang sampun kawilujengaken lan gesang ing salebetung wungunipun Sang Kristus, patraping gesangipun tiyang pitados kedah nélakaken kakendelan lan manah ingkang kukuh kanggé nélakaken kaleresan lan kaadilan senadyan tanggelanipun mboten ènthèng.

Gréja minangka wohing pakaryaning kawilujenganipun Gusti Allah kedah sumadya netepi ayahan timbalanipun ing satengahing gesang sesarengan senadyan sanès mujudaken kempalan ingkang ageng/*mayoritas* lan kanthi ngadhepi tanggelan ingkang mboten ènthèng.

Cariyos gesangipun Rasul Paulus kedahipun dados tuladha tumrap gréja lan umat Kristen wantun medal saking *sindrom minoritas* lan kanthi teguh nélakaken paseksi ing satengahing gesangging masyarakat. Wiwit anggènipun pepanggihanipun kaliyan Sang Kristus ing gapura kitha Damsyik, ingkang tundhonipun dados wiwit aning pamratobatanipun, Rasul Paulus tansah nyeksèkaken Gusti Yésus Kristus lan ngumandhangaken timbalan pamratobat dhateng tiyang-tiyang Yahudi ing Damsyik, ing Yérusalèm, ing tanah Yudéa lan dhateng bangsa-bangsa sanès. Rasul Paulus ing saben pakaryanipun ngajak mratobat lan mujudaken pamratobat punika ing saben jangkah nglampahi gesangipun.

Sasampunipun mratobat sayektosipun Rasul Paulus kalebet dados golongan *minoritas*, inggih punika tiyang Yahudi ingkang dados pendhèrèkipun Gusti Yésus, dados tiyang Kristen ingkang wekdal semanten nembé sekedhik

cacahipun lan asring ngalami dhiskriminasi. Ananging bab punika mboten ndadosaken Paulus nggadhahi sesakit *sindrom minoritas*. Paulus malah nélakaken dhirinipun minangka tiyang Kristen lan wantun nindakaken paseksi dhateng sedaya tiyang. Pakaryan lan paseksinipun Rasul Paulus punika dipun tanggapi srana panutuh damel kuceming Padaleman suci, kaanggep nerak adat istiadat leluhur, damel kisruh ing Yérusalèm lan kapungkasan srana dipun cepengipun Rasul Paulus.

Kedadosan dipun cepengipun Rasul Paulus kalajengaken pangadilanipun Rasul Paulus kanthi panutuh bab ingkang mboten katindakaken. Rasul Paulus berjuang kanggé kaleresan lan Injil nalika dipun sowanaken dhateng komandhan, wali negari, imam agung, lan para ahli Torét sarta kasowanaken Raja Agripa II. Kawontenan punika mboten damel ajrih Rasul Paulus lan lajeng këndel nindakaken paseksi. Nanging kosok-wangsulipun kawontenan punika kaginakaken minangka panggung kanggé nindakaken paseksi bab Gusti Yésus Kristus dhateng kathah tiyang.

Ing sangajengipun Raja Agripa, Paulus mboten namung mbèla dhiri, ananging malah ngajak sang raja pitados lan ngyakinaken bab pamecanipun para nabi ing bab Gusti Yésus Kristus. Kakendelanipun Paulus celathu ing sangajenging pangadilan agami lan negari dipun landhesi déning kapitadosan dhumateng Gusti Yésus Kristus ingkang sampun séda lan wungu, ingkang manggihi piyambakipun ing gapura Damsyik. Kuwaosing patangèn ingkang wonten ing dhirinipun Paulus sampun ndadosaken Paulus mboten kablenggu déning *sindrom minoritas*, raos asor utawi gesang ing salebeting raos ajrih. Kejawi punika Rasul Paulus ugi pitados bilih tumindakipun ugi dipun ayomi déning pranataning negari, awit Rasul Paulus ugi nggadhahi warga negari Roma, temah tiyang-tiyang ugi mboten saged dakwenang dhateng piyambakipun. Pramila Rasul Paulus kepéngin supados prekawisipun kabekta dhateng pangadilaning Kaisar, Rasul Paulus ngajengaken *bandhing* kanggé ngudi saged pikantuk kaadilan.

Saking LPR 26:19-29 kita sinau bilih dados tiyang ingkang sampun kawilujengaken lan pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus katimbalan nindakaken paseksi bab Sang Kristus lan gesang miturut kersanipun. Minangka umat Kristen utawi pasamuwan ing Indonesia, sapérangan ageng umat Kristen gesang minangka kelompok alit temah cap *minoritas* asring dipun tèmplèkaken déning tiyang-tiyang ingkang mapanaken dhiri minangka *majoritas*. Cap minangka kaum *minoritas* ing wekdal ingkang dangu badhé ndadosaken bab ingkang mbtoten prayogi tumrap gesanging kapitadosan lan gesanging ngagami tiyang Kristen ing Indonesia. Bab punika badhé saged ndadosaken gréja lan tiyang Kristen kirang kendel nalika kedah ngudi kaadilan lan kaleresan ing gesang padintenan. Tiyang-tyang Kristen badhé condhong ngalah sauger mboten wonten konflik, nanging saleresipun bab punika langkung condhong ngèndelaken utawi patrap mangsa bodho dhateng tumindak ingkang mboten adil.

Kadhang kala patrapipun gréja lan tiyang Kristen ingkang kados mekaten punika damel gregeten kelompok *majoritas* utawi bebadan ingkang migatosaken babagan bedhami lan HAM. Tiyang-tyang punika malah nyemangati gréja lan tiyang Kristen supados mboten ajrih makarya lan nélakaken pamanggih. Salah satunggalipun kaandharaken déning satunggaling panaliti LIPI Prof. Musda Mulia, ingkang criyos: “*Umat Kristen di Indonesia jangan merasa dan jangan mau dianggap minoritas. Kita semua turut mendirikan bangsa ini. Kita semua adalah pemilik sah negara ini. Kita warga negara yang punya hak dan kewajiban yang sama*”.

Gréja lan tiyang Kristen ing Indonesia punika péranganing sah saking NKRI ingkang nggadhahi hak lan kuwajiban ingkang sami lan nampi pangayoman hukum. Pramila, gréja lan tiyang Kristen kedah saged medal saking *sindrom minoritas*. Kejawi punika, kuwaosing wungunipun Sang Kristus lan kuwaosing Roh Suci sampun nyarengi gréjanipun ngadhepi sadhéngahing tantanganing gesang wiwit rumiyin dumugi sapriki. Mugi Gusti mitulungi kita sedaya. Amin.

7. KIDUNG PASAMUWAN

KPJ 369:1-2 “TETIYANG KANG ADIGUNG”

- 1) Tetiyang kang adigang mung nyebar panandhang.
Wateknya sami tegel, nindhes mring sanès tyang.
Pituwasnya bebendu bramantyuning Gusti.
Nging tyang tresna satuhu gesang yekti (x2)
- 2) Tetiyang kang adigang mung nandur sangsara.
Remen umuk gumunggung, ngina mring pepadha.
Mesthi ngundhuh antaka, wit adiling Allah.
Nging tyang kang lembah-manah sinung berkah (x2)

8. PANDONGA SAFAAT & PANUTUP

9. KIDUNG PANUTUP

KPJ 339:1-2 “IBA DÈNNYA MBINGAHAKEN”

- 1) Iba dènnya mbingahaken, yèn ing sajagad wrata,
kaadilan dèn agungken, binabar anèng donya.
Ref.: Srana sih-katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus.
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih-rahmat.
- 2) Iba dènnya nengesmaken, yèn manungsa sabumi
mersudi tentrem rahajeng, mbabarken sihing Gusti.
Ref.:

[YAW/WMS]

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 6**

Waosan Kitab Suci:
Roma 10:9-15

**Sejatosipun,
Punapa
Ingkang
Nembé
Kelampahan**
©O&W

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPK BMGJ 295: 1-2

SANG ROH SUCI

- 1) Sang Roh Suci dedalem ing ati nucèkken mrih gesang anyar yekti mung tansah olah katusnan wah gesang ing kabingahan Sang Roh Suci dedalem ing ati.
- 2) Sang Roh Suci dedalem ing driya temahan gesang tentrem raharja sabar sarèh paramarta kautamèn dèn tengena Sang Roh Suci dedalem ing driya.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI: KPK BMGJ 295: 3-5

- 3) Sang Roh Suci dedalem ing manah temah tyang pracaya setya tansah andhap asor alus budi saged ngemudhèni dhiri Sang Roh Suci dedalem ing ati.
- 4) Sang Roh Suci dedalem ing driya pakartining daging dèn simakna lampah rusuh sarta jina, hawa nepsu sengitana Sang Roh Suci dedalem ing driya.

5) Sang Roh Suci dedalem ing driya
 nyirnakna panyembahing brahala
 sihir, sesatron, wah meri, pasulayan dèn tebihi
 Sang Roh Suci dedalem ing ati.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Roma 10: 9-15

6. RENUNGAN

“Sejatosipun, Punapa Ingkang Nembé Kelampahan”

Ing satunggaling dinten Minggu kaping tiga wulan januari 2022 wonten satunggaling pemimpining agami ingkang kawentar ing Indonésia ingkang nyariyosaken wonten ing stasiun tipi bilih agaminipun ngrembaka kanthi rikat ing Amérika Serikat lan gadhah pangajab supados piwucal-piwucal agaminipun saged langkung rowa mangaribawani tumrap gesangng jagad. Mbokbilih nalika mireng siyaran tipi punika, kita lajeng kamitenggengan lan ngucap ”wow... élok tenan Kanyata wonten tiyang ingkang saèstu yakin kaliyan imanipun, ngugemi kanthi bakuh lan ngajab supados piwucaling agaminipun saged sangsaya sumebar lan mangaribawani sacara rowa ing jagad punika.”

Kasunyatan kasebat saèstu béda kaliyan punapa ingkang dumados ing sapéranganing golonganipun tiyang Kristen. Wonten tiyang Kristen ingkang kanthi mangumangu ngakeni dhirinipun Kristen amargi gesang wonten ing satengahing masyarakat ingkang béda agami. Wonten ugi tiyang-tiyang Kristen ingkang dipun tangkleti bab imanipun ananging mboten saged mangsuli kanthi prayogi lan ngyakinaken. Ugi wonten tiyang Kristen ingkang dipun suwuni tiyang ingkang saweg nandang sakit ing griya sakit supados purun ndongakaken nalika tetuwi, ananging namung mangsuli „inggih mangké kula dongakaken ing griya nggih“ Pitakènanipun, “Kénging punapa sedaya punika saged kelampahan? Sejatosipun, punapa ingkang nembé kelampahan wonten ing dhirinipun tiyang-tiyang

Kristen kasebat? Punapa sami ajrih, lingsem utawi amargi timbalan ngabaraken Injil Kabar Kabinet kirang tumanem bakuh wonten ing manahipun?”

Wonten ing Pakempalan Pandonga Mangsa Péntakosta samangké, sumangga kita ugi ngraos-raosaken saha pitakèn dhateng dhiri kita piyambak-piyambak, “Wonten ing posisi kados pundi kita samangké?” “Punapa kita kalebet tiyang-tiyang ingkang lingsem, ajrih lan mangu-mangu utawi tiyang ingkang nggadhahi kakendelan saha timbalan ngabaraken Injil ing gesang kita padintenan?”

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Mangsa Péntakosta ingkang ing wekdal punika kita raos-raosaken ngèngetaken kita dhateng cariyos-cariyos pekabaran Injil ingkang dipun rékam wonten ing Kitab Suci. Wonten cariyos-cariyos héroik (kadyo pahlawan) ingkang dipun cariyosaken, ingkang salah satunggalipun inggih punika cariyos pekabaran Injil ingkang dipun tindakaken déning Rasul Paulus. Perjuangan utawi tetarunganipun Rasul Paulus ngabaraken Injil saèstu ngéram-éramaken, lan sedaya punika awit pepanggihanipun Rasul Paulus secara pribadi kaliyan Gusti Yésus. Panjenenganipun saèstu mitadosi saha nresnani Gusti Yésus minangka Gusti lan Juruwilujengipun. Iman kapitadosan saha katresnanipun punika ingkang mbereg panjenenganipun nindakaken pekabaran Injil sanadyan mrangguli kathah pepalang lan rubéda. Sedaya pepalang lan rubéda punika mboten nyurutaken tékad saha niyatipun kanggé ngabaraken Injil.

Wonten ing salah satunggaling seratipun, Roma 10: 13-14, Rasul Paulus ngèngetaken kita tumrap timbalan pekabaran Injil dhateng kita sedaya. Panjenenganipun nyerat, “Awitdéné sapa kang nyebut Asmaning Pangéran bakal kapitulungan rahayu. Nanging kapriyé anggoné padha bisa nyebut marang Panjenengané? Kapriyé anggoné padha pracaya ing panjenengané, yèn padha ora krungu bab panjenengané? Kapriyé anggoné padha krungu bab Panjenengané manawa ora ana kang martani?”

Sumangga ing Mangsa Péntakosta punika kita sangsaya nyantosakaken raos tresna kita dhumateng Gusti Yésus saha timbalan kita kanggé ngabaraken Injil Kabar

Kabingahan dhumateng sedaya titah. Sumangga kita nyebaraken sedaya piwucal adi ingkang sampun dipun wucalaken Gusti Yésus ngantos ing pundi-pundi papan kanthi sedaya cara ingkang saged kita tindakaken, kanthi tetep ngemong manahipun tiyang sanès. Ing jaman samangké, ingkang kawentar minangka jaman *disrupsi digital*, kita pancèn saged kagodha déning bab-bab ingkang mboten prayogi nalikaning kita migunakaken piranti gadget (HP, komputer, lsp.). Ananging sanadyanta mekaten, jaman punika ugi saged dados wewengan ingkang aji kanggé kita kanggé ngabaraken Injil, nyebaraken piwucal-piwucalipun Kristus dhateng sakathah-kathahipun tiyang. Roma 10: 15b nélakaken, “Iba anggoné nyenengaké tekané wong kang padha nggawa pawarta becik.” Amin.

7. ENING SAWETAWIS

(*Pandonga sacara pribadi - kairingan instrument KPK BMGJ 285*)

8. KIDUNG TANGGAPAN: KPK BMGJ 285: 1-4

PANYUWUN MRING SANG ROH SUCI

1) Ing dinten gung Pentékosta kula sung pepuja
wit Sang Roh wus nuntun gréja mrih lestantunira
Reff.:

Dhuu Roh Suci maringana kasektèn mring kula
mrih martosna Injil suci wradin mring sesami.

2) Dayaning Roh gesang suci katindakna yekti
pasamuwan nunggil tindak rukun wah sumanak. *Reff.:*

3) Rèhing Sang Roh gesang anyar muwuha binabar
mrih sedaya pasamuwan nyawiji sabadan *Reff.:*

4) Gesang ing Roh yéku tresna kawujudna nyata
mrih sèstu tentrem raharja sumrambah ing donya, *Reff.:*

8. PANDONGA SAFAAT

9. KIDUNG PANUTUP: KPK BMGJ 287: 1-3

PANYUWUN ING DINTEN PENTÉKOSTA

- 1) Dhuh Sang Roh Suci ngiyatna mrih kula mursid nyata
nggih bekti mring Sang Pamarta welas asih pepadha
Reff.:

Dhuh Gusti Roh Suci nggih andel-andel sanyata
tumedhaka jroning ati nganyarken gesang kula
Gusti mugi nganyarken gesang kula.

- 2) Mugi tansah nunggil kula mrih kula tentrem rarja
sarta pepetenging dosa binirata sadaya

Reff.:

- 3) Mugi ngirid lampah kula. manut pangrèh Paduka
neksèni Injil sing swargi nggih sih rahmating Gusti

Reff.:

[MH]

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 7**

Waosan Kitab Suci:
2 Korintus 3:1-18

Ngatos-Atos:
Wonten
Kathah
Paningal
GO&O

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPK BMGJ 8: 1-3

ALLAH MA'ASIH

1) Allah Ma' asih asung putranya
Allah Ma' asih mring manungsa.
mila kula ngidung Allah Ma' asih
Allah Ma' asih mring manungsa.

2) Gusti ingutus dadya pamarta,
Gusti ingutus nebus kula.
mila kula ngidung Allah Ma' asih
Allah Ma' asih mring manungsa.

3) Gusti Pamarta nombokken nyawa,
Gusti Pamarta mbirat dosa.
mila kula ngidung Allah Ma' asih
Allah Ma' asih mring manungsa.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI: KPK BMGJ 8: 4-6

ALLAH MA'ASIH

4) Gusti marasken salir prihatin,
Gusti nyirnakken ajrih kwatir
mila kula ngidung Allah Ma' asih
Allah Ma' asih mring manungsa.

5) Kula sinungan tentrem raharja,
 kula sinungan pangaksama.
 mila kula ngidung Allah Ma' asih
 Allah Ma' asih mring manungsa.

6) Kula sinungan gesang sejati,
 Kula sinungan kraton swargi
 mila kula ngidung Allah Ma' asih
 Allah Ma' asih mring manungsa.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: 2 Korintus 3:1-18

6. RENUNGAN

Ngatos-Atos: Wonten Kathah Paningal

Salah satunggaling bab mirungga saking kamajenganing ngèlmu digital inggih punika bilih informasi / pawartos sage dipunsebaraken kanthi tinarbuka déning lan kanggé sintena kémawon. Upaminipun prekawis mafia Karantina ingkang ramé dados pirembagan ing pungkasaning Januari 2022 kapengker. Prekawis kasebat kawayik amargi wonten satunggaling turis ngamanca ingkang nginggah vidhéo isi anggènipun kuciwa lan nepsu amargi piyambakipun kedah dipun karantina ing satunggaling hotél ngantos sauntawis wekdal dangunipun lan kedah mbayar awis sanget. Piyambakipun ugi nyariyosaken kados pundi tetedhan saha papan panyipengan ing hotél kasebat ingkang mboten sembada kaliyan regi ingkang kedah dipun bayar.

Wonten ugi turis ngamanca ingkang rumaos gumun lan nepsu awit hasiling tés PCR ing negarinipun négatip, ananging nalika dumugi ing Indonésia lan dipun tés malih, hasilipun dados positip. Awit gumun lan nepsunipun, piyambakipun lajeng meksa péhak ingkang kawogan supados piyambakipun sage dipun tés PCR sepisan malih ing papan sanès, lan kanyata hasilipun negatip. Sedaya punika ndadosaken kathah tiyang, kalabet ugi bapak présidhen Joko Widodo, sami gregeten lan getem-getem. Pak Jokowi ngandika bilih tumindakipun tiyang utawi

bebadan ingkang asung informasi ingkang mboten pener punika mboten namung wujuding satunggaling tumindak culika, ananging langkung saking punika, sampaun ngucemaken asma saènipun bangsa. Punika ugi saged ngrisak citraning jagad pariwisata ing Indonésia. Ibaratipun, nila satitik ngrusak susu sakkuwali. Gunggunging prekawis ingkang kados mekaten mbokbilih namung sekedhik sanget. Ananging sedaya punika saged ngrisak citraning jagad pariwisata ing Indonésia ing sakukuban. Saged kelampahan turis-turis ngamanca ingkang badhé nglèncèr ing Indonésia kanthi rikat lajeng mbatalaken rancangan plesiripun dhateng Indonésia namung amargi prekawis kasebat.

Para Sadhèrèk, wonten conto kathah ingkang nedahaken bilih kamajenganing ngélmu ing wewengkon téknologi digital punika ndadosaken kathah tiyang saged nginggah kontèn punapa kémawon, dadosa ingkang saé punapadéné ingkang mboten saé. Wonten sapérangan ingkang kasil ing bab dedagangan utawi keseniyan (nyanyi, main musik, lsp.) awit migunakaken kamajenganing téknologi digital kasebat (Youtube, lsp). Ananging wonten ugi tiyang ingkang kapusan lumantar médhia sosial, upaminipun prekawis pinjol (*pinjaman online*), wonten ugi larè remaja ingkang dipun apusi lajeng dipun rodapeksa kanthi iming-iming tartamtu, wonten ugi *flexing* utawi pamer kasugihan supados tiyang sanès kepéncut dhateng *invèstasi bodong* darbèkipun, lsp.

Kita ugi kedah ngatos-atos menawi nginggah kontèn punapa kémawon ing médhia sosial awit wonten pranatan ingkang nami “Undhang-undhang ITÉ (*Informasi dan Transaksi Elektronik*) utawi Undhang-undhang nomor 11 taun 2008 ingkang nata bab informasi / pawartos saha bab transaksi èlèktronik (nyadé-tumbas lumantar pirantos èlèktronik), utawi téknologi informasi sacara umum.

Pranatan utawi Undhang-undhang kasebat sejatosipun dados berkah tumrap kita amargi pranatan kasebat mranaata gesang sesarengan lan ugi dados pepèling tumraping kita supados ngatos-atos menawi kita ambyur ing jagad maya (internèt). UU ITÉ dados “mripat utawi paningal” ingkang

mandeng lan ngawat-awati kanthi tajem dhateng kita supados kita mboten nindakaken bab-bab ingkang negatif utawi mboten prayogi wonten ing jagad internèt.

Saking sadaya punika, kita ngrumaoi bilih wekdal punika wonten kathah mripat utawi paningal ing kiwa tengen kita. Paningal-paningal punika saged kanthi tajem lan rikat mbiji saha nyebaraken punapa ingkang kita tindakaken, utaminipun bab ingkang mboten prayogi. “Palingal” punika ugi kadhangkala wonten ingkang awon lan culika ingkang ngawat-awati kita ing médhia sosial lan saged njiret kita dhateng kacilakan lan apus-apus. Ananging sanadyanta mekaten wonten ugi “paningal” ingkang saé, ingkang paring kawigatosan tumrap bab-bab saé ingkang kita tindakaken. Wonten ugi “paningal” ingkang ndadosaken kita kedah ngatos-atos menawi kita ambyur ing gesang sesarengan ing jagad internèt.

Awit saking sedaya punika kita kaajak supados ngatos-atos lan sangsaya wicaksana ing bab nglampahi gesang. Serat 2 Korintus 3:3 ngèngetaken kita bilih kita punika seratipun Sang Kristus ingkang saged dipun waos déning kathah tiyang. Tegesipun, lumantar gesang kita mesthinipun tiyang saged ningali lan ngraosaken katresnan tuwin pakaryanipun Sang Kristus secara nyata ing wekdal samangké, dadosa ing gesang nyata padintenan punapadéné ing pasrawungan wonten ing jagad internèt. Tiyang badhé “maos” utawi ningali kita minangka serat-seratipun Sang Kristus ingkang tinarbuka, ingkang saged dipun waos, dipun tingali lan dipun gatosaken lumantar jagad nyata punapadéné jagad maya/internèt.

Ing wekdal punika jagad mbetahaken katresnan kados ingkang sampun kapratélaken déning Gusti Allah lumantar Sang Kristus Yésus, inggih punika katresnan ingkang tanpa syarat lan mboten mbédak-mbédakaken tiyang. Kathah tiyang, dadosa ingkang wonten ing kiwa tengen kita punapadéné ing jagad maya, ingkang mbetahaken pangucap utawi pacelathon ingkang ngiyataken, saha mbetahaken mitra ingkang purun preduli lan purun mirengaken pangunek-unekipun. Ing wekdal samangké jagad mbetahaken tumindak-tumindak nyata ingkang saged

ndhatengaken tentrem rahayu, kabingahan lan pamulihan. Pitakènanipun, kados pundi caranipun supados kita saged dados seratipun Sang Kristus ingkang saged dipun waos déning kathah tiyang?

Ingkang sepisan, sumangga kita nélakaken katresnan saha kautamèn-kautamèn ingkang dipun wucalaken Gusti Yésus lumantar gesang kita , dadosa gesang ing jagad nyata punapadéné ing jagad maya. Sumangga kita sami wantun nélakaken punapa ingkang leres minangka ingkang leres. Sampun ngantos kita namung kèndel menawi kita ningali wonten kaleresan ingkang dipun idak-idak utawi dipun tindhes! Sumangga kita kanthi tulus mitulungi tiyang-tiyang ingkang nindakaken bab ingkang mboten pener supados tiyang-tiyang kasebat saged mratobat lajeng nindakaken ingkang pener. Sampun ngantos kita nyengkuyung tumindak ingkang mboten pener kanthi ngleresaken tumindak kasebat utawi kanthi ngenengaken kémawon tumindak kasebat, amargi “meneng” utawi kèndel punika ugi salah satunggaling pilihaning sikap.

Sumangga kita dados tiyang-tiyang ingkang sembada, ing pundi pitembungan kita cocok kaliyan tumindak kita, inggih punika ingkang mujudaken kautamèn-kautamèn ingkang sampun katindakaken déning Gusti Yésus. Sumangga kita nindakaken bab-bab ingkang sampun ngantos dados sandhungan tumrap tiyang sanès ingkang kepéngin wanuh dhateng Sang Kristus. Sumangga kita dados lantaranipun tiyang ing kiwa tengen kita langkung wanuh dhumateng Gusti Yésus, satemah ingkang sisah kalipur, ingkang gadhah prekawis kaparingan pepadhang, ingkang pupus ing pangajeng-ajeng dados gadhah greget kanggé gesang, ingkang rumaos mboten aji dados sagedngrumaosi bilih dhirinipun aji awit sih katresnanipun Gusti, lsp.

Sumangga kita neksèkaken katresnanipun Sang Kristus ingkang sampun kita alami lan raosaken lumantar punapa ingkang kita télakaken, dadosa ing jagad nyata gesang padintenan punapadéné ing jagad maya. Sumangga samia dados tiyang ingkang mboten gampil kesengsem lan kablithuk déning *invèstasi bodong* ingkang padatanipun

ngiming-imingi kanthi anakan ingkang gunggungipun ngéram-éramaken. Sumangga samia ngatos-atos dhateng pamblithuking pinjaman online (pinjol) ingkang asring malah nyengsarakan kita lan brayat kita. Menawi kita saged ngatos-atos dhateng bab-bab kasebat, pramila brayat kita badhé ayem tentrem, lan saged sami dados seratipun Sang Kristus ingkang tinarbuka.

Para sadhèrèk, mboten wonten satunggala tiyang ingkang sampurna. Mekatena ugi mboten wonten satunggala brayat ingkang sampurna, kalebet brayat kita piyambak-piyambak. Ananging wonten ing kawontenan mboten sampurna kasebat kuwaosipun Gusti badhé nyata ing gesang kita menawi kita gesang pasrah saèstu dhumateng tuntunan saha pitedahipun Gusti. Kuwaos saha katresnanipun Gusti punika ingkang saged kita seksèkaken wonten ing gesang kita, sepisan malih, dadosa lumantar jagad nyata padintenan punapadéné lumantar jagad maya. Rasul Paulus naté ngandika, “Nanging paring wangsumané Gusti marang aku: “Sih rahmating-Sun iku nyukupi marang sira, awit kuwasaning-Sun iku malah kasampurnakaké ana ing sajroning kaapesan. “Awit saka iku aku luwih seneng ngegung-egungaké kaapesanku, supaya panguwaosé Sang Kristus dumunung ana ing aku” (2 Kor. 12: 9). Sumangga kita neksèkaken katresnan saha panguwaosipun Gusti ingkang sampun kapratélakaken wonten ing karingkihan kita satemah namung asmanipun Gusti kémawon ingkang kamulyakaken.

Ingkang kaping kalih, sumangga kita tansah mbudidaya pasrah dhiri dhateng Gusti supados Panjenenganipun makarya kanthi lelahanan wonten ing gesang kita lumantar Sang Roh Suci ingkang sampun kaparingaken dhateng kita. Ayat 3 kalawau ngèngetaken kita bilih Gusti karsa ngagem saben paladosan rohani/kasukman ingkang kita tampi kadosa punapa wujud saha caranipun, kanggé mangun kita dados serat-seratipun ingkang tinarbuka. Rasul Paulus ngandika, “Awit wus tetéla, menawa kowé iku layangé Sang Kristus, kang ndaktulis ora nganggo mangsi, nanging nganggo rohing Gusti Allah kang asipat gesang, dudu ing

papan watu, nanging ing papan daging, yaiku ing atiné manungsa“ (ayat 3).

Roh Suci punika ingkang nggesangaken saben bab ingkang saé ingkang sampun kita waos, kita pireng saha kita resepaken lumantar paladosan-paladosan rohani ingkang wonten, ingkang ugi mbokbilih naté kita tindakaken, utawi lumantar cara punapa kémawon ingkang dipun idinaken Gusti, awit Roh Suci punika ingkang badhé nyagedaken kita sadaya gesang mbangun miturut dhumateng Gusti. Roh Suci punika inggih Roh ingkang saèstu nggesangaken, ingkang ndadosaken punapa ingkang nglokro dados gesang, gumregah saha nggadhahi greget (ayat 6). Sumangga kita sami dados seratipun Sang Kristus ingkang tinarbuka supados kathah mripat/paningal ingkang wonten ing kiwa tengen kita pikantuk pepadhang saking Roh Suci lan pikantuk berkahipun Gusti. Kanthi mekaten temtu badhé tuwuh kabingahan, tentrem rahayu lan greget ingkang positip ingkang kita sebar, dadosa lumantar jagad nyata padintenan punapadéné jagad maya. Amin.

7. KIDUNG TANGGAPAN: KPK BMGJ 101: 1-3

PERANG ROHANI

1) Pra abdining Gusti dipun prayitna
 ing perang rohani ywa kongsi léná
 ngrasuka kayektéñ wah kaadilan
 nadyan tanggelannya mung kasangsaran
Reff.:

Yekti iblis culika lan julig maéka
 ditegen ndendonga Gusti kang ngreksa.

2) Pra putraning Allah padha dèn panggah,
 setya dados seksi Injiling Allah,
 nyanggemi dhawuhnya kang trus ing ati,
 manteb ing pracaya dumugéng janji.

Reff.:

3) Pra wong kang pracaya ditunggal sedya,
 nyirik pasulayan mbangun katresnan,

sangkul-sinangkula bot répotira,
mrih rohing piala sirep dayanya.
Reff.:

8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

9. KIDUNG PANUTUP: KPK 121: 1-3

KINANTHI ING GUSTI

- 1) Gusti Yésus Pangèn kula, sèstu gung sih Paduka
Ing sapurug-purug kula nggih tansah kinanthia

Reff.:

Kinanthing Gusti, kinanthi ing Gusti
ing satitah kula nrimah angger kinanthi Gusti.

- 2) Bandha wah salir kadonyan mung sarananing gesang
kula ngegungken ngandelna Gusti wah panganthinya

Reff.:

- 3) Krana panganthining Gusti kula mursid sayekti
ajrih-asih maring Allah tresna sesami tansah

Reff.:

[MH]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA 8

Waosan:

**Purwaning Dumadi 33,
Rum 12:20**

Numplek Mawa Ana ing Sirahé: Andum Gesang

ওৱে

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPKL 67:1-2 “Cariyosipun Gusti Yésus”

- 1) Aku bok caritanana, bab Gustiku Panutan
Aku bok ya korepèkna, kidunging pangentasan
Aku kepéngin angrungu, wartané bala swarga
Dènnya sumyak ngidungaké, rawuhé Sang Pamarta
Dènnya sumyak ngidungaké, rawuhé Sang Pamarta
- 2) Mara critakna Gustiku, dènnya mbetahken lapa
Nahanken godha rencana, sajégé anèng donya
Critakna gunging piwlasé, kang anemah sangsara
Dènnya anandheng cintraka, wit saka dosa kita
Dènnya anandheng cintraka, wit saka dosa kita

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 176 “PADHA SAOSA SOKUR”

- 1) Padha saosa puji sokur marang Allah Kang Mahaluhur;
wulang bab asmané suci, dèn gelarna anèng bumi.
Pangwasané disuwurna, aneng tengahé pra gangsia.
- 2) Padha saosana pamuji klawan masmur lan kidung suci.
Mukijitaté caritakna marang sakèhing manungsa.
Padha luhurna asmanyia klawan panabuhing gangsia.
- 3) Abungaha wong kang ngupaya pangayunané Kang Makwasa,
padha anitik-nitika, mungguh kwasané Pangéran.

Ngupayaa wedanané, èlinga mring mukijiaté.

5. PAMAOSING KITAB SUCI
Purwaning Dumadi 33, Rum 12:20

6. WEDHARING SABDA

**“Numplek Mawa Ana Ing Sirahé:
Andum Gesang”**

Ayat nas ingkang kapendhet saking Rum. 12:20 dados waosan ingkang sampun kulina kawaos kanggé kita. Ananging ayat punika kagolong ayat ingkang mboten gampil kita mangretosi maknanipun. Bab punika karana ing ayat kasebat wonten ukara, “numplek mawa ana ing sirahé.”

Wonten ing penafsiran ingkang padatan dipun tindakaken, ukara “numplek mawa ana ing sirahé” asring dipun anggep minangka tumindak ingkang males kanthi “alus”, kanthi makaten si mengsa badhé ngraosaken sarwa lepat karana punapa ingkang dipun tindakaken, lan salajengipun rumaos lingsem lan saged ngrumaosi kalepatanipun.

Panampi kados makaten saged kita mangretosi. Sabab, dipun akeni punapa mboten, saben tiyang ingkang rumaos ketaton, padatanipun kepéngin males dhateng tiyang ingkang sampun natoni, supados damel piyambakipun ngrumaosi dhateng kalepatanipun, lan salajengipun ngakeni lepat lan mratobat.

Sanadyan makaten, wonten penafsiran sanèsipun ingkang magepokan kaliyan ukara “numplek mawa ana ing sirahé, inggih punika ingkang dipun maknani” dundum gesang lan mangsulaken sesambetan, utaminipun antawisipun ingkang ketaton lan ingkang natoni.

Penafsiran punika kadhasaraken pamanggih bilih ing wekdal samaten, latu/mawa dados bab ingkang dipun betahaken déning saben brayat. Pigunanipun latu wonten ing brayat mboten namung kanggé madhangi lan olah-olah, ananging ugi kanggé damel anget karana mangsa

bedhidhing. Mboten gadhah latu wonten ing brayat tegesipun ngadhepi kasisahan gesang salebetung pepeteng lan pepejah. Magepokan kaliyan bab punika, pramila menawi brayat mboten nggadhahi latu, ingkang dipun tindakaken déning brayat inggih punika mbekta panci (anglo) ingkang dipun sèlèhaken ing sangginggiling sirahipun, lajeng mubeng kampung sinambi nyenyuwun supados tangginipun saged nyukani mawa satemah brayatipun tetep gesang. Sinten kémawon ingkang purun “numplek mawa wonten ing sirahipun” satunggaling tiyang, punika ateges piyambakipun tumut mbiyantu andum gesang dhateng tiyang sanès jalaran tiyang badhé ngraosaken anget lan mboten pejah kasrepen.

Namung kémawon, tumindak saé “numplek mawa ana ing sirahé” mengsa sanès prakawis ingkang gampil dipun tindakaken. Langkung-langkung menawi tiyang punika naté natoni manah kita. Bab ingkang kados makaten naté dipun alami déning Ésau, nalika berkah pambajengipun dipun “colong” déning Yakub. Tumrap patrapipun Yakub kasebat, Ésau naté ngancam mejahi Yakub, samangsa Ishak bapakipun sampun katimbalan déning Gusti. Rancanganipun Ésau kapireng déning Rakhél ibunipun. Bab rancanganipun Ésau tumrap Yakub sanès dedolanan kemawon. Nanging pangancam ingkang sampun kapireng déning tiyang sanès. Malah kanggé milujengaken Yakub, Rakhél lan Ishak ngersakaken supados Yakub késah dhateng griyanipun Laban, sadhèrèkipun Rakhél kanthi pawadan Yakub sampun ngantos mendhet sémah tiyang Kanaan.

Nanging pangancam kasebat èstunipun mboten katindakaken. Kosokwangslipun Ésau purun ngapunteni, nampèni lan tetep nresnani Yakub, sadhèrèkipun ingkang naté natoni piyambakipun. Bab punapa ingkang njalari Ésau mendhet pancasan makaten? Temtunipun namung Ésau ingkang mangretos. Ananging sikepipun Ésau kasebat temtu babar pisan mboten kininten déning Yakub.

Minangka tiyang ingkang sampun naté natoni, Yakub nginten bilih Ésau badhé nandukaken pamales. Malah demi pikantuk pangapunten saking Ésau, Yakub sampun

damel rancangan tertemtu menawi kedah pinanggih kaliyan Ésau. Ing antawising rancangan kasebat, Yakub sampun nyawisaken pisungsung kanggé Ésau arupi kewan ingkang gunggungipun kathah, lan sawènèh abdi jaler lan èstri ingkang mbiyantu nalika nyambut damel dhateng griyanipun Laban (PD. 32: 4-5). Kejawi punika, Yakub sampun ngedum prajurit dados kalih pérangan. Bab punika dipun kajengaken menawi Ésau mbesmi prajurit satunggal pérangan taksih wonten satunggal pérangan malih ingkang dipun gadhahi (PD. 32: 7-8). Magepokan kaliyan bab punika, mboten nggumunaken nalika Yakub pinanggih kaliyan Ésau, Yakub mérang semah lan anak-anakipun (PD. 33: 1-2). Gegayutan kaliyan prakawis punika, mila mboten nggumunaken nalika Yakub pinanggih Ésau ingkang mboten nandukaken pamale sanging ngrangkul piyambakipun, Yakub pratéla, “kula sumerep pasemon panjenengan... prasasat kula sumerep wadananiipun Gusti Allah” (PD. 33: 10).

Sikepipun Ésau ingkang mboten nandukaken pamale dhateng Yakub, sanging malah ngapunten, nampèni, lan nresnani ndadosaken Yakub rumaos pikantuk “mawa ana ing sirahé”. Piyambakipun mboten gesang wonten ing pepeteng malih, ajrih, lan keduwung. Kosokwangslipun, piyambakipun saged gesang salebetung pepadhang, panampèn, lan pangajeng-ajeng. Ing wekdal ingkang sareng, sikepipun Ésau piyambak njalari Ésau sangsaya tentrem lan raharja ing gesangipun.

Pitakènanipun: Punapa pengalaman ingkang dipun raosaken déning Ésau amargi dipun taton déning sadhèrèkipun piyambak, inggih naté kita alami? Temtu kita piyambak ingkang saged mangsuli. Sanadyan makaten, menawi kita nggatosaken pawartos saking *media massa* lan *media sosial*, kita manggihaken kathah brayat ingkang ketaton karana samidéné nenatoni. Wonten ibu ingkang mboten pikantuk kawigatosan anak-anakipun. Wonten anak ingkang nggigat ibunipun karana warisan. Wonten tiyangsepuh ingkang kécalan anakipun karana dipun prajaya déning sadhèrèkipun. Wonten laré ingang kécalan

masa depan karana karodha-peksa déning bapak kuwalonipun. Lan taksih kathah prakawis sanèsipun.

Tatuning manah ingkang dipun alami déning para korban kasebat pancèn sanès bab ingkang makaten kémawon saged dipun supèkaken. Nanging mboten ateges sesambutan ing antawis sadhèrèk kados mekaten mboten saged kapulihaken. Sikep ingkang dipun tedahaken déning Ésau dados salah satunggalin conto. Ésau milih mboten gesang wonten ing salebetting ngendhem raos sengit lan pamales. Piyambakipun milih ngapunteni lan anampèni. Sikep kados mekaten punika ingkang njalari sesambutan dados saged pulih lan ngraosaken gesang malih.

Mugi Roh Suci nyagedaken kita nuladha sikepipun Ésau dhateng Yakub saben kita ngraosaken tatu awit patrap pandamelipun sadhèrèk kita lan tetiyang ing sakiwa-tengen kita, inggih punika purun “numplek mawa ana ing sirahé” ingkang natoni kita. Bab punika, kejawi andum gesang dhateng para tiyang, nanging inggih ugi mangsulaken sesambutan ingkang saé. Lumantar ingkang kados makaten punika kita saged suka pepilihan dhateng sakiwa-tengen kita bab kadospundi ngrampungaken prakawis ingkang langkung nggesangaken. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI:

KPJ 337:1-2 “DAHAT NYAWAKU AREREM”

- 1) Dahat nyawaku arerem, lan atiku ayem tentrem,
wit Kang Ma' kwasa karsa dadi etuking karaharjanku,
Pamomong ku setya tuhu, wah bebèteng lan
panggungsènku.
Aku mesti datan rebah, wit rineksa déning Allah.
- 2) Dhuh nyawaku sinaosna, reremira ing wardaya
mring Allah kang dakanti-anti. Déné Yéhuwah Pangéran
kang dadi parang santosa, pangauban lamun siniya;
aku mesti tan gumiwang, wit Allah kang mengku gesang.

8. PANDONGA SAFAAT & PANUTUP

9. KIDUNG PAMUJI PANUTUP:

KPJ 202:1-2 “RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ”

- 1) Rahayu kang utama lakuné ngambah
dalaning préntahé Pangéran.
Rahayu kang netepi dhawuhé.
Wong kang manut ing sapangréhé Gusti,
sarta tansah telaten netepi
sakarsané klawan éklas ing ati.
- 2) Gusti mugi ngirid lampah amba
manut mituruta préntahing Gusti.
datan pegat salami-laminya.
Kula kaparingana manah padhang,
Dhawuh Paduka kula èstokna
klayan éklas lan gumolonging manah.

[WP/TK]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA 9

Waosan:
Kejadian 11:1-9

**Raos Pangraos
Ingkang Manis**
G3O8

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI:

KPJ 192:1-2 “ISINING KABAR KABINGAHAN”

- 1) Isining kabar kabingahan
winangsitken dening Pangéran,
dadya srana paring piwulang
margining kautaman.

Ref.:

*Dimèn tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami*

- 2) Tyang lepat winelèhken samya
déning sabdaning Kang Makwasa;
tyang dosa kang samya mratobat
anampèni sih-rahmat. *Reff.:*

3. PANDONGA PAMBUKA

4. ANDUM PENGALAMAN

Ingkang sami rawuh kasuwun nyariyosaken pengalamanipun piyambak nalika ngadhepi mangsa ingkang angèl salebetung pandemi covid-19. Punapa sami kasagedaken ngunjukaken panuwun?

5. KIDUNG PAMUJI

KPJ 352 “SANTOSANING TETUNGGALAN”

- 1) Santosaning tetunggalan wit saka katresnan.
Dènsabar ing atinira, sarèh ing wicara.
Dipadha lan dilumadi, tan ngegungken dhiri.
Kabèh iku kang ingangkah tandha sih mring Allah.
- 2) Atut-rukun angesuhu, timbalan lestari
Yéku badan lan roh kita manunggal sajuga.
Kadya pangèsthi sawiji kang kita darbèni;
yéku sih-rahmaté Allah kang lubèr ing berkah.

6. PAMAOSING KITAB SUCI:

Mazmur 104:24-34

7. Wedharing sabda

“Pangraos Ingkang Manis”

Sampun langkung saking kalih taun, waradin kita nglampahi dinten-dinten ingkang mboten gampil karana pandemi covid-19. Mbok menawi wonten ing wekdal ingkang mboten gampil punika kita kathah reraosan, ngudi ngraosaken punapa ingkang nembé kalampahan ing gesang kita lan nggegambar mangsa ngajeng ingkang taksih sinamar. Wonten raos pangraos ingkang prayogi, bab semangat lan kabingahan. Ananging mboten sakedhik raos pangraos ingkang nukulaken bab ingkang mboten prayogi, ingkang adamel kita pedhot pangajeng-ajeng lan kécalan enereng gesang.

Temtunipun kita milih raos pangraos ingkang saged mbangun gesang. Prakawisipun, kadospundi supados raos-pangraos kita saged nuwuhanek semangat lan kabingahan ing gesang? Punapa punika bab ingkang tangèh lamun? “Gesang punika angèl kanggé saged caos sokur,” mbok menawi makaten ingkang wonten ing pikiran kita. Ing ngriki kita badhé sinau saking Juru Mazmur, ingkang saged mitulungi kita nindakaken raos-pangraos ingkang manis, inggih raos-pangraos ingkang mbekta dhateng atur panuwun ing sadengah kawotenan, bingah punapadéné sisah gesang ingkang kita lampahi.

Kadospundi caranipun? Juru Mazmur ngajak kita miwiti ngraosaken saking bab-bab ingkang jembar utawi

prakawis-prakawis ingkang ageng, inggih jagad raya. Punapa ingkang saged kita tingali saking jagad raya punika? Wiwit saking plethéking strengéngé, saking rembulan lan lintang ingkang damel éndah ing petenging dalu, saking lampahing sedaya titah ingkang sambet-sinambet ing gesang, lan sapiturutipun. Raos-pangraos punika badhé nuntun kita manggihaken bilih jagad raya punika lumampah kanthi tumata. Prelu kacathet bilih pranatan bédha kaliyan katemtuan. Punika sababipun mboten saben wekdal strengéngé jumehdul ing wanci tabuh ingkang sami. Mangsa jawah mboten tumapak ing wekdal ingkang pinasthi. Nanging sadaya punika mapan wonten ing pranatan ingkang sampun tinata. Kok saged makaten? Pangraos punika nuntun kita pitados dhumateng Gusti ingkang nitahaken jagad lan isinipun kanthi élok nengsemaken. Bab punika ingkang njalari Juru Mazmur dumugi ing pamanggih: “Sadaya wau sami Paduka titahaken klayan kawicaksanan” (ay. 24).

Juru Mazmur salajengipun nyukani conto arupi tata gesang wonten ing seganten. Seganten katitahaken déning Gusti kanthi manéka warni jinis. Saking ingkang alit, dumugi ingkang ageng. Saking ingkang lulut dumugi ingkang galak kados Lewiatan. Sadaya dipun wontenaken déning Gusti ing salebetung sesambutan ingkang raket lan samidéné andayani. Minangka conto, menawi jinis ingkang mboten kasat mripat sinebat plankton sirna saking seganten, mila ulam badhé pejah. Tegesipun, sadaya ingkang wonten ing seganten samidéné tetangsulan. Ngraosaken bab punika nenuntun kita nguningakaken raos gumun kaéraman dhumateng Ingkang Nitahaken, ingkang sampun makarya klayan kawicaksanan.

Lajeng saking raos-pangraos ing bab ingkang ageng kasebat, sumangga kita ningali langkung lebet malih. Kita wiwiti kanthi pitakènan: “Menawi wonten ulam ingkang alit kamangsa déning ulam ingkang ageng, punapa punika satunggaling prakawis?” Meawi kita gatosaken, sedaya punika dados caranipun alam nganyaraken dhirinipun piyambak. Tumrap ulam ingkang katedha déning ulam ingkang langkung ageng, bab punika saged dipun tampèni

minangka satunggaling prakawis. Nanging kanggénipun ulam ingkang ageng, sarana nedha ulam ingkang alit ndadosaken kalajenganing gesang. Sedaya punika nedahaken bilih sadaya titah ing alam donya punika kaiket dados satunggal minangka satunggaling *ékosistem*.

Juru Mazmur nglajengaken, “Menawi Paduka maringaken Roh Paduka, lajeng sami tumitah, saha lumahing bumi Paduka dadosaken énggal” (ay. 30). Tembung tumitah ngginakaken tembung “bara” (Ibrani) ingkang ateges “nitahaken saking bab ingkang mboten wonten dados wonten.” Mbok menawi punika nedahaken dhateng pakaryanipun Allah nitahaken jagad punika. Kejawi punika, wonten tembung anyar ingkang nedahaken pakaryaning Allah nganyaraken jagad raya yeyasanipun. Patrap mangsa-memangsa wonten ing conto kasebat nedahaken pérangan ekosistem ingkang wonten ing seganten. Tanpa punika mboten wonten ingkang kaanyaraken wonten ing seganten.

Wonten ing pakaryan nganyaraken punika Gusti Allah nitahaken titah gesang kinanthénan ing karingkihan. Pratélanipun Juru Mazmur, “Menawi Paduka mundhut nyawanipun, lajeng sami pejah lan wangsul dados lebu malih” (ay. 29). Sadaya titah ingkang gesang punika ringkikh lan badhé pejah. Nanging pejah ing salebetting *ekosistem* malah dados sarana andum gesang kanggé sanèsipun. Punapa kita naté ngrumaosi bilih bahan bakar ingkang ngasilaken listrik, bensin lan sanèsipun asalipun saking titah gesang ingkang sampun pejah èwon taun kapengker?

Ing ngriki kita lumebet ing raos-pangraos ingkang langkung lebet. Wonten ing gesang ingkang kita lampahi, tansah wonten bab ingkang prayogi ingkang saged kita undhuh. Redi ingkang njebug ngasilaken siti ingkang subur. Woh-wohan ingkang dhawah lan bosok badhé dados subur tumrap witipun. Kathah malih conto sanèsipun. Para *motivator* padatan inggih badhé mratélakaken bilih ingkang nama gagal punika *sukses yang tertunda*.

Cara menggalih ingkang makaten punika njalari kita pitakèn, bab punapa ingkang nembé dipun tindakaken déning Gusti Allah nalika nganyaraken gesang ing wekdal

punika? Kita mboten mangretos. Kita namung sumerep satunggal-kalih pérangan, nanging kita dèrèng sumerep wetah ing bab gesang kita. Namung nyawang satunggal-kalih pérangan ing gesang kita badhé ndadosaken kita rumaos dados titah ingkang paling sangsara. Punika sababipun Juru Mazmur ngajak kita njembaraken wawasan kita. Pirsanana jagad jembar punika. Pirsanana gesang kita kanthi wetah, wiwit saking lair dumugi wekdal punika, rak inggih kathah pakaryan ingkang élok saking Gusti Allah ingkang katindakaken wonten ing gesang kita? Ngraos-raosaken bab punika badhé nyagedaken kita sumerep bab gesang ingkang kita lampahi minangka wewengan kanggé caos sokur tumrap samukawis ingkang kalampahan: bingah-sisah, gumujeng-nangis lan sapiturutipun. Gesang kita badhé karaos cumpen sanget menawi namung kita isi sarana raos gela, lan pupus ing pangajeng-ajeng. Sumangga sami nglampahi gesang ingkang manis, ingkang ngetingalaken èsem ingkang manis lan matur, "Gusti, Paduka punika Gusti Allah ingkang saé.

8. PANDONGA SYAFAAAT

(Umat samidéné ndongakaken)

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 96 "TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH"

- 1) Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.
Ref.:

*Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang mara tansah dën girang*

- 2) Hyang Agung kang njangkung kita, angreksa ing panggoda.
Sih-rahmatnya kang anglipur, paring kuwat-santosa.
Ref.:

10. PANDONGA PANUTUP

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 10**

Waosan:

1 Korinta 12 :1-12

**Sampun
Namung
Ndedonga**

ওৱা

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPKL 68:1-3 “Juru Pangèn Ingkang Utami”

- 1) Gusti Yésus Pangèn mami Juru Pangèn kang utami
Kula ménda kagungannya Denny nebus klayan rahnya
- 2) Gusti Pangèn ingkang sampun Ngetohaken nyawanipun
Karana saking méndanya Drapon samya wilujenga
- 3) Gusti Yésus dhatan pandung Mring sadhéngah
méndanipun
Mirsa nama lan cacahnya Langkung titi pangétangnya

3. PANDONGA PALADOSAN PANGANDIKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPKL 124:1-2 “Panggunggung Konjuk Mring Pangéran”

- 1) Pangéran Mamulya, Yogyakarta kula puja
Déné agung kadarmannya Kang sumrambah mring kula
Dhatan wonten wicalannya Tan kendhat lumintunya
Pangéran Ma'mulya yogya pinuwa
Pangéran Ma'mulya yogya pinuwa
- 2) Pangéran Mamulya, Yogyakarta kula puja
Déné karsa maringaken Putranipun pribadya
Didadosken Juru slamet Myang Pamarta kawula
Pangéran Ma'mulya yogya pinuwa
Pangéran Ma'mulya yogya pinuwa

5. PAMAOSING KITAB SUCI: 1 Korinta 12:1-12

6. WEDHARING SABDA

“Sampun namung ndedonga”

Satunggaling laré *jalanan* gumléthak ing pasuketan, lemes sanget. Ketingalipun panastis lan wonten utahan ing sisihipun. Satunggaling laré aném liwat, mandheg sekedhap lan nguwuh nepsu dhumateng Gusti: “Wonten ing pundi Paduka, Gusti? Menawi Paduka wonten, temtunipun Paduka pirsa laré gèmbèl punika kesakitan, tanpa daya nengga pejah ing sangginggiling pasuketan.” Mboten wonten swanten punapa kémawon saking langit, mila sangsaya sora anggènipun nguwuh: “Kénging punapa Paduka mèndel kémawon Gusti? Kénging punapa Paduka mboten tumindak? Punapa Paduka mboten pirsa ingkang kedah Paduka tindakaken? Utawi Paduka punika Allah ingkang tanpa daya malih?” Tetep mboten wonten wangulan saking langit. Tebih sanget laré aném punika ngupadi wangulan saking langit ingkang jembar lan inggil. Gusti mboten ngantos semanten tebihipun. Laré aném punika mboten prelu bengok-bengok. Leres, nalika laré aném punika mandheg anggènipun nguwuh, kapireng swanten wonten ing lebeting manahipun: “Ingsun ora mèndel waé, Ingsun wus nitahake kowé.”

Punika cariyos kina ingkang kadosipun kathah ingkang sampun naté mireng, ananging tetep kémawon kita tindakaken. Asring trenyuh dhateng lelampahan-lelampahan ingkang adamel ngenes, sedhih lajeng pitakèn dhumateng kawontenaning Gusti Allah, nyuwun wonten wangulan saking Gusti Allah (persisipun: nyuwun Gusti Allah tanggel jawab) punapa malih ing mangsa pandemi ingkang dèrèng rampung punika. Lan kawéwahan malih sarana kathahing prakawis ingkang damel bingung ingkang tumunten jumedhul ing jagad kita, antawisipun *metaverse*, ing pundi wonten ing *ruang digital* tetiyang tumbas siti kanthi regi ingkang awis nanging papaning siti mboten wonten sacara kasat mata, namung wonten ing jagad maya; wonten malih *neuralink* = ingkang nyambungaken antawis

utek kaliyan *teknologi*; ngendhalèni mesin, komputer kanthi utek kita (implantasi kartu chip). Éwah-éwahan jagad *digital* sangsaya cepet, mboten preduli kita taksih gagap *tèknologi*; dumadakan lajeng wonten ancaman “*Useless Generation*” (generasi ingkang tanpa gina) awit sangsaya kathah pabrik ingkang ngginakaken *robot*. Pitakènan kita: Dhuh Gusti, punapa malih ta punika? Punapa ingkang kedah katindakaken déning pasamuwan Paduka? Punapa nyawisaken para wiranèm? Mbikak lapangan panyambut damel kanggé mayuta tiyang ingkang mboten gadhah pedamelan? Pundi pawitanipun? Panyambut damel punapa?

Para sedhèrèk sampun goreh, sampun *nguwuh!* Gusti rak sampun paring kanugrahan Roh wonten ing gesang kita. Punika wekdalipun kita ginakaken. Mbok menawi kita sampun kedangon mboten mangretos lan mboten purun cawé-cawé, mboten ngraosaken kanthi saèstu lan mboten ngrembakakaken peparing Roh (ingkang manjila) ingkang kaparingaken déning Gusti. Peparing ingkang bédå-bédå. Nanging sanadyan bédå-bédå, ancas tujuwanipun sami: peparing mboten kanggé kawigatosan pribadi nanging kanggé kawigatosan sesarengan. Peparing bédå kanggé samidéné njangkepi. Peparing Roh kedah kita rembakakaken sanès kita kèndelaken; utawi kadamel bebèncèngan. Peparing Roh mboten kanggé gumunggung, nanging supados kajumbuhaken. Ngantos sapinten kita gadhah pangajeng-ajeng mbangun gesang ingkang langkung saé ing mangsa ngajeng? Menawi kita purun mlampah sesarengan kaliyan Gusti. Menawi kita purun gandhèngan tangan kaliyan brayat, kaliyan sesamining warga pasamuwan, pramila badhé angin ingkang ageng mboten badhé ngobat-abitaken pambudidaya kita mbangun gesang kita malih, malah ing jaman ingkang saya inggil kapiteranipun manungsa. Gusti sampun nguningani sadaya nalika nitahaken kita, pramila sampun njangkepi kita.

Kaprihatosan kita mboten kanggé nguwuh dhumateng Gusti, nanging kanggé mbereg kita sangkul-singkul, ngginakaken peparing-peparing ingkang saé

ingkang sampun kaparingaken déning Gusti kanggé kita (pasamuwani-Pun). Wonten ing 1 Kor. 12, Gusti sampun maringi kita peparing-peparing Roh. Gusti sampun njangkepi kita. Nyenyuwun dhumateng Gusti supados mitulungi/makarya punika sanès bab ingkang lepat. Ananging sampun kesupen bilih kita katimbalan ugi nindakaken punapa ingkang kedah kita tindakaken, saha migunakaken lan ngrembakakaken peparing-peparing ingkang sampun kaparingaken déning Gusti dhateng kita. Inggih punika dados lantaraning karesnanipun Allah. Mboten namung ndedonga nanging ugi tumindak makarya. Mboten namung ndongakaken tiyang ingkang mbetahaken, kanthi pangajab Gusti mitulungi tiyang wau, ananging sumangga sami pitaken dhateng dhiri kita piyambak-piyambak punapa kita punika ingkang malah dipun utus Gusti dados wangsuman saking pandonga kasebat.

Mangsa “useless generation” (generasi ingkang tanpa gina) mbok menawi énggal badhé jumedhul. Kita kedah cecawis dhiri, gumréghah, tegen nyambut damel saha mbudidaya, tansah ndhudhah lan ngrembakakaken peparing ingkang sampun kaparingaken wonten ing gesang kita piyambak-piyambak. Sumangga sami déné gumréghah samidéné sangkul-sinangkul, samidéné tulung-tinulung, lan samidéné njangkepi.

Ibu, bapak, sedhérèk pasamuwani-Pun Gusti (badan sariranipun Sang Kristus) sumangga kita sami gandhèngan asta makarya supados jagad sumerep bilih Gusti wonten lan tansah makarya, lumantar kasetyan kita, utawi lumantar peparing wonten ing gesang kita ingkang kita rembakakaken, utawi lumantar pakaryan ingkang kita jumbuhaken. *In Christ alone.* Sedaya namunga wonten ing sang kristus kagem kamulyaning Allah.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 338:1-2 “GRÉJA PRASASAT BAITA”

- 1) Gréja prasasat baita nèng tengah samodra,
Kristus kang dadya panutan enering lampahnya.
Nadyan tan sepi babaya, ombak, lan prahara,

mesthi tulus kang sinedya, gisik ing sampurna,
anger tansah tan suwala mring sagung pangrèhnya,
temah sembada widada, kalis sing rubéda.

Ref.:

Ayo disetya tulung tinulung tunggal sedya,
karya anèng Sang Pamarta ngantos salaminya.

- 2) Greja prasasat baita nèng tengah samodra
Kristus kang dadya panutan enering lampahnya.
manuta pandoming lampah, nggih sabdaning Allah,
nyingkirna watu karang sengseming kadonyan,
mrih tan nemahi cilaka, kèrem ing samodra,
temahan tan bisa dadi seksi kang sembada.

Ref.:

8. PANDONGA SAFAAT

- Nyuwun supados umat tekun lan setya ndherek Gusti Yésus. Tetep nggadhahi pangajeng-ajeng wonten ing Gusti.
- Ndongakaken patunggilan supados dados papan samidéné nyantosakaken satunggal lan satunggalipun.
- Sangkul-sinangkul ngrembakakaken peparing-peparing ingkang sampun kaparingaken déning Gusti.
- Lan sanèsipun jumbuh kaliyan kawontenan.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 339:1-2 “IBA DÈNNYA MBINGAHAKEN”

- 1) Iba dènnya mbingahaken, yèn ing sajagad wrata,
kaadilan dèn agungken, binabar anèng donya.

Reff.:

Srama sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus.
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih rahmat.

- 2) Iba dènnya nengsemaken, yen manungsa sabumi
marsudi tentrem - rahajeng, mbabarken sihing Gusti.

Reff.:

